

**FAITH THE HUMBLE
GIRL
BY
LYNN**



CELL - - +263735737609

Copyright © 2017 ByLYNN

All rights reserved.

No part of this publication may be reproduced, or transmitted, in any form, or by any means, without the prior written permission of the author

Sharing and lending of this book by any means is strictly prohibited. Sharing will result in imprisonment if caught.

OTHER NOVELS WHICH INCLUDE :

LOCADIA
MY WISH

PASINA IWE

MY MARRIAGE

DIARY OF KELLY

SECRET BETWEEN

KO NDINEI HANGU

NDAITI NDAWANIKWAWO

RUTENDO/ACKNOWLEDGEMENTS

*kutanga ndinoda kutenda musiki anova iye mupi
wenjere nezivo makaita zvenyu mwari naichochi
chipo ndinotenda.*

Inspired by brother Andy [THE AUTHOR OF NHAMO]

*Wadzie, Mai Chichie, Tadie, Pledge, Mai Zinc & Edson
Makagona zvenyu hama vadikanwi makamira neni
pabasa iri muri shamwari dzerwendo dzizere nerudo
ropafadzwai zvenyu munodadisa.*

*Vateveri [fans]vedu vese vatinavo kumaWhatsapp
groups edu ose handigoni kukutendai ndimi makaita
kuti basa ireri rienderere mberi itirwai nyasha
nedenga.*

*Lord our God continue to bless you
and your families. Once again I love
you all..... Enjoy this book*

CHAPTER ONE.

"Mai Faith mukadzi wangu .Hona kusekwa kwatakaitwa nenyika. Hurombo huripano unoti tochawanawo anotibatsira kubva munhamo iyi.Hona mwana wedu Faith uyu zai regondo redu.Chikoro chake ishasha chaiyo asi anomuendesa mberi nechikoro Hapana.Tichangofa tiri vemaricho isu,dzaiva nyaya pakati pevabereki vangu.Ndega ndainyatsoona kuti vabereki vangu varikutambura.Ndaive ndakagara seri kwemba ivo vagere pazasi pemumango zvavo.Ndakaterera nyaya dzavo.

Ndakaona kuti nyaya dzanyararwa zvadzo but pfungwa hadzina kuzorora .Vabereki vangu vaitambudzika kwazvo kuti ndiwane zvakanaka uye ndizosimudza musha wavo.Ndakabva ndasimuka chinyararire kwave kuenda kunoita maricho ekunhinga donje pane umwe musha..Ndakasvika kwave kunditambira zvakanaka .Ndaitozikanwa ndiri munhu wamaricho.Pamba pandakaenda paizikanwa nikurimwa cotton zvimbi .Kunhonga 50kg vaipa \$3Saka APA ndaifanira kutoshanda zvine simba.Ndakapiwa munda wangu wekunonga donje ndokutangana naro basa.Vabereki havana kumboziva kuti

ndaendepi ndairwadziwa kana vatanga
kutura nyaya dzavo
dzekutambura.Ndakanhonga masaga angu
3edonje.Ndokubva ndapiwa mari yangu
\$9/kwave kuenda kumba.Apa nzara yanga
yandikaurisa.Ndichisvika ndakawana mama
vakaita kugara pakati pechivanze vakabata
musoro.Ndakasvika ndokuvabata vachibva
vatovhunduka.

Mama ko nhai Faith unobvepi uye
wanga waendepi.

.

Me.... am sorry mama ndangiti
handingateereri nyaya dzenyu nababa
ndikati regai hangu ndiende Ku.aricho

kwavaSarati uko .Ndanhonga donje mama
ndikapiwa mari iyi \$9.onai
zvamungashandisa...

APA ndainge ndotoyeredza zvimisodzi
kwete kuti ndainzwa kuti ndatadza but
.zvingova vabereki vangu
zvairwadza.Ndakasimuka pavari ndotoona
kuti misodzi yangu yaita manyawi.Ndakaita
basa shoma ranga rasara ndikutanga
kugadzira zvekubika.

INI ndiri musikana akanaka
kwazvo.Ndakazvarwa ndiri one mumba me

vabereki vangu. Baba namai Dube .Vabereki
vangu handizivi kuti nhamo yavo vakatanga
kubva kare here kana kutibzvakauya
nekukura. Zvese ndaisavw nebasa nazvo
shungu ndaida kuzoshandudzawo
pamusha. Ndaive ndanyora A'level yangu
nemari yemaricho iyoyo Mari yekuti
ndiendewo kucollage ndiyo yainetsa. Nguva
yangu zhi ji ndeyekugara ndoga .Uye kuti
ndikaona vanorwa kana kutukana
ndonorandutsura. Kupfeka kwangu
kwakatsiga kwete kunovhundutsa
vanhu. Ndichiri kuchikoro headmaster ndivo
Vakatanga nekundidana vachiti *FAITH THE
HUMBLE GIRL* kusvikira zcbvangozara
kumusha mumaraini. Ndiwo wainge

wangova mudaniro.Makore ndainge ndave
19.. Okuberekekwa.

Tapedza kubika takabva taenda kunorara
zvedu .Chpkumirira painge pasina taigona
kuzonzwa nzara tikashaya chokuzodya.Ini
ndaivata muneimwe round yaive pakati
zura.Baba namai vaive ku-round yaive
kumacheto then kitchen
kwekutanga.Ndichipinda mumagudza
mangu ndakatanga ndanamata .

*Mwari ndinouya pamberi penyu
munedzino nguva.Ndiri mwana wenyu
ndinochema kudairwa.Zarurai upenyu
kwakanaka mberi kwangu.Ropafadzai

vabereki vangu nepfuma
yakaringana.Chivatai nesu usiku huno
mugomuka nesu. Amen*

Ndakabva ndatovata hope
dzeumambo.Ndakazomuka kwatochena
zvangu ndaida kuti ndigoenda ndonononga
donje kuya.Ndakaita basa rese raidiwa
pamba.Chandaisada kuona vabereki vangu
vachitambudzika.Ndakapinda munzira
kononga cotton yangu.zvezuva iri
ndakanhonga 4 ..Ndaive ndave kuziva
manje.Ndakabva ndadzokera
kumba.ndokunopa mai mari
yangu.Hanaivaudzira zvokuitabnemari
changu kwaive kuvapa ndoti vaone
zvokuita ,vingabatsirika.Chaindishamisa

taigona kurova vhiki tichidya zvisina mafuta
asi ndichinyatsoziva kuti mari ndakashanda.

Rimwe zuva ndichibva kumvura ndakasvika
Pamba pakamira mota mbiri.Ndakatadza
kutiziva kuti vainge vari vanani.Uye nguva
yese iyi tichitambura vaivepi voda kuzouya
nhasi ndogona kuita maricho.Ndakasvika
zvangu kwave kutura mugomo
wemvura.Ndakakwazisa vanhu vese vaive
mumba umu.Ndakazogara pedyo namai
vangu ndokuona kuti maziso akatsvuka
kunge munhu achema
kwenguva.Hazvaibvunzika mune vanhu
ndakangonyararawo.Ndakati ndapedza kuti
makadii makadii ndokusimuka sezvo

ndaiziva kuti mune vakuru
hamugarwi.Ndatove padoor ndakadzosa
kuchinzi vaenzi ndevangu.Ndakavhunduka
neshoko randakaudzwa zvokuti
ndakamboita nguva ndakamira
padoor.Ndakatendeuka zvisoma
nezvisoma ndokunogara pasi..Ko dzungu
kana kuda kuonekwa ndaive
ndisina.Ndagara kudero handina shoko
randakataura ndakamirira kunzwa
kwavari.Kana vari sababa vangu vainge
vakanyarara zvavo kuti zii..Pakasimuka
umwe mukadzi wandakaramba ndakatarisa
zvikandishamisa.Hpanana kana chainge
chakasiyana neni kana one kusiya
kweage .Mai vairatidza kuti vainge vava

kuzvi 45years uko.Vakasimuka kwave kutanga kuombera maoko avo.

INI ndini ndinoitwa mai Mutusva .Ndini tete zvako hazvanzi yababa vako. Ndini mukuru mukuzvrwa kotevera ivo kozouya umwe akashya.Ndaona kuti zvakushamisa kwazvo mwana wehazvanzi yangu.Vandauya navo avo.Vanin'ina vekwandakaroorwa vati vanoda umwe wekuroora kuridzi rwedu saka ndauya hangu kuzokutora uwane murume.

Vakabva vanyarara zvavo vachida minhunduro kwandiri.Moziva munhu akaita wenhamo Chero nekufungurwa unenge wotoitirwa.Hameno kuti vanhu vanenge vachiti nhamo yacho yauya ikagara

mubrain here.Takaita nguva vagere pasina adaira.Ndine mubvunzo wandaida mhinduro ndisati ndadaira wekuroorwa zvangu.Ndakabva ndatosimuka kwave kuuchira maoko angu..

MeNdakamuka ndafunga madizova nokuti mabva muchitoziva zvamuri kufambira.Nyaya henyu haina kuipa kwazvo asi ndoda kumbobvunza tete vangu kuti kubva ndizvarwe handina kumbokuonai vaivepi uye muchiita nezvei.

Tete ummmm long story haidi mune vaenzi vedu ava.

Vakabva vavhara vhara nyaya yavo
ndokumirira mhinduro inobva
kwandiri.Ndakataura nazvo zvakanaka
zvisina kana ukasha .Tete ndivo vakada
kumboita noise kusada kunzwisisa
chaiko.APA munhu wavainge vauya naye
vachiti murume wangu pedyo nababa
vangu vekundizvara chaivo. Ndakatofara
ndanzwa iye achidavira kuti haaaaa
ndafunga kuti moreva munhu wakura
kwazvo ndofira mujere nazvo izvi.Nyaya
haina kuzotaurwa ikaenda mberi.Tete vaid
kutovhiringa upenyu hwangu
chaizvo.Havana kuda zvekuzovata maybe
dzaive nyadzi.Vaenda Ndakasara
Ndakabvunza baba pamusoro
patete.Havana zvavakataura zvakawanda

ndakaona kuti zvava zvevakuru
zvisingafaniri kukwana isu
mukati.Ndakangozosiyana nazvo
ndokugadzira basa rangu.

Rimwe zuva ndakanzwa mai nababa
vachirangana zvokunditsvakira nzvimbo
Masvingo paPoly .Vaiti ivo mari yacho
yainge yokwana masimester
maviri.Ndakafara veduwe nezvandainzwa
Chero vainge vasati vasvitsa manzwi
kwandiri.Baba vakabva vabuda kwave kusra
ndichida kufeya mama but vakaramba
kutura.Ndakazama but.
vakarambisa.Ndakabva pavari ndaita kunge
kakuramwa kaya.Ndichibuda chivanze

Ndakaona muokamana aimanya akananga pachivanze chedu. Achisvika akangiti ..mai zvako varipi ngavamanye nebhara ndiye ziiiiii.

CHAPTER TWO

Rakavava basa kudira mvura mukomana uya. Zvino taive tongohuta .Nyaya chaiyo payaive tainge tisati tapanzwa munhu kwave kutofenda Ati bhara. Zvino togoziva

kana raive rekunosenga grocery. Akazoti
paper a chinguva kwave kuti bhebhenu
zvake. Akangobvunza kune bhara kwave
kumunongedzera kwave kumanya naro
. Takaita semapenzi tichitwvera sure
kwake. Takamanya veduwe apa tainge
topinda nemusango chaimo . Chedu
kwaingove kutevera. Akasvika painge
pakarara baba vangu . Zvino vainge
vofemera kure kwazvo . Akangoti varumwa
nenyoka iya inonzi rovambira. Mama
vachingonzwa izvo vachiti pasi dhii
. Takavabatirana vese toisa
mubhara. Ndakabvisa baba trouse ravange
vakapfeka ndokusiya vane
kashort. Ndakasunga Ku. ucheto kwebhara
kwave kutanga kukweva umwe

achisunda.Vanhu vaviri Sandi kurema
kwavanoita.Tisina kure kwatasvika mama
vakaita kuuruka vachibuda mubhara.Dzaiita
kunge njere dzavo dzave kumhanya
bani.Ndakavabata ruoko kwave kutaura
zvakanaka navo. Ndakaona vobura speed
Hameno kwaiendwa vakadzokera
musango.Vakatibata tisna kana kure
kwatasvika.Vakatira baba ndokuisa
mazhinja avainge vanawo paya
parumwa.Amwe mazhizha Ndakaona oiswa
mumuromo.Mamwe vaikwiza pasi
pwtsoka.Vapedza ndakanzwa vave kutura
femo..Vakabva vatanga kufamba zvakanaka
manje wave kuona kuti munhu ave kufunga
zvakanaka.Vakatisiya tichisunda baba
vachibva vati ndomboenda kodana vamwe

Sekuru vanoziwa mishonga kwazvo. Takaita kuchinjana kusvika tasvika pamba. But wainyatsoona kuti uturu huri kunoungana panzvimbo one. kushoka chaiko. Ndiko kwainge kosviba kumuviri kuchisara zvakanaka. Kunyange hazvo munhu wacho anga asingatauri achingogomera. Hatina kumboita nguva yakareba tigere mama vainge vasvika nasekuru vaya. Vakarumbidza chaizvo munhu atanga kubata basa. Vakazoita zvavakaita but vakati tofanira kuenda navo kuchipatara kana tichida but zvanga zvanaka. Takangozigara navo tichimirira kupora kwavo. Havana kuitawo mavhiki yakawanda bodo vakabva vapura. Sekuru ivavo vakabva Tapiwa \$100/namama hanzi vasaver upenyu

vanokodzera mari yese iyoyo. Handina chandakasvora ndakatofarawo kuti vabereki vangu vave pamwe chete.

Takatanga kufara semazuva ose. Vabereki vangu chavaikoshesa kunyanya nhau inonzi ya Mwari. Ummmm... Ipapo chaive chipo chavakazvurwa vainacho. Rimwe zuva ndokuzoti ndajavarairwa zvangu mama ndokunditi geza ndoda kuenda mutown newe. Ndakamboti kuda kutamba ndokutoona kuti vari SRS. Ndakageza geza kwave kubuda. Kumba taibva kwa Madya zvedu. Takakwira zvimota takananga pagrowth point. Kkkkkkkk vanzwa ndichiti town mafungei. Ndiyo yautove town yedu iyoyo bcz taikuenda kanwe panwedzi

mina..Takapinda mashop ehembe vachiti
ndisarudze dzandikwana .Ndaityira
chikwama chevabereki vangu .Ndaksarudza
hembe dzaive dzemari irinani .Tapedza
ndakatengerwa mabook hobho nezvimwe
zvakanwanda plus kamornach kandakaisa
hembe dzangu .Takadzokera kumba zvedu
hapana zvandakaudzwa but ndakaziva kuti
hakuna Imwe nyaya ndave kutoenda
kuchikoro..

Ndakagara pamba kwevhiki but handina
kuda kumboita semwana asina kukwana
kana kuudza hana yake kuti dzikama.Rimwe
zuva ndokuzonzwa manheru ndodanwa
mumba.Ndakaudzwa kuti ndigadzire nokuti
ndoda kuendeswa kwavatete Mutusva

kogara navo.Ndaive mwana akarairwa asina dzungu .Ndakangoti ehoi ndichitoenda kunogadzirira rwendo rwangu. Ndakavata ndaneta nokurongedza .Uku mama vaive busy kwavowo.Ndakavata zviya zvekukanganwa zviya .Ndakazoita Ku.umutswa namama vapedza zvese kare ngoro yaive yakazara zvinhu yatova panze.Ndajageza kwave kupfeka hembe dzangu.Ndakapinda maiva nevabereku vangu kuti ndionekane navo..

Babamwanangu kwawave kuenda hakuna vabereki.Urikuenda kuchikoro Masvingo kunodzidza .Asi shoko guru rangu nderekuti Zita rako ngarirege

kuchinja waveko woona zvoitwa nevamwe
vasikana.INI baba z

vako pano ndoziva uchinzi *FAITH THE
HUMBLE GIRL*..... . . .ndokumbirisa
usanochinja hunhu hwako.Pano pamba
handidi mwana asina baba ndapota.Ndine
mbuuva yako yandoda kuti udye pese
paunenge uri. Ooooo bible iri ..Mbuva
yehupenyu ndatwnda.

Ndajasvimha misodzi ndichionekana nababa
vangu.Mashoko avaitaura ainge
anehudzamu.kwazvo.Bibke ndakafara
ndaripiwa zvokwadi yaive mbuva

pakanaka .Ndakabva ndapinda mungoro
muya mama ndaienda navo kuti vagosiya
ndawana pekugara pakanaka.

Takapinda mungoro hedu ichichairwa
nemukomana ainge atsvakwa
namama.Takasvika pagrowth point pedu
paChivi kwave kutsvaka mota
dzeMasvingo.Ndakakwira ndokunanga
murank.Takatsvaka pekusiya hembe dzedu
kwave kutanga kufamba tichibvunza
dzimba.Zvokwadi kutambura
kwakaoma.Dzimba dzakanetsa kuwana
kusvika tanzi imbofambirai side
rekuRujeko.Takapinda .uRujeko A
.Takatsvaka dzimba kwave kunetsa
kuwana.INI ndainge ndaneta asi handipo

pandaizogara mama vachindibatsira .Tave kutobuda muRuheko A .Takaenda pane Rimwe jurawall.Ndimu matakasvika nokuwna imba.APA handina kana mari yandainhe ndambopiwa .Yese yaiva nemuridzi wayo.Chero nzvimbo ndaitoshaya kuti yainge yakatsvakwa zvariini.Vakabhadhara zvese magetsi nemvura in advance .Takbava tadzokera kunotora zvinhu zvedu kurank.Tichidzoka tichioinda muggedhe riya ndiye dhuma dhuma nevakoma vatatu nemusikna one.But waitoona kuti mufambiro wavo Vanhu vacho vakasiyana nzendo.Takapinda medu muroom kwave kutanga kurongedza rongedza .Takazopinda mutown ndokutengerwa two plate stove

yecango.Hanzi handidi zvezvunhu
zvinongozofa ngofa.Handina kana
chandaipikisa .Mama ndivo vakatotenga
zvipkug zvaidiwa vachibva vabatidza kwave
kubika .Zvese zvaive mumaziso angu.

Me...nhai mama imi zvemagetsi
makadzidziswa nani nenhamo yekwaMadya
iyo iya .

Mama....zvaunoona upenyu
hwakadai hwakaoma Vabereki vangu vane
imba kwasisk uko muno mutown
chaimo.Baba vako vakange varigarden boy
ndokubva tadanana .Ndokuita mimba yako

tichibva tadzingwa tese .Nanhasi baba vako
havana kuzowana mari yetsvakirai kuno asi
ndovada zvakaoma kuderu.Uye vabereki
vangu ndoziva vanondida asi vanodawo
svimari zvisihoma.Zvichanaka hako hapana
kana chandisingazivi muno saka waona
ndichingoita zvinhu zvangu ndisinganyanyi
kubvunza.

Me..... Ho000

APA ndainge ndapererwa chaiko.Kukura
kwese handina kumboziva kuti baba vangu
namai vangu ndihwo upenyu hwavo.Ko ivo

vabereki vamama vanotsamwira mwana
kusvika pakadero shuwa...Apa ndainge
ndotozvitongesa ndega hangu.Chikafu
vachipedza kubika tichibva tadya.Vakatanga
kundidzidzisa kubika nemagetsi ko Ndizvo
zvega zvandaive nazvo
panguva.Vakandivimbisa kuti panext term
ndinenge ndave nelaptop yangu ndichiita
zvodiwa.Takazovata hedu zvakanaka
.Tichimuka mama Vakaenda kogeza INI
ndokuteverawo.Zuva rekuenda kuchikoro
paitova nemazuva
matatu.chaiwo.Takambopinda mutown
zvakare vachindiratidza nzvimbo.Tiri
mutown ndakasangana nevakomana vaya
vatatu ndikavaziva .Ivo kwave kutouya patiri
namama kwave kuita nyaya.

Am John ..and this tall guy is Peter.and this
one akatsvuka kudarika tese anonzi
James.Togara pamba pamapinda tiri vana
vechikoro vepaPoly.

Mama..... . . . OK maitabasa vanangu ini
ndonzi mai Dube kana maiFaith...Uyu ndiye
Faith wacho muchange muri mese.

Haaaaa pakafariwa zvokuti vana vanga
vakasununguka ivavo.Takabva tatotanga
kufamba tese namai vedu. Anga anzi ndiye

James's wacho ummmm aitoratidza
kunakirwa nelife.Hameno nyaya dzake
dzaibvepi zvokuti takasvika pakudzokera
kumba tisingazivi.Tichisvika kwainge
kwatosviba takangozorwa nekubika kuti
tiwane kuvata. Ndainge ndisingakanganwi
mbuva yangu.Ndakatora Bible rangu kwave
kutanga kuverenga
ndokuzonamata.Ndakanzwawo kuti
muroom meboys muri kurohwa prayer
chamvari.Chero mama ndakanzwa voti
ummm vana ava varambe vakadaro
vachiziva kunamata.Takazivata hedu kusvika
kwaedza.Mama vakamuka vachigadzira
zvekuenda Vakati vachivhura door kuti
vabude ndiye

CHAPTER THREE

Mama vakati vave kuda kubuda ndokuona kuti padoor pakamira munhu but havana kuona kuti ndiani Vakadzoka kumasure kwave kupfugama ndokutanga kunamata .Ndakatoshaya kuti chii munhu amabonamata vachiti Tave kubuda ave kudzokorora munamato .Ndakasiya zvakadaro kusvika vapedza.Vachipedza ndipo vakarairidza kuti mwanangu vanhu vaugere nazvo pano usavimba kana neumwe zvake makeys ako gara nawo.Munhu anga akamira padoor Handina kuona kuti ndiani asi hazvina kundifadza.Paunoouya kumba ndipo

uchawana tatsvaka fon yekuti tigogona
kutura tese.. Ndakaenda ndokusiya
ndakwidza mama makomby aienda
kumba.ndokudzoka zvangu.Ndichisvika
pagedhe ndakaona uya musikana
wandakamboona .Takamhoresana tikaita
nyaya .Aive akasununguka kwazvo .Zita rake
ainzi Trish Mashoko.Takapinda mumba
Ndakapinda mumba zvedu ndokugadzira
zvekubika .Tichipedza kudya kwakabva
kwauya boys dziya .Haaa Takaita Nyaya tiri
panze kunge tave nemakore
tichizivana.Zuva rezvikoro rakazosvika
ndokuenda kuchikoro.INI. ndaita accounts..
Trish waita cutting and disgning.. Vamwe
boys avo ndaisave neshungu dzwkuziva
zvavanoita ..Takaenda kuchikoro kwedu tiri

chikwata ..bcz tainge towirirana
zvokuti..Zvidzidzo zvedu zvaifaya
kwazvo.Kana Tave panze panaTrish ndipo
pawaiwana ndiri nechikwata cheboys redu.

Rimwe zuva tisina kuenda kuchikoro
ndakapinda mumba maTrish ndokuwana
mune mabhodhoro edoro
zvikandishamisa .Ndakabvunza kana
achimwa akaramba hanzi ndearaPeter
ndiye anonwa .Handina hangu kupikisa
nokuti ndaisaziva zvakawanda.Takaita
nyaya dzedu ndokuzogadzira
zvekubika.Ndainyatsoona kuti vamwe
vainge vakabva kumhuri dzine mari
nemushandisiro wacho.Isu vana Faith

taitoita zvekubata zvakanaka.Ushamwari
hwedu neboys iri hwakasvika pakukora
muto zvekuita fanika mukoma
nehazvanzi ..Takasvika pakuvhara kuenda
kumusha tikavimbisana kudzoka ukama
hedu hwakadaro.Ndichisvika kumba
ndakawana vabereki vangu vaine
mufaro.Vakanditambira zvakanaka
zvabdakafarira.Vakati vave kubvunza
maverse andakaverenga ndikanzwisisa
handina kana kukakamira ndokuti ndaitoita
nekuda kwababa vangu.Vakagara
nokuteerera kwangu ndokubva ndapiwa
kafon kangu kandainge
ndatengerwa.Ndakatanga kubaya baya
.Kusvika ndazovata ndakadaro..Pamba
nevabereki vangu painakidza kugara.

Ndaitoda kuti mazuva ekuvhura atinonoke kufamba ndigowana kumbofara nevabereki vangu.Zvinhamo tainge tazvijaira saka ndausacheuka kuti kunyika kunei zvangu..

Rimwe zuva mama vakamuka vachirwara zvaitotyisa.Ndakatoshaya kuti chirwere rudzii chinobata munhu usiku zvekutadza kufema.kudero.Takasunga ngoro ndokuenda navo kuchipatara..Takasvika vachifema zvaityisa veduwe.Ndainge ndongonamata kuti vararame havo pane kuti ndisare ndisina mai.Vakatorwa ndokuenda navo mukati .Baba vakazodanwa kupinda but INI ndakaramba kufara panze.Ndaitoda kuonawo mai vangu .Tichipinda mukati takagara

pamachair a tainge tapiwa..Ndakaona nurse
vosekerera vakatarisa baba..

Nurse ndimi here murume
wemukadzi uyu arere apa.

Baba Hongu ndini.

Nurse. ko sei musina
mufaro.Ndinoti makororkoto mudzimai
wenyu ane pamuviri pane mwedzi
mishanu..

Ndakaona baba vangu vo hunduka
chaizvo..Aaaaa vakaita nguva vakagara pasi
vari zii .Ndakatozogura munyararo
ndichitaura nababa .Vakatanga kuratidza
kufara .Ndakaona kuti hakuna chimwe
change chafungwa pamusoro pachu kusiya
kwenhamo yavaive nayo
pamba.Takazodzokera hedu kumba but
mama vakanzi vasamboita basa rinorema
bcz mimba ingabva.Muroad Nyaya dzakaita
shoma.Takasvika kumba ndokubika
.Ndakatanga kuda kuzama kuita ,vinozoita
kuti baba vangu vasara vachisuffer
nebasa .Pakazoti paper a mazuva ndokuona
kuti nyaya dzatove kutoitwa pamba.Mazuva
angu akasvika ndichibva ndadzokera .

Ndichisvika ndakatambirwa naTrish achiti ainge atove nevhiki auya.Takaenda kumba dzichingova nyaya veduwe. Tainge tatosuwana chaizvo .Boys rainge rasvukawo musi umwe chete .Ndakaona kuti mabasa efon aya.Vanhu vanenge vachifonerana kuti wadi wadi..

Kuchikoro kwainge konakidza chaizvo zvekutokanganwa kuti ndinofanira kudya mbuva yangu zuva nezuva..Ndaive ndoita ndichivaraidzwa nevamwe .

Rimwe zuva Ndakamuka ndichinzwa kuneta ndikashaya kuti chii .Ndakatotadza kana

kuenda kuchikoro .Vamwe vakadzoka
kuchikoro ndakangovata. Takapinda
muroom mangu vese ndokutanga kunamata
.Ndakabikirwa chikafu ndo kudya
.Ndakatanga kunzwa zviru nani .Apa chaive
cherwere chandainzwa kana kuziva .Boys
dzakabuda kwave kuuya ne2 I drink
refanta .Ndakanwa ndichifara hangu
ndokubva tatovata.Ndakavata zvokusaziva
kuti ndiripi.Ndakaita kuvhunduka chifon
changu charinger
.Ndakanginavira.ndokudavira .Ndichibaya
fon ndakanzwa kuti pane kasharp pain
kakadavirira .Ndakangozvisiya ndokutanga
kutura nababa vainge vafona .

?????

Baba. . . hallo mwanangu .Ukati
kuchikoro ikoko kwakanaka here.

Me eeee baba kungoti miviri yangu
yakaneta kubva zuro ndakatotadza kuenda
kuchikoro.but nhasi ndinoenda..

Baba. Ummmm namata
mwanangu hope dzandakarota hadzina
kumira zvakanaka.

Baba vakazokata fona yavo but
ndainyatsonzwa kuti nyama dzangu
dzorwadza.Ndakati regai ndisimuke
ndinogeza ndokunzwa kutanga
ndorwadziwa pakati

pemakumbo.Ndakaramba ndichizama
ndokuona kuti zviru kurwadza.Ndakatarisa
pamachira pandainge ndivete ndokuona
kuti pakaipa.Ndakatanga kuibongomora
mhere ndichizvibonderedza.Vamwe vangu
vakazouya ndokutanga kubvunzana .
Ndakazonzwa mai vemba yataigara voti
hakuna period yakadai asi kuti Faith aka
..

Chapter four

Ummmm hakuna period unorwadza pakati
pemakumbo.Iwe Faith wanga usina
mukomana waunodanana naye here.?

Vaingotaura zvavo vega ndaive ndongochema .And zveshuwa ndakatanga kufungira something bcz ndaisave mustva wekuenda kumwedzi. Ndakasimuka ndichida kubatira ndichibva ndadonha.Handina kuzosvika pasi Ndakabva ndagamhiwa naJames.Ndakamira vamwe vose ndokudzingwa naLandlady wedu.Takasara takati ini naTrish naivo.Kwave kunditarisa .Zvavakataura vapedza kunditarisa zvakandifendesa.Ndaive ndabviswa umhandara.Ndakasimuka mumba mave nevanhu .Boys rese raivamo pamwe naTrish.Nguva yandakamuka ndainzwa

kuneta ndakagar zvakanaka ndine
zvandaida kutaura .

Me Kunemi boys rese riri muno
hakuna here akurirwa nemuedzo
akandibata ndakarara. Kana aripo its better
titaaurirane mune zvakanaka.

Pakaita chinguva chakareba kwazvo pasina
adavira.Vakatanga kubvunza pachavo
vachidzungudza musoro.Hapana akatenda
mhosva ndokubva ndaita benzi.Shuwa
zvakaoma kubviswa humhandara usiku
uvete wotadza kana kuziva kuti
ndiani..Ndipo ndakaona kuti upenyu

hwangu hwafambiwa
naSatan.Ndakayeredza misodzi.ndokutanga
kutura zvaive pamoyo..

Me ndinotenda nekuvimbika
kwenyu hama dzangu.Asi kana kune
akandibata aripo pakati penyu achararama
upenyu hunovava kusvikira azodzoka back
kwandiri achikumbira sorry ..Ndatenda.

Ndakabva ndabuda mumba ndichisiya
vanhu vagere zvavo.Ndakafamba
ndichidzira nekurank .Ndaida
kwandaisazikanwa nevanhu.Ndakafamba
zvangu ndisina kana hanya.Ndakambogara

muzasi memagamu emuDhefu
Dhefu.Ndaida kuti zvarara ndigozviwisira
mumvura hangu.Kwakati kwasviba
ndokusimuka ndokufamba ndichienda koita
basa rangu.Ndakanyatsoona kuti hapana
kana munhu achafamba .Ndakakwira
pamusoro pesimbi dzaive dzakavakirirwa
ndokusvetukira mumvura.Ndakatanga
kunwa zvikapu ndiri mumvura.Ndave
kunzwa kuti simba handichina uku ndiko
kwave kuoneka nyika ndakabva ndanzwa
kubatwa ruoko .Ndakakweverwa panze
ndokunotanga kurohwa dumbu rainge
razara mvura.Ndakatanga kurutsa mvura
iya.Ndakasimudzwa kwave kuendeswa
mumba.Handina kumbitarisa zviso nekuti
simba chairo ndainge ndisina.Ndakabikirwa

zviusvusvu kwave kudya. Ndakapiwa
pekurara ndokubva ndarara .Nguva
yandakazomuka ndainge ndave kunzwa zviru
nani.Ndakamuka kwave kugara handina
kana one wandakamhoresa aive mumba
umu .Ndaive neshungu dzakawandisa kuti
vazondibatsirei dai varega ndafira
mumvura.Vasati vatanga kutaura neni
vakarova prayer yekuti ndakapedzisira
ndoyeredza misodzi chaiyo.Vachipedza
Ndakatanga kuita sebenzi
ndichireurura.Havana chavakazobvunza
nokuti ndainge ndatorotomoka kare.

Him. .. . Kunyange upenyu hukarema sei
ndinoda kuti ushinge.Variko vakazvarirwa
kurwadzisa vamwe asi usakundwa naSatan

iwe uchigona kunamata kudero.Look you are too young.innocent and humble.

Ndakatanga kunzwisisa kuti upenyu hwoenda nepi.Handidi hangu kunyepa ndaknyatsodzidziswa ndikanzwa..Ndikatotsidza kuti ukandiona ndafunga mweya wekuzviuraya ndinenge ndave kutopenga njere.Vakazondiperekedza kumba vakati ndisawana wandichaudza kuti ndiwo mweya wandange ndafunga .Ndichisvika Ndakaita kunge zvinhu zvese zvaive right.Ndakapinda mumba mangu ndokurara..Ndipo ndakatanga kuti baba vangu vafona bachibvunza kana ndichisimba.Ndangodaira zviya zvekuti

vasabatikana but ndaitonyatsonzwa kuti hazvina kumira zvakanaka .Ndakabatwa nehope ndo hingopishana nadzo pfungwa .Ndakamuka ndokugeza ndokuenda kuchikoro.

Mazuva angu ekuchikoro ainge asiyana neakare .Zvamunoona shamwari idzi dzakaipa.dzimwe dzakanaka.Kuchikoro Hapana ainge asisazvizivi kuti ndajabviswa umhandara nemunhu wandidingazive .Trish ainge apapadza nenyika achitaura zita rangu .Chero ini mukifamba semasahwira zvainge zvachinja.Boys rega ndiro risina kuchinja.Takatowedzera kuseka chandakaona vaida kuti stress yangu iite shoma.Rimwe zuva pakauya umwe

musikana pandainge ndigere zvikanzi *Faith the humble girl* turned into *Faith the bitch girl* veduweee hauchemi asi kuti unotosekerera zvako.Ndakaziva kuti hakuna umwe amutuma kunze kwaTrish.Ndakazvitora senyaya isina basa .Muupenyu ndakadzidza kuti usatendera munhu kuti ashande nenjere dzako.Regga ataure zvaanoda kana kuita zvaanoda but iwe dzidza nekuona zvaanoda . Ndakadana musikana uya ave kuenda ndokumubvunza zvangu kuti wakambofirwa nevabereki here.

Her yes kwakanaka here.

Meyes ..want to know kuti
pavakafa vese vakafa firo Imwe chete here.

Her No. Daddy ndivo vakangodonha
kubasa mama ndivo vakarwara .

Me yaaa that's life .Munhu
nemunhu zvaanoronga handizvo
zvinoitika .achienda hako kwawanga uri.

Akabva pandiri ave kufamba Semunhu
anorwara.Handina zvandinge ndaresva
kubvunza but kuda kuonesana upenyu
chete.Vanhu vazhinji vasingazivi tsumo iya

inonzi seka urema wafa.Urema hunoturwa
ndehwekusangana nahwo usingadi usina
tarisiro.Uye usina zvakashata pazviri.Kureva
kuti aremara nekuba hausu urema
ihwohwo.Munhu anotosekwa mangwana
haabi.Manje zvangu waitotadza kuziva kuti
ndainge ndaresvera ani chaiye. Zuva
rakavira ndisinganzwi kutambanuka chaiko
muropa rangu.Ndakazoenda kumba hangu
but Trish ainge ave kutondibuda

Mazuva akafamba kwazvo upenyu
huchiendeka kwazvo .Zvakazoti mazuva
ekuenda kumba akwana
ndoenda.Ndakaenda zvangu ndichifarira
kunoona vabereki vangu.Asi ndaishaya kuti

ndinotanga kuvaudza ndichiti chii.Zvese
zvaindidya moyo but ndaishaya
pekutangira.Ndakazongofunga kusiya nyaya
yacho yakadaro .Ndakatambirwa nemufaro
zvangu .Nhumbu yaamai vangu yainge
yakura yatova pedyo nekuponewa
chaiko.Baba vainge vaakushanda zvekufa
kurikutsvaka preparation yafuture.Pamba
paktanga kunakidza tese tainge tatarisira
kuuya kwemwana .Rimwe zuva ndabva
kuhuni ndainyatosnzwa kutsva
kusingatsananguriki ndichibva ndadonha
.Ndakatanga kupera simba Chero
rekufamba kana kumuka pandaive
.Ndakasimudzwa ndokuiswa mugoro
toenda kuchipatara .Ndichirapiwa

nxakaitwa matest ese .Ndakazonzwa baba
vodanwa ndokubvunzwa.

Nurse. Is this your daughter .??

Babayes she is .

Nurse mwana wenyu ane.

End of chapter 04/.

CHAPTER FIVE

Ndakaita kufenda pandakanzwa nurse achiti ndine pamuviri pane mwedzi mitatu. Hamaweee zvakangooma hazvo apa baba vemwana hauzivi .Ndiani aizozvigamuchira kuti I was raped. Vakati ko wakadii kuisa nyaya kumapurisa kana uchiziva kuti zvokwadi wakarepewa. Nguva yandakazopepuka ndakawana baba vangu vasisimo .Nurse ndiye akazouya pedyo neni totaura .

Nurse. Ko baba vako vabuda vachimanya muno asi wanga usati waroorwa here nhai chiramu.

Me yes □ □ □ □ □

Nurse. Ko zvirizvakaitika kuti
uxobata pamuviri nhaiwe.

Ndakarondedzera nurse uya chokwadi
chese chakaitika. Akazvigamuchira kwave
kundisimbisa .Kuti upenyu hwagara
hunorema. Unogona kudemba kuti mwana
ndakrepewa handitozivi baba vayo

zvikatenge nani pane anoziva baba vayo asi
asina rugare mukurarama
kwake.Ndakatanga kubata dumbu rangu
ndichipuruzira zvangu .Ndainge ndotoona
kukura kwese muri mandiri. Ndakapiwa
mari nanurse vaya.Hanzi mashoko ataurwa
nababa vako vachibuda muno kumba
hakuna chimuko.Mari yebhazi kana
zvanetsa wotsvaka basa.Usafunga mweya
wekuzviuraya upenyu hwakanaka huriko
mberi chero zvikanonoka sei asi Zuva
Denga ririko rinoona zvichaita
hazvo.Ndakasekerera hangu kwave kubuda
muchipatara ndokuenda
kumba.Ndirimuroad ndaifunga zano rekuita
kuti ndisvike pamba vangondibvumidza
kuvata havo.Ndakakaruka ndasvika

ndisingaoni ndiri mukati
mendangariro.Ndakawana mama
vachitosuka maplates vakaita kugara
pamusoro pebucket.Ndakasvika
ndichikweva makumbo zvekutotya zviya..

Mama.titambire nhai amamoyo
vangu.Ko mabudiswa sei miviri isina
kusimba.

Me Yasimba mama kungoti chete
ndaneta ndabva netsoka kuchipatara.Ko
baba vari kupi.

Mama. aaaa zviripi nhai baba vako
kubva zvavabva ikoko vangouya nekupinda
mumachira hanzi ndorwara handidi kana
zvekumutswa .Handina kuwana nguva
yekutovabvunza kuti kwanzu chii
kuchipatara.

Itondiudzai vamamoyo.

Moziva ndakapererwa zvokushaya
simba.Ndakaramba ndakamira mama
vachingotaura vega .Ndakangozokwanisa
kuvanyepera kuti ndanzi imalaria ndaida
vazoudzwa na daddy kana vaserera Bp
yavo.Ndakapinda mumba mangu
ndokutanga kuchema.Ko panyika

ndakatadzei zvokusangana nemuedzo
mukuru wakaita seuyu.Ndakachema
kusvika pakubatirwa nehope
ndichichema .Ndakazomutswa namama voti
chikafu chaita asi kuchidya kwacho
kwainetsa .Chida ndichinyatsoziva kuti
baba vangu vakavata nestress yekuti
vonyarira papi nemunhu aingozikanwa
achinzi *HUMBLE* .Zvino ndezvipi zvavave
kuitirwa muraini. Ndakangoti nyobvo
nyobvo ndokusiya zvakadaro.Mama
vakazama kutonyengerdza vachiti munhu
anonwa mapills.Ndakaramba ndichiti
ndatokwana zvangu kwave kutoenda
kunovata .Kuchiedza ndakamuka ndokuona
ndiro yaive yakaenda namama kuhozi
kwavo inechikafu chababa chikafu

chichingovamo chisina adya.Ndakapera
simba zvokushaya kana pekubata .Chero
mama mufaro wanga wapera manje
vasisanzwisis kuti chii chave kutora
nzvimbo.Mama pavakabuda vachienda
kumvura ndakazvipira kwave kupinda naive
nababa vangu .Ndakawana vakarara
vakatarisa mudenga vachiratidza kuti
havana kana hope zvayo.Ndakabva
ndagwadama mberi kwavo kwave kutanga
kutura ndichichema.

Mebaba ndiri Mwana wenyu
.Zvakaitika kwave kusada kwangu zveshuwa
mukomana handina mimba iyi haina
baba.Ndakatotarisira kuti imi muve baba
vedu tese. Ndokumbirawo mundinzwe

kuchema kwangu.Honai kuti zvamave kuita
mave kuuraya upenyu hwevanhu
vakawanda .Mama havachina nyaya panze
apa vakazvitamura .Muno imi hamusi
kutura munoita Bp.INI wacho ndakatarisira
kutambirwa asi hamuna chamuri
kutura.Tofa here musha wese nechinhu
chidoko.Baba ndokumbirawo tsitsi dzenyu
dzicheuke mhuri yenyu....

Ndichipedza kutaura ndakaona baba vangu
vanyirovedza machira ese
nemisodzi.Ndakavambundira ndokutanga
kuchema tese .Mama vakazobva kumvura
ndokuwana ari mariro chaiwo vakasvika
vachijoina vasati vanzwa nyaya.Ndiyo nguva

yavakakwanisa kubvunza
nezvekuchipatara .Ndakanzwa baba voti
ummm mwana wedu anzi ane Malaria
neAsthma . Ndakaona kuti baba havatodi
kuti mama vaive nekuda kwestate
yavaive .Ndakangozozama kunyepera
kunwa papuritsi enhema.Takagara mazuva
akwanda nababa vangu takavanzira mama
nyaya yemimba yangu.Asi hana yangu
yaugara ichingorova chaizvo kuti
ndozovaudza zvaita sei.

Rimwe zuva ndakaenda kumunda
ndichinotsvaka zvitsotso zvekubikisa
sadza.Ndiriko ndakanzwa mhere kumba
ndokudzokera ndichimanya .Ndakasvika

vari tete vangu vokuda kundiroodza
vachichema vari pamba hanzi ndapota
ndipei Faith anoroorwa ndainge ndadya
mari nevanhu saka chave chimoto
handichagoni kuidzoseka .Ndakangoseka
zvangu ndokudzokera kotsvaka tukuni
twangu..Ndakadzoka Pamba zvave
kutandanisana netyava nababa ndiko
kwakave kubva kwavo pamba pedu.Chero
nekudya Havana kudya .Baba vangu
vairatidza kubatikana nehunhu
hwehazvanzi yavo.Ndakangoti
ndezvavakuru izvi haungazviteedze.

Mazuva ekuenda kuchikoro akaswedera
.Ndaishaya kuti ndoenda kuchikoro kuya

vanhu vagoti kudai neni.Mama ndainge
ndisati ndavaudza kutaura ndisaenda yaive
nyaya hombe chaiyo.Rimwe zuva mama
vakamuka vachirwara ndokuendeswa
kuchipatara .Vakasvika ndokubatsirwa
nemwana wavo mukomana .Takafara tese
veduweee. Chero baba waiwona
nyemwerero kumeso kwavo. Mama
vakazobvunza kuti neyi ndisati ndave
kugadzira zvekuenda kuchikoro.Baba
vachibva vatoiparura nyaya
yacho.Ndakaona mukadzi mukuru achiita
kuyerera weti nemadzihwa nguva
Imwe.Ndaitoshaya kuti zvapindirana
nguvai .Havana havo kuzoita zvakaita baba
asi ndakaona kuti varwadziwa kwazvo
.Ndakazogara pamba zvekuchikoro ndainge

ndakanzura zvangu.Apa ndainge ndatovata
nemwedzi 6mimba yotoonekwa nevanhu
vose .Ndakati ndichibva kumvura umwe
musi. Ndajawisa mugomo wangu
nezvandakaona.Aive

CHAPTER SIX

Ndakavhunduka Veduwe endainge ndisina
Tarisiro yekuona Peter James
naJohn.Dumbu rangu ndiro randaida

vasatomboziva zvangu.Nguva yandakawisa
mugomo vese vakafamba vachiuya
kwandiri .Ndakaramba ndakamira .Kunyara
ndiko kwakauya pandiri .Shuwa kutonzi
Faith ane nhumbu here.Ndaingozvibvunza
mibvunzo isina
mhinduro.Ndakavamhoresa zvokushinga
chete.Ndakavapinza mumba apa
zvainyadzisa sei.Mai mwana
mucheche.Mwana nhumbu ummmm
zvaikunda ngoma kurira zvokwadi.Baba
vakazouya kubva kumaricho kwavaive
ndokupa maintro .My father was totally
differ from others.Vakatanga kutoita nyaya
zvandaisafungidzira chaiko.Ndaitoti vanhu
vachabva nekurohwa izvo kwaani.Nguva

dzakati dzafamba vakomana vakabva
vaoneka zvavo.

Baba. . . . Maita basa vana vangu
nerudo rwenyu.Uyu haachakwanisi kuuya
kuchikoro handiti Nyaya yacho Moziva
mese..Asi shoko guru randinaro.Kudzai
Jehovha Ku mazuva ake ose
panyika.Musashandiswa naSatan
sezvinoitwa nevamwe vanhu .Unoona
munhu achiti kana akatsvinyirwa unonzwa
oti Mwari wangu achakupanicha chete you
shall see .Mwari ndewe munhu wese
hakuna zvakadaro.Satan ndiye anoshandisa
vanhu wona sekuti minamoto yako
yadairwa munhu uya astiviwa
kwete.Sezvaka itika pana faith ndine shuviro

yekuti akazviita awedzerwe makore
akurarama panyika agozoonawana wake
vagovaka chimwe chete .Musabhejerana
zvakashata munoshandiswa naSatan
kabisira.Mudzidze zvakanaka vanangu bye
bye.

Boys. Ummm baba mashoko
makukutu ..maitabasa musare zvakanaka.

Ndakabva ndavabudisa gedhe voenda
zvavo.Pakudzoka ndaizvitongesa vainge
vaudziwa nani pandinogara zvangu
.Ndakasvika pamba ndisingambozivi
zvangu .Hakuna chinhu chakaoma serape

.Hama dzangu Chero vabereki
vakazvitambira sei asi mundangariro
hazvibvi..Ndiwo waive muraramiro
wangu .Baba vangu vaizama chose
pavaigona napo kuti ndisanyanye kufunga
asi zvaishaya basa..Ndainge ndakachekwa
nerakagomara nevagoni venyika.Mazuva
aifamba dumbu richingokura zvaro.Ndaive
ndave kunyara kufamba kune ndongoswera
mumba.Mazuva ekupona akasvika
zvihembe zvainge zvavapo
wena.Ndakaenda kuchipatara
ndakarwadziwa chaiko .Zuva rakavira
ndisina kana kubatsirwa
ndichingoyuwira.Ndaive ndongonzwa
manurse oti ngaaende kunoitwa
operation .Hana yangu yakatanga kurova

ndaingonzwa kuti aenda ikoko vashoma
vanomuka.Ndakatanga kunamata ndaitya
zvokuenda koche kwa.Ndakanamata kusvika
ndave kunzwa kuti apa Mwari
adaira.Handina kumbozoita nguva yakareba
ndokunzwa kumwe kurwadza kwakasiyana
nekwandainzwa.Ndakagomera ndisina
ktumwa ndikanzwa svati chabuda panze
chimwana.Ndakafara veduwe ndainge
ndapona mwana mukomana.Ngaafanane
neni ummmm zvaidadisa .Ndakazobuda
kuchipatara zuva raitevera racho .Ndakaita
kuzotorwa namama vainge vasiya Tapiwa
na baba .Takasvika kumba zvakanaka baba
vachifara veduwe hanzi Mwari andionawo
ndave nevana vatatu.Ndakafara nezvaitwa
nevabereki vangu.Ndakabva ndatongoti

baba vatumidze Zita remwana..Mwana wangu akabva anzi Mufaro.Ummm ndakatenda Mwari nekuva nevabereki vanerudo seava.Pamba painge ponakidza number yevanhu yainge yawedzera.Mazuva akafamba akaita makore mwana wangu ainge ave kutofamba.

Rimwe zuva ndakafunga zvekuenda kunotsvaka basa remumba chairo kana mushop muguta guru reHarare.Ndakapira vabereki pfungwa dzangu Havana kupikisana nazvo.Ndakatsvakirwa mari

yebhazi .Seizvineiwo kubata
kwaJehovha.Vamwe Sisi vangu vedivi
rekwababa munhuru vaigara Gweru
vakabva vafona vachiti pane paidiwa munhu
pamba anoshanda achidzokera.Ndakafara
Handina kurara zuva iroro ndichigadzirira
kuenda.Ndakakwira zvimota zvangu
makuseni ndiye pagrowth point .Semunhu
akambopinda muMasvingo handaizopusa
.Ndakatsvaka makomby akanyorwa kunzi
Gweru ndokupinda.Kafon ndaive nako
kekufona kana ndasvika.Mota yedu
yakabva yaita breakdown tiri munzira
nechekuMhandamabwe chaiko.Takagara
kusvika kwasviba apa chifon chainge
chodzima nekuda kwemoto.Ndakaona zano
rekuchidzima ndigobatidza kana ndave

mutown chaimo ndigowana kubatana nasisi vangu .Takasimudzira rwendo redu pakapera mota kugadzirwa.

Ndaingonetsana naconductor kuti kana tave pedyo kusvika agondiudza .Ndakazoudzwa tave muShurugwi kwave kufona apa kwanga kwatove kuma7/.Hana yangu yaingorova chaizvo kuti dai ndachingoitirwa moyo wakanaka zvandiri wemunyama.Tapinda muGweru ndakbatidza fon iya kwave kufonera Sisi fon kwave kudairwa neumwe mukadzi.

??????

Me. Hallo Sisi ndave mutown mati ndokwira makomby anoti chii?

Sisi Hallo ndianiko wandiri
kutaura naye .

Me. Its me Faith Dube Sisi
makanganwa here ndichangobva kufona
manje manje wani.

Sisi ummmm wrong number dia
Zita iroro ritori idzva kwandiri.

Fon yakabva yakata kwete nemari bodo asi
moto chaiwo.Ndakagara pamusoro
pakabag kangu kandainge ndabva

nako.Ranga ratova dambudziko manje
.Wokunanga ndaive ndisina wokuudza
ndaive ndisina.Ndakaenda paTM PA
veranda kwave kuwaridza kachira kainge
katoiswa namama ndisingatodi futi.Hope
hadzina kana kuuya ndaifunga kuti shuwa
Sisi vangu vangofona kuzondiita benzi
Gweru her shuwa .Pave pakati peusiku
vanhu vave kufamba vashoma Ndakaona
munhu akasvika pandive kwave kutendeka
pfuti.Ndakanzi simuka usina kana shoko
kana kuda kutiza and pretend kunge tiri
tese pakufamba .Une uchitevera kwatinoda
kuenda newe.Takatanga kufamba
tichingoenda bag ndainge ndabatirwa
neumwe .Chemusi uyu
ndakachiona.Ndakafamba kwandaisaziva

kana kufungira hako kuti tapinda
mulacation here .Takati tasvika pane
inzvimbo ndokuwana pakamira mota
mbiri.Ndakapinzwa mune imwe yacho
mota ndokumutswa .Ndakaona hezvo
zvatinenge tave kudzokera mutown
.Ndonguva yandafunga kunamata iyoyo.

*Mwari baba ndinouya kwamuri mune
dzino nguva .Ndiri mwana wenyu ndinoziva
ndinotadza panyika asi ndinokumbirawo
tsitsi dzenyu dzinditakure dzive neni
munhamo nematambudziko.Zuva ranhasi
ndipeiwo simba Tenzi ndikunde vanhu
vandinavo kana ndakunda ndinoda kuzova
mushandiri wenyu kana
ndakakodzera.Amen* ndichingoti Amen fon
yeumwe wevarume vaya yakabva

yaringer.Ndakanzwa ave kungoti don't worry sir tave kusvika and am sure she is bcz she seems to be young .

Ndakaziva ndini ndainge ndotaurwa nezvake apa. Ndakagara ndakamirira kusvika kwandaidiwa .Mota yakafambiwa nayo ndokusvika pane rimwe gedhe pane ziimba zihombe.Takaburuka ndokupinda mumba.Ndakawana mune vamwe varume zvakare .Vachingondiona vachibva vatanga kusekerera wena.Umwe ndiye akatoti ngatitangei basa redu izvozvi. Handiti wati ari virgin kauyu.Saka tanga iwe.Haana kupedza kutaura zvaaida umwe anga ato.

CHAPTER SEVEN

Umwe ainge atotanga kundibata bata.Ndakatanga kurwisa ndichichema kuti vandisiye.Simba ndakasvika pakukurirwa achibva andibata chibharo.Paakaona kuti haasi kurara nemhandara akabva akasira kurega .Vamwe vake vakartanga kubvunza nei amira kuita basa rake.Ange asisagoni kutaura ave kukakamira apa achiita kunge ave kuda kudonha.Haana kumboita nguva akabva adonha pasi ndokutanga kupfinha pfinha .Varume vaya vakatanga kunetsana neni hanzi asi wanga usiri mhandara kai.Handina kukwanisa kutaura

nekuchema .Ndiudzei dai ndawanikwa ndiri
mhandara ndaitwa kafira mberi chaiko
varume vangani kuda kuchinjanisa munhu
one.Ndakaona vave busy kutora
zvimishonga zvavo vomwaya umwe
wavo.Akazomuka pave paya hake asi
angambozuziwa nerufu.Simba anga asisina
hake ndokuiswa mune Imwe room.Ini
ndakatorwa kwave kukandwa mune iwe
room yaive yakanaka kwazvo.Pamba apa
paitoratidza kuti hapagari vanhu kadzi
nepavarume chete.Usiku hwese ndakavata
ndichinamata ndichetenda Mwari
nekundichengeta kwainge aita .Zvokwadi
kubhinyiwa kwakaoma APA ndaitwa pasina
drug ndaizonzwa kurwadza
kwazvo.Kuchiedza ndakaita z ekumutswa

chaiko .Ndakapiwa zvekugezesa kwave
kugeza ndichipedza ndakapiwa mari shoma
ndokunzi ends kwawainda asi kungoti bufu
nezvedu unofira mahara.Ndakatenda
nemari kwave kubuda ndoenda.Wozoda
kubata kwaMwari kunodarika APA
sei.Ndakabvunza vanhu vandakaona
vachifamba ndokunzi hanzi konzi kuKopge
kwandaive .Ndakaudzwa kuti ndatove
pedyo kupinda mutown
.Ndakatitenderwa General hospital
ndikafara .Ndakafamba netsoka ndaida
kutoita budget nesvimari svandainge
ndapiwa.Ndichipinda mutown ndakatanga
kunzwa nzara yakaipa. Apa ndaive
mudambudziko saka ndaisanzwa
nzara.Zvino ndaive ndapukunyuka yainge

yobvunza mufaro.Ndakatarisa mari
yandainge ndapiwa ndokuwana iri \$3
.Kkkkkkkk ndakamboseka nhamo serugare
chaiko.Ndaizosvikepi nesvimari svishoma
svakadero.Ndakaenda pandakaona
panobikwa sadza ndokutenga ndokudya.
Apa ndipo pandakazviroya chaiko.Mufaro
ndainge ndamurumura zuva rekukwira
bhazi kwangu.Mazamu akatanga kuzvimba
nemukaka .Ndakatanga kusisa chaiko
ndainge ndorwasziwa nawo.Ndakafamba
ndichitsvaka basa remumba asi Hapana
chimuko chandakawana.Upenyu hwangu
ndaitoshaya kuti hunoda kuenda nepi
.Ndakaona kuti hwainge hwakangofanana
namaiPaul vemuna *my neighbour s
betrayal* .Dai ndakatonzi Anesu hazvanzi

yaPaul zvaive nani.Paripo paunodemba kufa
.Kuita wemunyama kusvika ufe.Ndakzoti
ndasvika pamwe pamba zuva rovira
.Ndakawana pane vana vakomana vaviri
.Umwe aitoratidza kuva mukuru kwandiri
nemakore Chero 7chaiwo .Kozouya akada
kuinzana neni.Ndakakumbira mvura
yekunwa kwave kupiwa .Ndapedza
ndakabvunza basa ndokunzi rirpo but
mama havapo.Ndakapinzwa mumba
ndokupiwa chikafu ndokudya .Moziva kudya
kwemombe yabva kusina uswa zvainoita
so.Ndoona sekuti kudya kwangu
kwakashamisa vana vaya nokuti Ndakaona
vachikwenyana one wavo kwave kuenda
katora chimwe.Ndakazochiramba nekuda
kwenyadzi .

Him My name is Thomas Moyo .I
am a doctor .This is my younger brother he
is an accountant .and he is 23 years old.Me I
am 30/.Momy and Daddy Vakaenda
kubznss trip kuChina .Wandoteverana naye
musikana ari kuUk kuchikoro.Togara takadai
pano pamba.

Me. Ok maitabasa henyu nerudo
rwenyu.

Apa ndakatanga kufunga kuti baba vangu
vakandiudza kuti chokwadi ndiwo
musimboti weupenyu .Kana uchida zvinhu
zvikufambire wototaura
chokwadi.Kamutarisirwo kandainge
ndakaitwa ndakaona kuti vaida kutonzwa
nezvangu.

Me my name is Faith Dube. I am
22/years old.mumba medu tiri
2/chete.Kumusha ndekeaChivi.Ndaive
kuchikoro paPoly and have been raped
ndokuita nhumbu.Nyakuzviita handimuzivi
bcz ndainge ndakaisirwa madrugs
.Ndakazotadza kupedza nenhau
yenhumbu.Ndapona ndakafonerwa nasisi
vangu vachiti kwaite basa but ndave muno

fon yavo yakudairwa neumwe munhu .ave
kuti wrong number.Madeko ndakarara
kumba kwematsotsi .One wavo
ndokundibata futi chibharo but
akazoregedza awana ndisiri mhandhara
maybe zvaitove zvekun'anga.

Ndakapedza kurondedzera nyaya yangu
munin'ina waThomas ave kuchema.Thomas
akabva asimuka kwave kundipa hug
.Ndakambofreezer ko zvaityisa ka it was my
first hug.Akatora ruoko rwangu kwave
kubata ndokutanga kufamba
neni.Akandipinza muroom maaiti ndimo
masisi vake variUk.Akatora zvimwe zvinhu
zvandisina kuziva.

Thomas... .am sorry ndakuita
zvisina mvumo yako but ndoda chakanaka
pauri.Ndave kumbotester ropa rako.

Ndakagutsirira musoro ko ndipo
ndicharamba ndaona vanhu vane moyo
wakanaka here.Apedza ndakambonzi sana
kurongedza hembe ndichimirira
maresults .Ndakazowanikwa ropa rangu
rakanaka. Ndakafara zvekubata denga
kani.Pamba pana Thomas painakidza kugara
veduwe .Kana ari saThomas aive nenyambo
dzakawanda ainhozobhowa kusawanukwa
pamba kwenguva yakareba nekuda
kwebasa rake.Mai nababa kana kudzoka
ndakangomirira Chero basa ndainge

ndariwana asi kana varidzi vemba varamba hapagariki.

Rimwe zuva ndasara ndega pamba .Ndapedza basa rese enda kogeza.Zvedu zvekufarisa kuti kana uri one unofamba wakamonera tauro.Ndichibuda mubath ndakaita mahwekwe naThomas achibva kubasa kwake.Takatarisana nemaziso enzara aya..Thomas ndakaona ajenga tumisodzi aksnditarisa .Kuti ndiende mberi waive miedzo kuti ndidzokere shure zvakare panga pakaoma.Ndakabva ndatsikitsira pasi ndokuti.

Me am sorry boss .Handina
kumboziva munouya nekukasira henyu am
sorry.

Him Ummmm eeee Ummmm OK

Ndakabva ndatendeuja kwave kudzokera
mubath zvakare.Ndakazoonamunhu ave
kuenda muroom kwake ndokubva
ndabuda.Ndakapfeka hembe dzangu
nokuzora mafuta andainge ndapiwa .Mu
mazuva mashoma ndainge ndachinja
zvandaitoona ndega kuti paita zvebabie
rodonhedza musika..Ndakabuda ndokuenda
kodisha chikafu kunaboss.Ndivo
vaizondihoresa ka Chero vabereki vaizouya

ndivo vaindipa maribboss
Thomas.Ndajagadzira food yangu .Nguva
yandakatendeuka Ndakawana Thomas
akanditarisa zvokuti ndakaputsa ndiro
nekutya.Ndakatanga kufunga Nyaya
yekubatwa chibharo ndiyo yakaita
ndiputse.Ndakatonga kunhongera zvibedu
zviya .Ndichisimudza musoro zvakare ndiye
dhuma naTrevor munununa
waThomas.Akabvabatanga kuseka zvake
hanzi gules mukatanga kuputsa ndiro
dzamai vasati vauya muchadii.Ndakapera
simba nemashoko aTrevor INI kuita guless
vake here.Ndakaenda kwave kunorasa
marara angu panze.Ndakapinda mumba
ndokuwana vana vanyamunhu
havamo.Ndakanzwa iri noise muroom

kwaTrevor ndokuendako.Zvokwadi
vaitukana chaiko.

Thomas Unoti ndomadiii marutsi
evanhu ini .Chinomuita kuti abhinyiwe
ndochiziva here ini nxaaa.

Trevorhaisi nyaya yekubinyiwa
blaz kkkkkk zuro maiti chiii ..heee I wonder
why this little , beauty , innocent and
humble girl she has been raped. And

Thomasand what Trevor if
wondering is a feeling I wish i

Trevor You wish what my brother
don't hide your feelings torwads Faith she a
good girl won't lie.

Thomasnxaaaaaa stupid
..crazy boy .Ndikunzwe futi next tyme.

Akabva abuda zvake .Ndainge ndatimanyira
pasofa kwave kutogara ndichichema .Shuwa
kunzi munhu anobhinyiwa zvoreva here kuti
hapana achandida ini kureva kuti hapana
anoda munhu asisisri mhandara.Misodzi
yaingiyerera ndakagara kudero.Ndakanzwa

kuti pane munhu agara pedyo neni kwave
kundipukuta misodzi .Ndakatsinzinyira
zvangu apa ruoko rwacho rwukati
kunakidzira.Ndakasimudza musoro ndave
kupuruzirwa gotsi rangu kunodai wanike
ndi.

CHAPTER EIGHT

Ndakawana ariTravor .Ndakaita kupera
simba asi semunhu aiva nesrtess dzake
handina kuda kumuvhizura.Akazosimuka
ndokundisiya ndakadaro asina kana shoko
raataura.Zuva rakasvika pakuvira ndisina

kana wandataudzana naye ndaitotyawo
zvangu ini vamurepiwa. Ave manheru
tapedza kudya ndakanzwa Thomas oti
mangwana ndoda kuti muno mumba
mutsvairwe zviya zvekurevesa
chaiko. Vabereki vangu varikudzoka . Umwe
moyo wakambofara chaizvo asi umwe hana
yairova kuti Zvino ndikasatambirwa
ndainanga kupi kwacho. Usiku ihwohwo
handina kuvata ndichida kukasira kumuka
kuti ndiite basa nenguva. Kuchingoedza
ndaive ndatotanga basa rangu. Kwave kuma
10 ndakaona vana nevanhu vobuda
vakarova smart .Ndakaita kunazvira
chaiko. Zvokusangana naThomas mumaziso
ndainge ndoty a kuudzwa kuti ndajrepiwa
Zvaaive ataura zvakandigara pamoyo

chaipo kuti dyoo.Ndakasara ndakarindira
ndiri panze kuitira huta..Kugeza ndanga
ndagezawo zvekwamberi kungoti hembe
ndidzo dzaive dzakashata .Kuda kwave
kuma12 ndipo ndakanzwa huta. Veduwe
zvaunoita kana uchisangana nemunhu
wausati wamboona unotanga kuita zviweti
chaizvo.Zvakati svati mupanty ndikumanya
kunovhura gedhe.Mota dzakapinda
dzakaderekedzana mbishi chaidzo .Dzaive
nhatu Ndaitoshaya kuti dzabvepi iko
kwabuda Imwe.pano.Vachiburuka mumota
ndakagwadama pasi ndichivamhoresa .Apa
USO ndaive ndakatsikitsira kuti
ndisaonekwa zvangu.Ndakanzwa
ndodhonzewa ruoko kuti ndisimuke.

Her. get up my daughter
.wakangofanana newangu ariUk.Tisimukire
apa utobata zvimwe zvinhu tipinde
mumba.

Ndakava nekufara muhana mangu.Uku
ndiko kunonzi kurangarirwa naJeso
zvaringana.Ndakatanga kubata zvinhu
tichipinza mumba .Zvaive zvakawanda kani
saka taitobata to se vana kusiya kwababa
namai.

Ndakati ndave padoor Ndichipinda
ndokudhumana naThomas .Zvandaive
Ndakabata zvichidonhera pasi.Ndakamanya
kunotoro ziso riri Kuna mai .Handina kuona

kuti pandaikotama ndichinhonga Thomas ainge atokotama kare.Takadhumana kumeso negotsi rake .Ndakabva ndatanga kubuda ropa mumhino .Akabva andibata ruoko kwave kuenda kunondigezesa ropa riya .Ndakanzwa kupopota ndokubva ndateerera zvaitaurwa namai vacho.

Heruchachinja riini Thomas hona wakura iwe.Saka unoti ruoko rwako rukajaira kurova munhukadzi unoivaka sei imba yako.

Thomas. .. .no mama handina kumbomurova asi kuti tabonderana chete am sorry.

Nyaya yacho yakabva yaganhurwa nababa vacho .Pahunhu nekuita Thomas ainge akafanana nababa vake .Trevor namai vake.Ndainge ndatozbiona nenguva diki diki .Takapedzisa kupinza zvinhu zvedu.Ndakatanga kudzidziswa kubika zvaifarirwa pamba APA.Nenjerre dzangu handina kumbononka kubata mumazuva maviri ndainge ndave shasha chaiyo.Mutemo ndainge ndaudzwa .Ndaifanira kuti mama ,daddy namukoma Thomas.Pamba painakidza kugara ipapo.Ndaive ndotoita kunge mwana wepo.Dai ndisina kubirwa fon yangu nemadusvura ndozivisa vabereki vangu kuti

ndakazofamba sei.Kunamata handina
kurega .Rimwe zuva baba namai vakbuda
ndokuenda zvavo hanzi Bulawayo kune
Imwe imba yatakatenga
ikoko.Vaitonogadzira zvekuti vagotanga
kugarako.Zvinotaive tasara tiri 3 pamba
paya .Trevor aitowanza zvake nyambo .Aive
munhu wekugara akafara. ZvaThomas
waitoshaya kuti zviripai chaizvo.Kuseka
kwake handina kumbogara ndakakuona but
smile .kai.Ndiko kwaive kubasa kwake
Mwana wevanhu.Nguva zhinji dzake dzaive
dzwpaApp kana votouta nyaya naTravor
kazhinji kutukana zvavo.Rimwe zuva
ndakapinda mumba ndichibva
kumashops .Ndakawana vana vevanhu
vakaita kudzvokorana neziso rekuti

panofiwa chete nhasi.Ndakambodarika
ndichishaya pekutangira bcz nyaya chaiyo
ndaisaiziva .Ndakapinda muroom mangu
ndokuita zvandaiita ndirimo .Ndakazonzwa
Thomas oti. _JUST TRY ME .YOU SHALL SEE
STUPID BOY_

TRAVOR _even you my brother.Why
always act like a fool.You are now a grown
up man but Yooo I can't explain how crazy
you are_

Thomas ndazokurova manje
Travor am your brother respect me.

Ndakanzwa kuvharwa kwedoor zvwhasha
ndikaziva kuti ndiThomas .Ndakabuda
hangu kwave kutanga kugadzira
zvekubika .Wekuita naye Nyaya musu uyu
ndaive ndisina zvandainge ndajaira
zviya.Ndakabika kwave kuzvipakurira hangu
ndega ndo kudya .Ndichipedza ndakanzwa
Thomas oti ko nei usina kundipa chikafu
ndirini ndokupa mari.Ndakavhunduka APA
SRS yaive yakamenywa
yaityisa.Ndakanotora chikafu chiya
ndokumuo ndokudya..Ndakazoenda
kunorara asi ndainzwa kubhoekana .Usiku
hwacho ndakarota pane mukadzi akauya
kwandiri achiti Thomas loves you but
munhu ane ronda Saka zvichatora nguva

kuti asvitse shoko don't act like a
fool.Ndakapepuka kuhope ndikashaya kuti
hope idzi dzare ei chaizvo.Nguva
dzekumuka dzainge dzatokwana zvadzo
.Ndakabva ndatomuka kuti ndibikre
vekubasa .Chishamiso Thomas akabuda
asina kana kudya .Ndakati mamukasei iye
kana kudaira zvake . Ndakangosiyana nazvo
ndokuita zvaTravor .Vese vaenda kubasa
ndakasara ndikagara zvangu panze
ndichigaya nhamo nevabereki vangu
.Ndakazopinda mumba ndoda mvura APA.
Kwainge kwava kuma 10makuseni
zvawo.Ndakazonwa kupi mvura
ndomanyira land yairatidza kuti yave
nenguva ichiringer.Ndakangofirira
kusimudza ndokuti hello

Thomasmumba medu hamusi
mekuitira chihure vahazvanzi.Kana mave
nehosha yevarume tokupai mari yebhazi
momboenda kumusha.

Kasira kuuya nechikafu muline rekwaOk
opposite econet ndipo pabasa pangu
ipapo.Ndoda kuona wauya .

Me. but handioazive kaini. Ndiri ndoda
kuona ani.

Thomas.wapiwa rudo rwonaka
zvekudii kusvika pakukanganwa kuti
surname yangu Ndiani .bye am waiting for
you.

Ndakagadzira chikafu chaidiwa kwave
Ku.anyira kuzvimota.Kunodai handina kana
cent Ndakataura nemuridzi wechimota
akandinzwisisa .Akabva atoti Trevor
ishamwari yangu ndiye achandipa
.Ndakafara Veduwe ndaive ndawana
munhu we kuziva anonyatsondisiya pabasa
chaipo.Ndakasvika pabasa paya kwave
kuraridzwa kuti apa. Ndakapinda mukati
ndokuona vasikana vakanaka zvekwamberi
varimo .Ndakabvunza kwave naThomas
ndokutendekerwa door rake .Ndakafamba
ndichienda .Ndakasvika ndokuvhura door
ndokuwana ari busy kukissana nemusikana
wake.Veduweeee chemusi uyu ndakademba

dai ndisina kuzvarwa .Ndakaudziwa magara
moyo chaiwo.Ndajangokwanisa kuisa
chikafu patable ndokubuda ndisina kana
zvandataurq.Ndichisvika panze yainge yave
hondo yekuenda kumba mari ndaive
ndisina ndichiti ndonoiwabira
mberi.Ndakatanga kufamba netsoka
.Ndaiziva kuti ndonanga kupi here
manje.Ndakaona zano riri rekugara pakona
yandaiona ichifamba nemota dzakawanda
ndaiziva kuti one of them achandiona
achibva kubasa .

CHAPTER 9

Ndakawna ari Peter one of the guys
vandaive navo kuPoly.Akaramba akamisa
mota muroad akangonditarisa .Pachikwadi
kuchinja ndaive ndaita kunge
murungu.Akabva akanganwa kuti
akadzvirira dzimwe mota.

Peterhessy Faith ko urikuitei pano
paroad.

Me ummm ndarasika hangu pane
munhu wandoda kutaimira hangu kana
oenda kumba kwake ndopindawo mumota
muya.

Akabva atobururka kwave kuuya pandaive
obata ruoko kwave kutopinda
mukati. Handina kuda kuita zvenharo
ndakatonogarawo bhoo bhoo. Mota
yakadriviwa ndione aaaa tadarika mashops
andaisitenga chingwa. Hatina kunyanya
kufamba tichienda mberi Takabva takona
pamwe pamba .Ndakasvika ndokubikirwa
ndokudya. Peter aiti imba yakasiwa
nevabereki vake saka anogara hake
nemukoma wake .Wangu waingova
munyama chaiwo .Wekusvika panzvimbo
panongova nevanhurume chete
chete. Ndakatopiwa room Imwe yainzi
ndeyevaenzi .Musi uyu ndakarara hope
dzakanaka but kumba kwana Thomas
kwave mberi chaizvo. Makuseni ndakamuka

Ndakaita basa repamba.Ndaida kuti kana vangoenda Ku mabasa avo INI ndobuda zvangu ndonotsvaka pamba panaThomas.Wandaida kunoona ndiThomas .Ndainzwa kumerera chaiko kana ndakamutarisa .Ndaitoonawo kuti zvandainzwa anenge aizvinzwawo bcz Ziso rake sometimes ndaitombokaruka ndadonha pasi.Sezvineiwo zvandaida handizvo zvakaitika Peter akabva aswera pamba achitoti haisati apedza zvidzidzo zvake .Saka aitove pazororor hake.Takaswera tichiita nyaya sevanhu vaizivana kubva kare .But pane pamwe paindibata kwazvo.Taiti kana tikati taure taure wonzwa Peter oti asi bbie ka ..Ndikamutarisa aibva atarisawo kusize.

Mekuda kwe

Handina kuzopedza zvandaida kutaura .Fon yake yakabva yaringer .Akasuduruka pandaive kwave kufamba achidaira kure nini. Ndakangozoonamunhu ave kufamba achitobuda gedhe .Ndakasara ndikasimuka kwave kupinda mumaroom avo vese namukoma wacho.Ndakatanga memukoma wake .Mumba maive junk imomo.Apa aitoratidza kuti munhu anosvuta madrugs chaiye .Kunhuwa kwamaiita waisapindamo ruviri.Ndakabudamo kwave kuenda

maPeter .It was very very smart .Ndoshaya
kuti aitadza neiwo kutsvairira mukoma
wake .Ndakatanga kuvhenda pese
pese.Ndakaenda pasi pemubhedha
ndokuona kabag kaivemo.Ndakakweva
kwave kuvhura mukati .Ndichingobata
album yaivemo Ndakanzwa door
rekudiining kuvhura ndichibva ndamanya
kudzosera panzvimbo..Apa chodokwa
dokwa chekuda kuona zvaive
mukati.Ndakabuda kwave kumanyira
mutoilet.Ndakanzwa kuvhurwa kwedoor
rake ndikaziva kuti ndimo maatanga
kupinda .Ndakzobuda ndoenda kunogara
mudinning hangu .Akazouya kwave kuti
vanaFaith monyepera kuve humble pano
mubedroom .mangu wanga

uchideimo.Ndakaramba ndakanyarara
kunge ndisina kunzwa kuti pane zvataurwa
Akasvika pakudzokorora ndipo
ndakazomuudza kuti ndapinda ndichida
kuvhara window panga paita mhelo
yakawanda.Nyaya yacho haina
kumbozoenda mberi zvayo.Ndakabvunza
kuti wazobuda usina kuoneka wanga
uchimanyirepi.Akangoti pane shamwari
yake inamukoma vasiri kudya chikafu bcz of
the maid akangoenda asina kuoneka
.Ndakatoseka ndikati inga vanhu vanirwara
shuwa kuda maid kusvika pakutadza kudya
here.Takatozoita dzimwe Nyaya kusvika
kwasviba .Takqbika umwe usavi umwe
sadza.Kana ari saPeter ndaitomuona
sebrother yangu.Tichipedza ndokuenda

kodyira mudinning taida kuona TV
hedu.Tichingogara pasi pakabva paita knock
padoor.Yedu yeruzivo iyi Ndakasimuka
kwave kuenda kunovhura door.Ndakabva
ndasundidzirwa kwave kunowira pasofa
nepaziso.Ndakanzwa dzungu richiita kuti
tiba kumeso kwangu.Ndakati tatara
ndichida kuzama kumuka .Ndakabva
ndabatwa huro kwave kunogadzikwa
pasofa.Ndakaita kudonhedza weti
zvekurohwa ndaizvitya hangu.

Herndiwe ani iwe unganditorera
murume wangu .Shuwa munhu angati
andipa nhumbu ozosenda marabishi e
massage vachiti awana umwe.Kutadza

kuuya kumba kwaita mazuva ano heya
ndiwe hako.

Me.pliz inzwa pane nyaya Peter is
just my brother zvose zvaunotaura
habditombozvizivi ini..

Her whats your name heee isn't
you Faith ..look at this message.

Aitotaura achibudisa fon yake mutrouse
rainge akapfeka.Ndakamboti pamwe
kutamba asi zvandakaona simba Takaita

shoma . I am sorry to say this Memory.Its now over ndakawana wangu wandaitsvaka makore ose anokodzerana neni.As for now nditori kugara naye anonzi Faith.

Massage yakabva yaperera yakadero .Chero iye akazviona kuti ndaperera simba kwave kutanga kundibinha.Peter ainge akamira akatarisa .Ndakazoti ndaona kuti ndingafira mahara kwave kumhanya seri kwaPeter ndichitsvaka yamuro.Ndipo paakarova Peter zenya rekuti rakabudira nekuseri kwangu.Akabva asundidzirwa panze.

Peter.Memory don't come back here .Yes this is my wife Faith ndokudiii iwe

hure munhu ane mwana
wake.Wakarambwa nemurume nekuda
kwechihure nxaana

Akadero achirovera door.Zvino ndainge
ndasigara pasofa ndakatsikitsira misodzi
ichiita kuyerera.Ndaive ndisina kana shoko
haro randingagona kutaura.Ndaida kuti iye
anditange ndipo ndaizodenura ruyo
rwangu.

Peter. am soory Faith
ndakangoshandisa Zita rako .Munhu uyu
wandinetsa kuramba .Ihure ndaisaiziva kuti
akarambwa nemurume nekuda kwechihure
.Ndakazobiziva pave paya .Am sorry .

Chero kutaura zvaaida haana kupedza fon
yake yakabva yarira. Akadavira aripandiri
musi uyu

zvikatondishamisa..Munhunaitaurwa naye
aingo vharwa vharwa hanzi ndouya don't
worry .So far handisi paden but

ndichingosvika ndotouya kumba usauya
hako pamba bcz ungabaiwa nekumirira

.Yakabva yakata achitomanya manya

kunopfeka. Akabva asiya fon yake coffee

table. Pakabva papinda massage moziva

basa remaLumia imi ..Pane massage yakanzi

from Trevor..... Pliz come home fast

Zvimwe hazvina kuzobuda zvese ndaive

ndonzvengwa nemashoko. Trevor airehwa

Ndakashaya kuti ndiani. But hana yangu

yairova kwazvo.Paakadzoka Ndakabvunza
kuti Trevor uyu ndiani ndokuti
ndi

CHAPTER TEN

Nhai Peter ko uyu Trevor ndeupi chaiye..

Apa ndipo ndakaita sebenzi kubvunza
Munhu aisadaira.Akabva atobuda achiti
ndodzoka manje manje.Ndakasara
ndakatsamwa ,hakuna chinhu chinobhowa

sekuti unobvunza munhu onyepera
kumanya manya. Ndakasara ndikati chiregai
ndopedzisa kuona zvinhu zviya .Ndakapinda
muroom maPeter ndokuwana oder
rachinjiwa zvinhu zviya zvachunjiwa
nzvimbo.Ndakagara zvandichishaya kuti
ndodii.Peter ndandisisadi kugara naye
ndanyatsinzwa kuti Thomas ndiye chete
airehwa kuti haasi kudya bcz of the maid
angoenda asina kutaura.Ndakagaya zano
kuti ndimbobuda nepadurawall .Ndakazama
kukwira asi aive makata.Ndakatorega
ndaona kuti ndingakuvara
zvangu.Ndakadzokera mumba kwave
kunorara zvezuva iri zvaitove worse
ndainzwa kuti urwere huri kuwedzera

mandiri sekutamba.Ndakabatirwa nehope
nditimukati mekufunga.

*iwe mhani rega kudaro .Upenyu hwangu
honorwadza kuva munhu wekungorepewa
here shuwa.Usadaro pliz pliz ndisiye
.Ndainetsana nemunhu Aive achida
kundibata chibharo.Nguva yese aive akaviga
face yake nechimask chiya.Ndakachibvuta
kwave kusara akapfeka chimwe .Akaramba
achindirwisa kusvika ave kuda kundibata
.Ndakaona adonhera pasi.Ndakaona kuti
arohwa but munhu wakamurova ndaisaona
chiso chake.Ndakamuka kwave kumanya
ndichinovanda seri kwake. Ndakanzwa oti
mwanangu ustya hapana chakaipa
chichakuwira .Pandakasimudza musoro
ndichitsvaka chiso ndokuona chichipenya

kwazvo.Ndakatanga kuchema.*

Nguva yese iyi ndairota

henyu.Ndakazopepuka ndaita kudirwa

mbama kumeso.Ndawana ari mukoma

waPeter.

HimI hate vanhu vakarepwa

kugara navo pamba pangu.Nguva yese

yaunovata unongorora uchida kubhinywa

.Kana kusiri kuda munin'ina wangu kudii

ikoko.Chii chinokuranbisa wakagara pano

iwe hure. Now wave kumurambisa

nemusikana wake kwaye kwaye.

Peter. Stop brother. Hamunyari here kutuka munhu asina mhosva nemi. Chaatadza izvezvi chii chaizvo. Hamuregi mweya wake ukazororawo nerugare here nhai. Simuka hako Faith unobika udye.

Ndakafara pandakanzi simuka unobika. Ndakaziva kuti kupinda kwaita Peter ndekwekumhanya anzwa noise mumba bcz mukoma wacho ausagona kutaurira pasi. Ndakasimuka kwave kupfeka zvitenesi zvandainge ndakatengerwa naPeter. Ndave padoor ndakanzwa Peter

oudza mukoma wake hanzi aniwee is about to die bcz of the maid. Handina kuda kuita basa nazvo kwave kufamba ndichienda Ndakasvika mukitchen kwave kugudubudza zvipoto ndichigadzira kubika. Ndakanzwa noise yanyanya vanhu vave kutukana ndikati chance given. Ndakabuda kwave kuvhura gedhe ndiye Hutu. Apa ndaita zvekumanya kuti chero zvoda kutevera havaimbofa vakandibata zvachose . Handina kuona mota yaiuya kwandiri ndokunowira mukati mayo. Ndakanzwa kuti ndasimudzwa asi ropa kubuda zvaro. Ndakasvika kuchipatara ndokutanga kurapwa . Ndaive ndisina zvangu kunyanya kukuvara hangu . Murume uya aingohuta huta hake but ndaive ndichinzwa zvirinani. Ndakagara

muchipatara kwemazuva anokwana kuita
mana kwave kuzobuda hangu. Kwekuenda
kwakazikanwa naniko nhai. Ndakabva
ndaona kuti kunyara hakubatsiri ndichibva
ndatoudza murume uya kuti handina kana
kwekuenda .Haana kuramba kuenda
neni .Mota yakarohwa yakananga kumba
INI ndigere zvangu kumashure..Ndakanzwa
ndave kunzi buruka .Handina kunzwa
kuvhurwa kwegedhe ndakangoona tave
mukati.Ndakaburuka hangu ndo
kutambirwa neumwe mukadzi. Akanaka
kwazvo .Ndakatoona kuti moyo wake
wainge wakanaka .

Him. this is the girl wandaitaura
nezvake kuti ndakatsika that day .Saka
azobuda muchipatara nhasi.Haana kana
kumba kwekugara hake .

Her. OK daddy ..Ingq zvaatori
musikana akanaka kwazvo.

Ndajatoseka hangu.Kune vamwe vakadzi
vqnogona kurumbidza vamwe vakadzi
zvisina godo mukati shuwa .Ndakapinda
mumba kwave kupiwa chikafu nemusikana
qebasa .Zvaitoratidza kuti mhuri iyi
yakakwana yakadero.Ndakatanga kutsvaka

basa chero haro remushop kuti ndiwane
kubatsirika ndimbodzokera kumusha.
Ndakawanirwa basa pane kamwe kashop
kwave kutanga hangu kushanda.

Rimwe zuva ndakabva kubasa kwangu
zvakanaka naka..Ndakafunga kumbotsvaka
kahembe kangu kakanaka
naka.Ndakapinda mushop iya ndokutanga
kubata bata hembe dziya.Ndakaona
dzakashata kwazvo kwave kubuda .Ndisina
kana kure kwandasvika ndakanzwa
ndodaniwa .Ndakadzokera mukati kwave
kunzi vhurai chibhegi chenyu.Ndakavhura
zvenharo ndaive ndisina hangu. Veduwe
hameno muvengi anga angondifungirawo

zvakashata kuderu.Mubag mangu mainge
makaiswa kaskirt kemari
chaiko.Ndakatomboita nguva yakareba
ndakatarisa zvichitondishamisa.
Ndakangonzwa ndaridzwa mbama
.Ndakatatarika ndichinowira pane umwe
mukadzi .Akasvika achindikava mudumbu
ndichibva ndarutsa ropa.Ndakatanga
kunuzwa dzungu chairo simba rakaita shoma.

Hermukana kufamba neumbavha
mutown munofa mhai. Uko kusanyara
kunyepera kunge munhu kwaye ipapa.

Apa aitayra achindirova futi.Ndaive ndave kunzwa kuti vakaramba vachirova seizvi kutofa kuri nani.Ndakazama kutaura kuti zveshuwa Handina kuba but havana kana kuzvinzwa.Mukati nevanhu ava ndakanzwa voice randakaziva Ndakasimudza musoro wanike ndi

CHAPTER ELEVEN

Ndakasimudza musoro wanike ndiMemory.Aaaa ko zvandainge ndatovata

nemuvengi mutown. Akabva atotanga
kutura achiuya kwandiri. Ndakatanga
kuhuta ndichifunga mbama
yaakambondidira mumba mana
Peter. Akasara osvika pandaive weti yabuda
kare. Zvese zvakaitika ndakaziva kuti inhema
Memory aiita deal nevanhu vemushop
kwave kundiisira hembe muhand bag
mangu .Nguva yaakasvika pandaive vanhu
vakatanga kusuduruka vachidzokera
kumashure .Waunginzwa am sorry boss
..Munhu uyu aba saka tamurova .Wauya
yaingove boss. Ndikaziva kuti munhu uyu
kana asiri manager zvoreva kuti myridzi we
boutique yandaive ndapinda. Akasvika
ndokundibata nehuro kwave
kundisumudza. Ndichisumudzwa mudenga

neorder richi vhovhonyoka muura .Ndakaita
kuzadza panzvimbo yandaive iyoyo
.Ndakapiwa mope kwave kutanga
kukorobha tsvina iya .Ndichipedza
ndakaenda pane imwe toilet
yandakaraticidzwa kwave kuchinja
ndichizvipukuta .Ndapedza pasuro yangu
ndakaisa mupaperbag ndokubuda
.Ndakasvika ndichipinzwa .mumota tichibva
tatoenda kwandaisaziva .Hatina hedu
kutora nguva taive tasvika pamba
pacho.Gedhe rakavhurwa ndokupinda
mukati .Zvokwadi Memory aiva nemoyo
wakashata.Murume mukuru aiva pagedhe
aiita kuvata pasi nedumbu achiswedza boss
wake .Ndakaona kuti pano ndipo
panotambwa Muchongovoyo weuranda

.Ndakaramba ndiri zii zvangu kunge munhu asipo .Ndakaita kukwevewa ndichisundidzirwa mumba.Semunhu aive nesimba shoma ndakasvika ndichinovera zvakaipa.Ndakamboti zii ndakadaro.Ndakazomutswa nemvura yakawanda ichidirwa mu.uviri wangu.Ukarohwa zvakanyanya unenguva yaunotomboita simba chero rekuda kurwisa chaiko ndizvo zvandainge ndinzwa..Ndakaedza kusimuka ndichibva ndakwanisa kumira hangu.Kwave kundibata ruoko rangu ndichienda neni muimba yemukati ndakasundidzirwa ndichinowira patub .Ndakaona tub ratsvuka ropa kuti piriviri .Simba rangu rakatanga kupera zvishoma nezvishoma.Ropa tainge rabuda

range rawanda kwazvo .Ndakangokwanisa
kuvhura mvura ndigere mukati.Zvekuti pane
tauro randapiwa handina
kumbozvitsvaga.Apa tsvina yandainge
ndambozviitira yaitoda kuti
ndinyatsogeza.Ndakazodrena mvura yaive
mutub ndokuramba zvangu ndigere
mukati.Ndakatanga kuchema ndofunga
mwana wangu nevabereki vangu.Shuwa
here ndosvika pakuda kufa ndisina kana
kumbovaona here.Ndakatanga kuimba
ndirimo zvinyoror nyoro dzikane ndave
kutodaodzira zvangu.Ndakangozonzwa
munhu ave kupopota. Kana wapedza
kugeza kasira kubuda units nyaudza
.Ndakabuda kwave kupfeka zvihembe
zvandakapiwa .Ndakasvika maaive akagara

ndikawana native neumwe musikana
aingobata bata makumbo aMemory. Aiti
akaregedza makumbo aya omboenda
pamafudzi Oita seave kutekenyedza kusvika
abata nevhudzi chairo.

Memory Eeee ambuya simukai
mutange kundiimbira nziyo ndiwane kuvata
ndikunzwa hope.

Me ndo imba nziyo ipi yacho.

Memory chero yawaimba asi
ichi

*Memory ! Memory !Memory where are
you .Please come out!*

Raive inzwi raidanidzira richibva
panze.Memory akabudisa meso kunge
rume ramedza bhutsu yemwana pamariro
achiti inyama.Akasimuka seari kutinhwa
achibva andibata ruoko.Akafamba neni
kwave kubuda mumba chaimo nerimwe
door .Uya munhu haana kumira kudana
apa achitofamba kuuya mumba.Akanosvika
kwave kubaya pamudhuri pachibva
pavhurika haikona mhani.Ndakapinzwa

mukati muya kwave kuvharirwa
imomo.Chero ndaichema zverudzi rwupi
hakuna aigona kundinzwa zvake music
uyu .Akadzokera sare ndichingova
ndoga.Ndakafamba ndokusvika pasofa
raive rakanaka zvekwamberi kwave kuvata
ipapo.Hope dzichibva dzatondibawo zvangu
ndiri .umutefe tefe uyu..

*Iwe mwana waSteven enda kumba unoona
vabereki unoda kufira muno mutown
here .Kana waveko kumba ndoda ugare pasi
nevabereki vako ubvunze chiri kusakisa
munyama wose uyu vanochiziva. Asi kana
uchinge waudzwa handidi kuti utsamwe
nokuti*ndakaita kumuka
ndanzwa kunyorovera pagumbo

pangu.Ndakatarisa ndokuona kuti idzvinyu
zvaro raitozvifambira.Ndakabhoikana
haikona .Kundikonesa hope dzangu
shuwa.Ko iye ainge auya kuhope vachiti
mwana waSteven ndiani .Baba vangu Zita
ravo ndiJacob Dube. Mama vachinzi Mavis
Mapuranga .Saka Steven uyu
ndewepi.Kureva here kuti baba vangu vane
mazita maviri.Ko mari manje yekuenda
kumba.Chokwadi chandainzi ndoudzwa
nevabereki vangu ndechei .Aaaa zvinhu
zvacho zvave kunditenderedza musoro
hangu INI..Ndaingofunga ndega hangu ndiri
muimba yekunaka zvangu .Maitonakidza
kugara pane kugara ndichisundidzirwa
nekurihwa zvangu .Ndakatanga kufamba
mumba muya .Ndakapinda mune umwe

room yandakaona mukadzi akabata mwana
mucheche .Ndokuona rimwe pic rine
murume akabata mukadzi mafudzi ake.then
Mukadzi wacho ainge akabata mwana
aitoratidza kuva kuzvi6years chaiko.Ndave
kuda kudzosera macards aya hameno
chakandivhudzutsa kwave kumadonhedzera
pasi.Kwaingove kuvhunduka kwemunhu
arikubata zvinhu zvisiri zvake .Ndave
kunonga macards aya ndakawana kuseri
kwemacards wacho akanyorwa but
zvaisabuda zvakanaka.Ndakazama
kubatanidza asi zvakaramba .Paive
pakanyorwa seizvi S..... .en , M k n

Kuside raive nemunhukadzi kwaive
kwakatodzima chaiko.Rimwe racho raive

ne.mukadzi akabata kacheche raive rakanzi.

S. ra. D. ..b

Hana yangu yakatanga kurova chaizvo
ndichibva ndadzosera mapics aya
panzvimbo.Nguva iyoyo Ndakaona bvuri
kuti mvesu mberi kwangu.Ndakangosiya
zvakadaro ndichibva ndatanga kufamba
ndichienda mberi.Ndakasvika paiva
nerimwe box raive eakavharwa zvakana
chaizvo.I opened it yooo .Raive rakazara
nemari.Ndakaita chivindi chaicho apa.
Kwave kutora \$20/chete ndikuiviga.Ndaive
ndafunga kuenda kumba.Memory akazouya
pave paya zvake kwave kundibudisa
muya.Dai zvaive zvokuromba pamwe nyoka
yakatobuda .Ndakadzokera kuya ndo
kusvika ndichibika Ndakatoudzwa ndisati

ndatanga kuti ndikasabika zvonaka ndodya
ndega .Ndakabika nemazvo sekugona
kwandaitawo.Tichipedza kudya takabva
tarara kwainge kwasviba .Usiku hwacho
takamborara here nenoise yemunhu
aipipota ari panze .Voice racho ndakada kuri
fananidza neraPeter.Akazorega
nekusadaurwa ndokubva
azoendawo.Kuchiedza Memory akamuka
achifara veduwe .Zvakatondishamisa kuti
she devil vanombosekawo here
shuwa.Ndaiudzwa nyaya dzakawanda
dzwchihure chake .Pamwe ndaiseka but
pamwe ndaitonzwa tsitsi kuti shuwa here
mwana akanaka kudai
kuzvitambisa.Ndaingokwenya mhunho
nekasiyamwa kuti ndigone kutumwa kunze

kwegedhe haandioni futi. Sezvineiwo ave
masikati Ndakanzi enda unonditsvakira
mapills musoro wangu ukutema.Ndakapiwa
tym yekudzoka kana ndaenda.Ndakabuda
netsvina yangu Handina kutoratidza kuti
ndazvifarira. Ndave kunze kwegedhe
ndakangokwira chimota chopunda
mutown.Ndavemo Ndakabvunza
kunokwirirwa zvimota zvoenda kwachivi
.Ndini hoyo kucathedral.Ndakasvika
Ndichipinda mukomby yaive
yatizarawo.Komby ichisumudzwa
ndakanzwa *FAITH ! FAITH !FAITH YOU
CANT DO THIS TO ME!* Ndakadongorera
nepawindow bcz mota yainge
yotofamba .Ndakaona shura veduwe aive . .

.

CHAPTER TWELVE

AAAAAAAAAA Veduwe ainge ari Thomas. Apa aiita kusheedzera ari mumota yake. Kuonda kwainge aiita chero ave kunwa majuce card haasvike ipapo. Ndakatanga kunzwa tsitsi but there was no way yekuti ndiburuke .Ndaida kutoenda kumba chaizvo. Ndaive ndoita sekunge ndiri kudanwa chaiko

ipapo.Ndakatanga kufunga Thomas wangu
[?].Ropa rainge rotomanya haro ndiri kure
naye kuderu. Ndajadzimwa pfungwa
nenoise yainge yave mukomby.Vanhu
kupopota hanzi haaa vasikana vakadai
havadi vekuisa paden..Munhu achiita
kusheedzera kuderu munhu otadza
kuburuka kuona umwe wake.Umwe ndokuti
hiwe ndiwo manure emuno awa mari
yakatodyiwa kare.Ndainge ndakangoteerera
hangu vanhu vachiita nyaya dzavo.Dai
vaiziva kuti munhu wavanoderu haasi
kumupanda iwoyo vainyarara.Mota
yakarohwa tikafamba chaizvo kunopinda
mhandamabwe chaiko.Ndakabva
ndabatirwawo nehope ipapo .Mota
yakaziputika vhiri tichibva yatakugadzirwa

takangomira .Apa nguvabdzainge dzafamba mota dzokuzokwira kuti ndiende kumba dzaizonetsa.Ndaive ndongotya hangu .More ta yakazosimuka pave paya kwave kusvika pagrowth point kuma 5.pm.Ndakanotarisa muchikwama changu ndokuwana hamuna kana centbzvaro.Hameno ndaive ndabirwa nguvai.Ndakafunga kugurira ndonovata hangu ndavekwaMapuvire chaiko.Ndakapinda panzira ndokudida.Asi ndaiti ndikacheuka ndaiona mota yaifamba zvishoma zvishoma mumasure mangu . Ndakabva ndawedzera speed yangu kuti ndisabatwa .Apa kwaiwedzera kusviba .Ndakangoti ndichinoti pote pakona ndokuona vamwe vakomana vaininge vakagara munzira. Hana yangu yakatanga

kurova haikona kwazvo.Ndakatanga
kureducer speed .Ndaive ndotyia kuenda
mberi zvese nekuenda shure .Vakomana
vaya vakabva vafamba vachiuya kwandiri
.Vakasvika ndokundibata vakatanga
kundirwisa kuti tiende musango
.Ndakatanga kurwisa asi ndaive
ndotokurirwa.Ndakaona mota iya yasvika
pataive kwave kuridza huta .Boys racho
kana kutya zvaro vakatoramba
vachirwisa.Door rakavhurwa zvehasha
ndikanzwa kuridzwa kwepfuti .mudenga.
Vanhu vaive vakandibata vakabva vaita
upatsu upatsu vachitiza..Kana ndiriseni weti
yqinge yotoyerera zvayo.Ndofunga ndaive
ndatoruza bladder rangu ini..Ndakanzwa
ndave kubatwa nemunhu uya ndichibva

ndatanga kutoita tsvina .Mudumbu chaiwo
Ndaive ndoti ndourawa .Ndakaiswa
mumota maziso ndainge ndakatsinzinya
.Ndaisada kusvunura kuti ndife
ndichiona.Ndakagariswa mumota
ndokunzwa mwaaꞑꞑtsvodi pahuma.Ndiyo
nguva yandakasvinura kuti ndione hangu
munhu anoda kundirepa.Kuti ndigoziva
baba vemwana kana
zvazoipa.Ndichisvunura kudai wanike
ndiThomas .

Meyoooo nhaiwe are you a
ghost.Wasvika kuno nguvai uye waudzwa
nani kuti ndiko kumusha kwedu.

Thomas.. ndakarwadziwa hangu
nekutaura newe kwandakaita that day saka
NDA ndichida kukumbira ruregerero
hangu.Pandakuona uchikwira komby
ndatoziva kuti kuuya kumusha .Ndatevera
mumasure mayo ndichivandira kusvika
ndave pano.Hande hako kumba usatya.

Takafamba ndichingonongedzera road
.Tichisvika pamba nemota mama nababa
vakavhunduka.Kamwana kangu kainge
kotofamba wena. Kakamanya kachiuya
kumota ndikachisumudza.Baba namama
ndiyo nguva yavakaina kuti ndini dangwe

ravo.Vese Zvino vainge voda kundiwira
kani.Takafara tichipinda mumba.Baba
vainge vatobata Thomas ruoko.Isu nhau
yekuti udyire but baba vangu was friendly.
Tichipinda mumba ndakanzwa Mufaro koti.

Mufaro Mama ava Sisi
vanonhuwa ava vazviitira pupu
mubhurugwa vanoda kurohwa

Mama.aaaaa Mufaro
hazvitwnderwi kuudza vanhu vakuru
zvakadaro.Havasi Sisi vako ndimama vako
avo.

Ndakabva ndatosimuka kuenda kotsvaga
mvura yekuti ndigeze kunhuwa .Ndakchera
mvura yangu kwave kuzviendera
kuchimbuzi.Ndichipedza Ndakapinda
mumba ndokuwana makazara grocery
.Vanhu vese kungonditi baaa vachibva vati
bvaru nekuseka .Ndakapusa ndakamira
pamukova .Ndakazopinda mumba ndaita
kuzotorwa naMufaro.Ndakatya veduwe
mwana wangu ainge angova chiradio
chaicho.

Mufaro.mama mukanditsvakira
baba vane mota seava ndinovada.

Baba.saka nhai Mufaro INI
hauchandidi nekuti handina mota here.

Mufaro.kana baba aaaaa
Sekuru .Ndokudai chaizvo hakuna akanaka
pamoyo sasekuru vangu .

Me ummmm nyaya dzenyu
ngadzichinjwe.Ko Mufaro akadzidziswa nani
kutaurisa kudai.Ummmm INI handifarire
mwana anotaurisa .

Vanhu taingoshizhana nekutaura mama
vaive busy kubika chikafu.Ndaive ndonyora
manje Thomas aizovata pai chaizvo .Ko iko
kudya kwacho aimbodzei manheru
acho.Musikana wepamba ainge akarongeka
zvake .Chihuku kuda chakaurawa mu
mazuva maviri kumasure.Chaive chabikwa
zvekwamberi chaiko.Kahazvanzi kangu
Tapiwa kainge kachiita kunge kasimo
zvako.Thomas kutaurisa kwaaita handina
kumboziva kuti ndozvaari.Akabva Ati ndave
kuenda kunovata mumota yangu
.Ndakafara kani ndichibva ndaendawo
kuimba yangu.Ndakaenda nezvana zvese
ikoko.Handina kana kurara ndichiitirwa
ngano.Tapiwa taitaura asi anoziva kuti
mumba mune vakuru hamusi

mokungorotomoka..Mufaro kakazokurirwa
nehope ndokutanga kuita nyaya naTapiwa .

Tapiwa.nhai Sisi nguva yese kurova
kudero maigara kumba kwemukomana uya.

Me. no mukoma wangu .Ndine
kumwe kwabdaigara but pamba pavo
ndakagarapo mazuva mashoma.

Tapiwano my sister you are now
lying to me. Hanzi nemukomana uya

mwana wenyu ane tsika .Ndamuperekedzq
kuno kuti ambozokuonai.Toshanda pashop
imwe chete but ini ndiri manager.Vakatoti
vanodzokera mangwana kubasa .Vatoti
ndokumbirawo kuti ndizodzoka ndomutora.

Me hezvo nhaiwee hoooo NDA
ndichida kuona kuti mune zvamaudzwa
here .ko panyaya ywkunhuwa pupu Hanzi
ndadiii.

Tapiwa.kkkkkkkkk haya kkkkkk
hanzi tabva kubasa kune birthday rasuper
viser saka madyisa keke.Apa kwave kudya
chocolate. Kkkkk kkkkk mandinakidza Sisi

kukara kuderu .Muchatinyadzisa imi kkkkk
Saka paya pamamira padoor muchibva
kogeza taseka hedu.

Ndakaramba ndinyerere ndapwrerwa
nemashoko ainge ataurwa naTapiwa.Shuwa
kutura kwaThomas anoreverei Nhema
dzakaipa kuderu.Ndaizoudza vabereki
vangu kuti chaizvo iye andigarira
nenhema.Chero vabereki vangu
vakavharirwa shuwa kutadza kubvunza Sisi
vangu kuti vari sei .Ndakazobatirwa nehope
ndichingofunga .INI ndaisave munhu
wekunyepa saka ndaive ndatigaya nkuudza

mama chokwadi chese ndivo vaizoudza
baba.

Hope dzainge dzonaka manje apa pave
pakati pahwo usiku.Ndakatanga kurota
hope dziya dzandaive ndarota zuva radarika
randakavata kumbakwaMemory.Steven
airamba achidzoka muhope dzangu
aimbova ani.Zvoreva here kuti baba vangu
havasi Ava here .Kwaingove kufunga
musure ndapepuka hangu.Kuchiedza
ndakamuka ndichikgadziria kubikira muenzi
wedu Thomas mukomana
wenhema.Ndakamuka ndo kubika rice

nesuop yangu.Ndakamunutsa achibva ageza
hake .Akabva akumbira mafuta ekuzora
.Nguva yandakamupa akabva ati ndoda
kuenda newe Gweru nhasi chaiye kana
zvuchibvira .Ummmm ipapo ndajarambusa
hangu.Apedza kkudya akabva apinda
munzira.Baba vangu vajapindawo vakati
vaizogumira pamunda wavo
.Ndakamubhaibhisa hake
ndokuenda.KaMufaro nekuda zvinhu
kaitoda kuendawo ikoko.Ndakasara
ndokuita nyaya namama. ndiwo mukana
wandainge ndatowana kutaura navo
chokwadi chese. Ndakavaudza hapana kana
chavakasiya kana one.Vakangondusimbisa
kunamata asi kuzondiseka hanzi mukwasha
wangu akaoma panhema. Takatanga

kutonemerana tichiseka Thomas
hedu.Ndakaona baba vouya vachikamhinha
gumbo kuratidza kuti vanenge varesva
kutsika .Ndakaenda
kunovatambira.Ndichisvika pedyo navo so
ndakabva ndaidenhura mhere.

CHAPTER THIRTEEN

Hama dzangu mweya wakaipa haudi kuona
vanhu vanenge vave kufara..Baba vangu
chero kushama muromo vaisagona misodzi

ichingoyerera nekumeso kwese .Ndakaisa
ruoko pafudzi ndonanaidzana toenda
kumba.Mama vainge Zvino vagara
sechimwana chanyimwa porridge pachikiro.
Ndakaisa baba pamumvuri wemba
ndokunotoro jira. Gumbo ravo rainge rave
kuzvimba apa richinjinja kuita
black.Vakatauara nemasign kuti ndinotoro
bilo nebepa.Ndakaita chahwirir
ndakananga mumba.Ndakasvika
ndokuvatambidza .Vakatanga kunyora
ndichiverenga musure. *ndaona uchipiwa
fon nemukomana uya auya pano mufonere
adzoke izvozvi pane zvandoda kutaura
naye.* Ndakatanga kubata bata
.Zveshuwa fon ndainge ndasiirwa asi
semunhu anga ajaira kugara asina fon

chero pandakaikanda ndaisaziva kuti
pai.Satan zvaanoita kugara munjere
dzevanhu kani.Ndakagwedebudza imba
yese ndichitsvaka fon kana kuiwana.
Ndakatanga kuchema ndaitofungira Thomas
kuti ane zvaita vabereki vangu chete.Mama
vainge vakangoti rabada kana kutarisika
APA misodzi ichingofamba nehuso
hwavo.Ndakatanga kufamba nechivanze
ndichifunga kwandaisa phone. Ndakatora
Bible rangu randakapiwa nababa
ndichienda kuPoly.Ndakaribata kwave
kutanga kuverenga.Ndakaenda pana baba
ndokutanga kunamata. *Mwari ndimi simba
guru ndimi izwi .Chingotaurai izwi chete
baba vangu vagoporeswa.Inga wani makati
vanokumbira vanopiwa vanogogodza

vanozarurirwa .Ndauya kwamuri mukati
medzino nguva tinzweiwo kuchema
kwedu.Ndine vimbo baba
muchatiponesa.Amen.* . . ndichingopedza
kunamata ndakaona Tapiwa kahazvanzi
kangu kachidzingirirana naMufaro. Tapiwa
aingoti mira mhani ndoda kupa sisiFaith
vanoda ka taurwa navo .

Tapiwa Oyi henyu sisi phone
yenyu iyi NDA ndichiita nyaya neuya
mukomana Ati ndikupei fon ndisina kuibaya

.

Ndakangotora phone ndichiisa panzeve
ndisina zvakawanda zvandataura
.Ndakanzwa Thomas atanga kuseka hanzi
munhu kujaira kugara asina phone wasiya
phone pasi ikanongwa nevana .Handina
kudaira kana kusekawo ndakabva
ndatomuudza kuti baba vangu vati kasira
kudzoka vari kurwara havachatogoni kana
kutura.Akambobvunza vachiti pamwe
ndoseka naye asi akazonzwa
ndochema.Phone yakabva yakata
.Ndakaenda Ku nababa vangu.Ndokunogara
mujinga mavo.Zvekutura ndainge ndisina
baba vainge varwara maseconds
zvekutoenda pedyo nerufu.Moyo wangu
wairwadza ndaizosar namai chete here.Ko
Zvino baba vangu zvavarwara ndisina

kubvunza kuti asi rimwe Zita renyu monzi
Steven kai.Hapana zvandainge ndichagona
kuita .Kunzwa zvataitaura vainzwa Hondo
huru yaizouya pakupindura
apa..Ndakapinda mumba ndokuvesa
moto.Ndaida kuti Thomas achingosvika
chete tobatirana ndonovagezesa zvese
namai voenda kuchipatara.Ndichiisa mvura
pamoto ndokunzwa kudhuma kwemota
.Ndakabuda ndichimanya ndichiti
ndiThomas wanike imota yekwaMasvimbo
yaitodarika hayo.Ndakadzokera kupedzisa
basa rangu.Ndakabva ndatobikira zvana
zvangu kuti zvidye hazvo. Vapedza kudya
vana ndakavagezesa ndokupfekedza hembe
dzakanaka ndikati hakuchina kutambisa
tsvina tave kuda kuenda kutown kana

mukomana uya abgouya .Vana vadoko kuda
zvinhu vakabva vatogarawo pasi
vakadzikama.Thomas akazosvika pave paya
hake .Akaenda paive nababa ndokuona
hazvibviri kani.

Thomas aaaa nhai Fai chii chaitika
pana baba kunge varumwa nenyoka kudai
nei .he eeee

Me. handitomboziviwo INI.Tym
yavabva kuzokuperekedza ndiyo yavadzoka
vakadai.Mama Hameno zvangoitika
havachagoni kana kutaura.

Thomas. OK ngativaise mumota
tiende navo kuchipatara .

Ndakatarisa baba ndikaona
vachidzungudza musoro wavo .Vaitoramba
kuenda kuchipatara.Vakatora bepa nebilo
sezvo zvaingove pedyo navo.Vakanyoea
zvavaida kwave kutambidza Thomas
.Thomas akati achibata bepa achiverenga
misodzi ichifamba nematama .Ndkabvuta
bepa riya kwave kuverenga. *Thomas
please do me a favour.Marry my dotta
ndizvo chete zvandakudzosea I want to

die .Saka ndoda kusiya ndakublessai muri
two.* ndakapererwa ndakatarisa bepa
riya .Ndakaona Thomas abata ruoko rwangu
kwave kugwadama mberi kwababa vangu
.Takagwadama kuderu ndiyo nguva
yakataura baba kubva vasangane
netsekwende yegumbo ravo iro.

Baba. *Sandra Dube ndave kuita
sekuda kwako hazvanzi yangu.Mwana wako
hoyu ndakudza munzira yakanaka.Uyu
waanaye ndiye Thomas Moyo kubva nhasi
vave murume nemukadzi komborera vana
vako.Vape nzira .Thomas naFaith bible iri
ndakarisiirwa nehazvanzi yangu
payakabatsirwa mwana uyu Faith.Murume
wake akanga asina kutaura kuti ane mhuri

achibva amitisa hazvanzi yangu Sandra Dube kwave kuzvara Faith Dube.Ndini Ndakasara ndichikuchengeta nemukadzi wangu uyo APA mbereko yaitonetsawo kutamba pakati pedu.Baba vako Faith vapwonyu but handizivi kwavari enda unovatsvaka .Ini ndiri Sekuru hazvanzi yamai vako.Sarai muchengete vana avo .Dananai multe vana venyu asi tsvagai baba muvaone nenguva nokuti zvingakupai matambudziko. Uye pose pamunoremerwa hazvinei kuti ndiani torai bible iri muverenge . Pfekedzanai ring yenyu ndakatarisa . *GOD BLESS YOU ALL* Vakabva vatoti pfanhu pfanhu ndiye ziii...Zvakandirwadza veduwe ndakati regai ndione kutanga mama vari sei vainge vava

chando kare kare.Ndakaibongomora mhere
vanhu veraini ndokutanga kuuya .Zvakaoma
kufirwa nevanhu vaviri nguva imwechete
.Baba namai vainge vatorwa nedenga
ndisina kana basa randaita kuti
ndivatengerewo dress rekuti maita basa
makandikudza munzira tsvene.Vanhu
vakaungana zvavo pamba.Ndipo
ndakatsvaka chiffon chevabereki vangu kuti
ndivazivise nezvekufa kwababa
.Ndakafonera vatete vokuda kundiroodza
vaya .Zuva rakasara rovira vanhu vazara
pamba.Dzimwe hama dzakauyawo dzaibva
chinhambwe .Vanatete vakazosvika pakati
pahwo usiku nevamwe vaingodlazi
bamn .Takavata tichiimba kusvika
kwaedza.Kana vari saTapiwa naMunashe

handina kumboona nezvavo vaive
naThomas .Handizivi kuti hasha dzaThomas
dzaimbobvepi chaizvo .Zvandaimuziva ari
habdizvo zvaave kumba kwedu.Regai
vakuru vakati rinonyenga rinohwarara.Ko
baba vangu kuzotibatanidza musvitsa
tsvene isu tisingadanani.Zvitunha zvaive
zvaiswa kumotuary zvakanotorwa manheru
kuti zvivate zviru mumba .Zuva iri ndiro
rakazosvika vanhu vakawanda kwazvo
nevamwe vandaive ndisingatozivi .Vanhu
vakavata vachiimbira zvitunha zvavo
.Takazomuka tochengeta mitumbi yedu
.Vamwe Vakatanga kupararira
havo.Ndakatanga kutsvaka Thomas ndaive
ndisimuoni.Ndakatanga kubvunza vanhu
ndokunzi abuda neumwe murume

vakapinda muchikomo icho.Ndakamanya
ndakananga muchikomo muya ndichitsvaka
Hapana Chandakaona.Ndave kuda kutanga
buruka Ndakanzwa kunge vanhu
vaitukana .Ndakafamba ndichienda
kwaibva nemanzwi aya ndokuwana aaaaa
zvaari Thomas na.

CHAPTER FOURTEEN

Ndakawana ari Thomas neumwe murume
ainge asvika usiku ndaisaziva kutanga
ndiani. Wokutipa maintrouction Ndiani
hake.Plus vamwe vane moyo wakanaka
havo vanogona kungoperekedza havo hama
dzavo.Ndakaramba ndakaterera ndaida

kunzwa kuti nyaya yavingwa kusango kuno vanhu vachitadza kutaurira kumba inyaya yeyi iyoyo. Ndakazonzwa murume uya oti saka iwe ndiwe ani pamusha pafiwa kasira kundiudza bcz ini wafa chaiye munin'ina wangu.Ndakaona abudisa pfuti ndokuti wave kusara kuno kwachivi uri chitunha.Paakati anoridza kudai ndiyo nguva yandakabuda pachena. *pliz stop you can kill me .Nothing else important to live in this world full of sorrows* Handizivi ndainge ndochema nenguvai chaizvo.Ndakatarisa Thomas ainge akatoomesa chiso maziso akatsvuka .Ndakafamba nndichienda paaive kwakuramba ndakamutarisa mumaziso .Murume uya aingovepo akatarisa Hapana

zvaakataura.Ndakambundira Thomas kwave
kuchema zvakanyanya .Shungu dzangu
dzainge dzachibvajuka manje.Ndakamubta
ruoko kwave kutenuka chikomo toenda
kumba.Ndakasvika ndokumuisa mumota
kwave kuvhara door.Ndakatanga kutsvaka
zvana zvangu kuti ndiwane kuzvigezesa
hangu . Ndakaona Thomas aburuka
mumota kwave kufamba achiuya
kwandaive .Tapiwa ndainge ndanuwana but
Mufaro hameno kwaainge
aenda.Takabatsirana kutsvaka Mufaro uyu
Tapiwa takasiya tamukiira
mumota.Takatsvaka pamba pese kana
kuona munhu .Vanhu vainge vapararira
Pamba painge pangosara vashoma shoma
chete but waitogadzira

zvekuendawo.Ndakatanga kumanya
ndichingoenda.Njere dzangu
dzakambofunga kuti mwana wangu atorwa
nevaya baba vekuda kuuraya Thomas
kai.Ndakadzira kuzvikomo zvese
kwandaifungira ndichimanya uku ndoita
kudana kana munhu akavira
hake.Ndakagara pasi manje ndaneta
nekufamba ndokubva ndatanga
kuchema.Thomas ainge achingovapo zvake
asina kana chekutura.Ndakazosimuka
kwave kufamba zvishoma nezvishoma
ndichidzokera kumba. Ndaive ndoda
kunoisa nyaya kwaSabhuku kuti ndashaiwa
mwana.Ndakasvika kumba ndokuwana
Mufaro achitouya neumwe mukomana
wataigarisana naye muraini.Asi panyaya

taisataura tese zvedu.Zvakandishamisa
ndkubata mwana wangu ruoko ndaida
kutomurova chaiko.

Mufaro. Mama ndoziva kuti moda
kutondirova but munhu uyu wandaenda
naye ati ikozvino hamuna kwamuchawna
chikafu ndoda kutokuchengetai iwe
namama vako .

Me heee kudiii .Kuchengeta ani
chaizvo.Kana musina nyaya dzekutaura
nevana vangu regai zvenyu.Kare kose ndimi
maimboisa chikafu pano here munyare
vanhu manzwa.

Him. heeda kuda kutovhaira here
nemunhu waunaye wemota uyu
nxaaa.Unoti nekusvika kwake uku anoda
munhu akarepewa here nxaaa
.Kutomunzwira tsitsi hangu woda
kutovhaira .

Ndashaya kana chekudaira ndokubva
ndatanga kuchema.Ndakafamba
Ndichipinda mumba mangu kuti ndigadzire
zvekubika hangu.Ndaive ndarwadziwa
zvangu.Nyika yese yave kuziva kuti
ndajarepewa nhai.Panguva iyi taive

tangosara naThomas nezvana.Hakuna kana
yaizviti hama yaivepo vainge vatoenda
kudzimba dzavo.Hazvina kundishamisa
hazvo nekuti kubva vachiri vapenyu hakuna
aimbotida.Ndakabika kwave kudya zvedu
ndokuwaridza ndovata nevana
mukitchen.Thomas ndakamuisa muimba
yangu .Takavata kusvika kwaedza.Kuchiedza
Thomas akamuka asina kana nyaya
akatsamwa chaizvo .Ndakashaya kutoziva
chatsamwisa munhu chii.Kungoti ndiwo
waiva mugariro wake ndaisaziva zino rake
chero munin'ina wake
havasekedzani.Ndakaita basa rangu
ndichirongedza hembe dzaive pamba.
Ndapedza Ndakaisa mvura naThomas yekuti
ageze zvokuchagara naye zvaive

zvondibhowa hangu .Munhu wepi asina
kana nguva yekunyenama.Asati aenda
kogeza akabvisa photo seri kwezifon rake
kwave kuti kana ndave kudzoka ndinoda full
information pamusoro pemunhu uyu. Aaaa
ndakavhunduka wena raive pic rangu
naTrish neboys tiri paPoly zvedu
Mumasvingo..Ndakangoti OK achibva
atoenda hake kunogeza.Regai zvichinzi
kutura chokwadi nguva dzese
kwakanaka .Ko dai ndakavanza nyaya yangu
from the first moti paibuda chakanaka here
ipapo.Achipedza kugeza zvake ndakamupa
food kwave kudya.Handina kumirira
kubvunzwa ndaitoona sekuti tave
murume nemukadzi???.

Me vakomana ava ndaipinda navo
paPoly.Ndichisvika muMasvingo
ndakanolodger pamba pamwe navo
ndokuzivana navo kwandakaita.

Thomas. ko uyu mutsvuku uyu
Ndiani.

Me. NdiPeter but surname yake
handichaizivi .

Thomas. beaware of this guy
ndomuzivisa .Ari muGweru muya .

Me. yes ndiko kwandaive nguva
yese pandakarasika ndichibva kubasa kwako
wandituka.Ndichibvako ndakaita zvekutiza
kwave kuwira mumaoko e musikana wake
anonzi Memory ndiye aindirova mavanga
ESE asati apora aya.

Ndaitotaura ndichitendeka maronda
aya.Ndakaona face yochinja kuratidza kuti
munhu abatikana nezvandataura .Handina
kuda kuzvitsvaka ko handiti akandituka

ndawana achitsvodana nemusikana wake
here.

Thomas. Rongedza tiende Gweru
kuno hakuzi safe wega nevana .

Me. kana hamdiendi nhasi
hazvigoni ndoda kumbosiya ndaona kuti
pamusha pedu pakanaka sei ndozouya
hangu kana ndave kuda.

.Akabva aenda kumota kwave kudzoka
nemari yakawanda.Akauya kwave kundiisa
mumba akabata ruoko.Ndokuti.

Thomas. I do that bcz of your father .I don't love at all.Ndaitonginzwa tsitsi kuti hauna wekusara uchiudza nhamo.Mari iyi haikona kuzofamba uchipapadza dzimba dzematicha uchikumbira mari.Inopedza mwedzi mari iyi .

Akabva atobuda kwave kupinda mumota oenda..Nxaaa this guy aitoona kunge ndirarama nekukumbira here nhai.Changu kuita maricho ndiraramisa vana vangu.Tapiwa naMufaro kuita sezvisipo pamba hazvo kudzikama kwacho.Handina

kana kuwana simba rekumubhaibhisa
.Munhu wepi anongofunga kuchoboka
mu.mashoko ake.Ndakasara ndikagara
zvakanaka kwazvo nevana vangu.Rimwe
zuva ndichitobva hangu kumvura dhuma
dhuma nemukomana uya we kutaura
zvisina basa.Kwave kutotanga kundinetsa
hanzi ndoda kurara newe .Maybe aifunga
kuti am cheap nokuti ndine
Mwana.Ndakamurambira kwave kuti
tobatana manheru.Ndakati kutaura
kwemunhu anyara hake .Ndakasvika
ndokutanga bikira vana vangu kwave kudya
ndokuenda kunovata. Pave pakati peusiku
Ndakanzwa kudanwa Zita rangu ndikaziva
kuti ndini ndiri kudiwa nebenzi
riya.Ndakaenda seri kwedoor ndokubata

danda vanhu vainge voda kundijairira
manje.Akati achinobhura door
ndichimuchinjikra nemuchiuno
achidonha.Ndakamupamha zvakare
.Achibva amuka riri bara achitiza
.Ndakaseka zvangu nezvandoitirwa
INI.Ndakasara ndikadzipfodora hope
.Kuchiedza ndakatoenda kumvura
kasingaperi ndaida kuona kana achifamba
asi handina kumuona.

After 2 Weeks.

Ndakamuka ndichinzwa kuneta zvandisina kunzwisisa .Ndakaita basa asi simba raive shoma kwazvo.Zuva rakavira pasina kana chachinja hacho Musi wacho takatokasira kuvata nevana vangu. Ndakamboti kuda kufunga Thomas asina kumbogara aifona kana kusenda massage zvake.Ndakabatwa nehope ndichingofunga Thomas.Pachokwadi ndaimuda but ndaida asvitse hshoko aiye kwete INI.Ndakanzwa kudzirwa ndiri kuhope .Ndakamuka kudai wanike imba yandaive nevana irikupfuta moto.Ndakamutsa vana kuti ndibude .Wanike moto watozara imba.Yese ndakatanga kuchema ndiri mukati apa waive usati wasvika kwataive nevana

.Ndakanzwa munhu achiti huya I can help you.

Mehelp ndine vana two muno tofawo here.

Ndakaona munhu achipinda moto uchibvira kudero.Akabva abata Mufaro kwave kubuda naye panze.Ndakasara ndakangomira kwave kuona kuti moto wave kutosvika kwave kusimudza Tapiwa ndokumanya ndakananga door .Ndakasvika ndichinowira pamunhu uya.Ndakasvika ndichibatwa .Ndakaona paita umwe munhu Akasvika achivhenheka netourch.Akaswedera pataive

APA ndiri mumaoko wandisina kuziva kuti
Ndiani.Ave pedyo ndakaona kuti ndi.
ndokutarisa aive akandibata kwave kuona
ari

CHAPTER fifteen

Ndakatarisa ndokuona aive akabata turch
ndokuona ariThomas.Ndakavhunduka
chaizvo bcz ndokunonzi mukadzi wemunhu
abatwa nyama .Ndakatarisa aive akandibata
ndokuona aaaa zvaari mashura makuru

.Aive ari Peter. Ko vose vaitsvagei munguva
dzeusiku Pamba pedu. Peter ndakaona kuti
anenge ave kuda kutovhaira manje
akandibata aive or nditi babie zvawanga
uchafira mumba dai ndisina kukasira
kuuya. Ndakabva mukati memaoko ake
asina tarisiro zvekuti ndakaona achitatarika
achinomira akbatira madziro
emba. Ndakangoti Thanks hako Peter
wasvika in good tyme dai ndafira mumba
nevana. Ndakabva ndafamba ndichienda
pana Thomas .Veduwe handidi kunyepa
Thomas aive murume wekuti hautarisi kaviri
zvachose. Ndaive ndonzwa kudedera kuti
nhasi hangu ndotukwa nekuda kwevane
shanje havo vapisa imba yedu. Ndakamira

ndakamutarisa mumaziso chaimo ndaida
chokwadi chaibva maari.

Thomasune shavi here rekuda
kupiwa umwe mwana asina baba heee .

Me Thomas don't take advantage
yekuti ndafirwa nevabereki or ndakarepiwa
kwaive kusada kwangu. And am still
investigating about the culprit. So don't
take me as a fool.nxaaa.

Ndaive ndatsamwa kubva ndizvarwe
muupenyu hwangu ndiye munhu
wandakatanga kudaira ndichituka .Misodzi
yangu yaive yoerera zvayo nematama
.Ndakabva paainge akamira ndave kufamba
ndichienda mukitchen.Ndakaona Peter ave
kutevera ndichibva ndabuda panze kuti
nditore huni ndibatidze moto.

Peter. . . .am sorry my dear .Usatevedze
zvevarume vanotuka mukadzi nekuda
kwedambudxiko raakasangana naro mulife
make.Haasi murume akakwana iyeye.

Haana kupedza kutaura zvaaida wena ainge
amharwa nayo mbama .Ndakaona Peter

achiita dzungu zviya zvwkunowira pasi
nemuromo. Akasimuka achibva amira
katarisa Thomas APA ainge atopeta maoko
zvake . Peter akatanga kufamba achienda
Kuna Thomas ndikati nhasi pofiwa regai
zvakadaro .Ndaida Thomas amborohwa
abude ropa aisaziva zvaanotaura
kani. Ndakaona varume vokwevana macollar
kani. Moyo wangu wakarwadza kwazvo kuti
ndisiye Thomas achirohwa ndakasvika
panaPeter ndokumukweva .Akabva
aregedza Thomas. Ummm handizivi kuti
ndini ndairwirwa here or vanhu ava waitove
nemaprevious avo .Thomas akandibata
ruoko kwave kufamba achienda neni kunze
kwemusha. Ndaive ndotyanga hangu
ndichingokwevewa .Takasvika paive

akamisa mota kwave kupinda mukati
.Akaidriver ndokudzokera kumba .Akatora
Mufaro naTapiwa kwave kuvapinza
mukati.Akabva akiya mota yake kwave
kubuda .Ndakaona achiwedzera huni
mumoto kwave kuvata mukitchen.Zvose
zvaive mumaziso angu.Chaindinetsa
ndakaona kuti Peter naThomas haisi nyaya
yekuzivana chete kuti ndeveGweru asi kuti
paitove nenyaya hombe.Thomas
Ndakatanga kunzwa kamwe kakumuvenga
kandisungazivi kuti kaibva nekupi..Nguva
yekuti ndimubvunze nezvemurume waive
naye mugomo akamuridzira pfuti
ndakaishaya..Aitovawo muenzi muraini
medu but kuzozivana futi naThomas ivo
vasina kubva vese ummm zvaive

zvakaoma.Hope d,akabata ndirimo mumota kusvika kuchene.Kuchiedza Peter aive panze akagara .Thomas aive ototsvaira mukitchen kugadzira kubika.Ndaida kuzviitira but ndaibuda nepiko ndakavharirwa mukati.Fon yake yakabva yatanga kuringer .Ndakazama kudana but munhu aisazvinzwa aotove busy zvake.Yakaringer futi kechitwo ndichibva ndaidaira .

Me Hallo

Unknown. Hessy my daughter in_law how are you ?

Me am not your daughter in-law
muridzi wefon haapo asiya fon.

Unknown.don't do that to me
Faith ..Ndaive ndisipo ndakaita zvekunzwa
kuti vabereki vako vakafa tisina kuonana
nematambudziko muroora.Ndipewo
madirections e kusvika pamba kana ndave
pachivi.

Me. akaonekwa makadii henyu
mama.Kana masvika pa Chivi mongoti
moda kuenda kwaMadya hapamborasi.

Fon yakabva yakata zvayo. Maiweee ini here kunzi daughter in-law .Zvakaoma hazvo kutondirongera . But pafair chaipo Thomas is my husband tongokonana kuti iye haaseki ane rough futi .Ndakarega zvoita basa ndini ndadiiwo. Akazouya zvake nechikafu chaibva ndo kuvhura door ndokupa vana vainge vochwma nwnzara. Haana zvaakataura hake Shari yaingove busy. Ndakazama kuda kuburuka mumota but akaramba. Ndakazomuudza zvekuti mama vake vafona vati vave kutouya kuno .SepaGweru padhuze apa kuzvi10 vanenge vasvika havo. Haana kuita

basa nazvo hake ndo kutoenda kunosuka maplates. Peter aingoita sebenzi ari pamadziro. Nguva dzakati dzafamba zvadzo ndokunzwa fon yoringer vainge vatosvika vabereki vaThomas..Ndakavhurirwa door ndokuenda kunovagamuchira ndokuuya pamba .Vachisvika Ndakanzwa Vega vachukanuka hanzi shura rudzii iri kupisirwa imba pachangofiwa kudai. Kana vari samai vaThomas kutaurisa chaiko kuita bamn Trevor. Baba vaingove vari zii havo. Ndivo vakapa Thomas kamukwindi .Hameno kuti Peter ainge amboendepi panguva yakasvika baba vaThomas. Akazobudikira nepake .Ndakaona baba vaThomas vasimuka Zvino maziso atsvuka .Netym yavainge vatsamwa ndakatoishaya .

VaMoyo... ..you again .Hmmmm you
? what are doing here ? No it's enough to
my son .You want to... ..

Thomas stop father everything is in
control .Don't worry

VaMoyo no my son I also heard
that Mr Ruzvidzo was here for what
purpose .

Thomas Yes he was here .He is the friend of Mr Makamure that's all. Stop that rubbish daddy .are we together.

VaMoyo ooooo shit.

Hapana akanga achakwanisa kutaura zvakawanda APA.Chero ini ndakatanga kubatanidza nyaya .Zvoreva here kuti murume Aida kupfura Thomas nepfuti kana asiri Makamure ndiRuzvidzo ...Ko vatete vangu murume wavo aimbinzaniko surname yake.Ummmm zvakaoma dzimwe hama vaparadxi chaivo. Tete ndaisaziva surname yekwavaive vakaroorwa kaini.But

kungwarira kuda kuzondihoodza
Shuwa..Tose taive tachigara takatarisana
semachongwe.Vana vangu ndaivadira
chinhu one.Vaitotamba zvavo vari mumota
handifungi kuti pane chavakanzwa
cahakaitika.Peter zvivindi zvake zvekuti
akanukiwa nemunhu wese kuratidza kuti
haatodiwi panzvimbo iye anoramba aripo .

Ndakasimuka kwave kufamba ndichiti
ndiende kobikira vaenzi .Ndave pakati
manje Thomas kwave kusimuka achiuya
pandaive .Akaita zvekumanya kuti
andibatire pakati.Zvino taive tave pakati
pevanhu vese .Thomas kwave kugwadama
mberi kwangu ndokuti.

*PLEASE FAITH FOR TODAY ,TOMMOROW
AND FOREVER BE MINE ONLY .AND MY
CHILDREN* _WILL YOU MARRY ME_

Ndakaita tym ndakanyarara .Handizivi
kwaive kuvhunduka here or waive
mufaro .Ndakaramba ndiri zii ndikanzwa
mama votaura kuti unogorambei nhai
faith .Thomas aka kuda kare kubva usati
wafirwa .Mukazosunganidzwa nababa vako
zvese akandiudza INI .Nhasi chizadzisai rudo
rwenyu pano moparadzana nevabereki
vako uchienda nkwaMoyo.Ndakanzwa
misodzi kuzara mumaziso mangu kwete

zvekunyepa .Tears of joy yakarehwa
pachirungu.Ndakabva ndatiwo.

YES I WILL MARRY YOU

*BUT PROMISE ME IN TIMES OF
JOY,HUNGER,SORROW AND LONELINESS
YOU WILL ALWAYS THERE FOR ME*

Akazosara odavira andimbundikira wena
.Ndainzwa kuti ndazobatwa angu
murume .Ropa rakamhanya zvokuti dai
paisava nevabereki Ndaitoda mbomutsvoda

chete. Takazogadzira zvekuenda kutown
Gweru. Takasimuka tese kwave kusiya Peter
aripo pamba . Waingova Mufaro bedzi
bezdi. Kana vari sabamnn Trevor vainge
vatofona kare hanzi gules mumba
ndatogadzira kare motouya motobika zvese
zvave ready. Ndaingosekerera hangu . APA
ndaive mumota na Thomas triri two. Gogo
nevazukuru VAVO vaive mberi kumota yavo
nasekuru. For the first tym kuona Thomas
achisekerera . Ndaiudzwa nyaya dzerudo
kani. Ko Kiss wena . Handichatauri bcz
mungafa nemoyo. Takasvika muGweru
kwatove kuma 7 dzemanheru. Tichinosvika
pagedhe takagamuxhirwa nemota itsva
mbiri dzakanaka dzemhando yepamusoro

soro. Takapinda mukati ndichibva ndaona vanhu vaivamo ndokubva ndatofenda.

CHAPTER 16

Ndakamuka ndaiswa muroom mandaimbosigara ndiri panaThomas.Ndaive ndakururwa hembe dzese zvokwadi.Ndakatanga kutsvaka chekupfeka ndokubuda panze .Ndaida kuona kuti

shuwa here zvandaive ndaona zvaive
zvechikwadi.Ndakapinda musitting
ndokuwana makazara vanhu muine
runyararo sepafiwa.Ndakafamba kwave
kunogara pangu ndega misodzi ichiita
kuyerera zvayo.Mumba maive makati
Momory.,baThomas .maiThomas. Thomas.
Trevor. Navaya baba vekutwndejera
Thomas pfuti kumusha .Neumwe
akandishamisa pavanhu vese .Vandaiti
vatete vangu hazvanzi yababa .Kureva kuti
vannga vave mainini vangu. Ndakagarawo
ndiri zii ndamirira kunzwa Nyaya. Vanhu
vese vainge vagara vimirira anotanga
kutura.

Him. Vasingandizivi muno ini ndini
ndoitwa vaMakamure .Agere po mwana
wangu Memory .Uyu ndiye mudzimai
wangu.

Me. aaaah Tete ndimi makazvara
Memory.???

VaMakamure.. sheee iwe nyarara
inyaya dzemhuru muno.saka nyarara.

Thomas handina zvakawanda zvandoda
kwauro ndauya kuzosiya mhuri yako
pano.Ungandiudza kuti ungaramba mwana

wangu nezvisina basa.Wakamuona akarara nani.Hakuna izvozvo kana pasina evidence motogara mese zvakare.

Ndakaramba ndakagara maziso angu ainge oyerera misodzi.Shuwa Thomas aiziva kuti akamboroora ave kuda kuita zvekutamba neni.Ko Peter naMemory zvavanoita kunge vanhu vanodanadana wani.Ndakarwadziwa nelife yandaive ndave kurarama.Munhu wandaiti vatete ndichitarisira kuti zvaasara achandibatsira kutsvaka mai hezvo hakuna.. Zvoreva kuti vaitoziva kunababa vangu chaiko.But nenyaya yeutsinye hwavo handifungi vangandibatsira zvavo.Ndakangozvinyarara ndaive ndafunga zano rangu ndega.Thomas ainge

atsvuka maziso nekuchema uku
achingopopota hanzi Memory handimudi
ane munhu wake kare.Hazvina kushanda
vabereki vaMemo vainge vatoiya kuzosiya
munhu.Memo Akabva anzi achienda
kunorongedza hembe dzake mumba make
pakabva paita munhu akati *NO*.Vanhu
vese vakati cheu zviya
zvekuvhunduka.Chero neni
Ndakatovhundukawo bcz munhu
wandakaona ndaisave netarisiro
yekumuona zvakare muupenyu hwangu
.Ndakava nechiedza kuti munhu wega wega
wandakasangana naye achava nechekuita
muupenyu hwangu asi kuti vanosvika nguva
dzakasiyana vobatsira voenda zvavo

.Murume uya wekunditsika nemota yake.Ndiye akapinda akati .

No to everything .You can play this video and am sure everybody will be satisfied. You will be sure about the story then you will put final judgment

Vanhu vainge vaudyura meso vachida kuona zvairehwa .Kkkkk disc racho manyawi kwave kuti no disc .Pakatsvakwa rimwe DVD kwave kuramba zvakare kusvika Trevor azotora laptop yake .Hamaweee zvimwe zvinhu unodemba kuti dai zvaregwa kare.Aive Memo naPeter muroom

maThomas vachiita mabasa evakuru
.Vaitoratidza kuti varimunyika yavo
Vega.Baba namai ndakaona vachibatana
maoko vachienda vasina kana shoko.Trevor
ndiye akatozosimuka kwave kudzinga
Memory .Akati nyahwa nyahwa
achienda.Nyadzi dzinokunda rufu
shuwa.Nemanyawi anga achibva mboitwa
nevabereki vaMemory nemibudiro
wavakazoita waisatenda.Mumba makasara
mukaita semafiwa.

Him you ? What are you doing
here ?

Me.I belong here.Am Thomas'
wife.

Thomas. not yet my wife but she
will be maybe Tommorow or next months .

Ndakapera simba veduwe .ZvaThomas
zvinenge zvaive zvemweya wakaipa
chaiko .Kuti nditi aive achinja nenguvai
zvikandishamisa Ndakanzwa ave kuti Ben
hande ndikaziva kuti ndozita rake.Mama
ndivo vakatozogura nyaya dzavo .

Mama. Ben usaona kunyarara
kudai .Ndinorwadziwa kudarika shamwari
yako Thomas .Ndozviziva kuti muhana make
mugare munhu anonzi munhukadzi
zvichamutorera time hombe
kwazvo.Akarwadziwa naMemory
zvakananyanya but ndotokumbirisa kuti
umusimbise havasi vese vakadzi svinu
saMemo.Now akabatanidzwa nababaFaith
vasati vafa akatenda .Iye nemuromo wake
akadero kunaFaith vakapfekedzana ring
mu.maziso edu tese Ku.musha now ave
kuita kunge Faith ave mutsva kwaari. Taura
naye sevarume mese .

Vakapedza kutaura misodzi yazara
mumatama avo. Vakabva vatosumuka
kwave kuenda muroom mavo..Sare ndoga
ndoga muvanhurume .Ndakabva ndaenda
hangu mukitchen kunogadzira kubika
nekuuta basa sezvo ranga ratovira pasina
adya. Ndajanzwa Ben naThomas
vachinetsana .Thomas aingosimbirira pakuti
ndevamwe vakadzi ava hakuna mutsvene
kungoti hausati wamubata chete
.Ndakatoona kuti zveshuwa raive ronda
Rina Thomas. Raida kurapwa. Ndakaenda
nechikafu ndokunovapa kuti vadye but
Thomas akaramba hanzi ndodyiswa
hangu. Ben akazobuda nyaya ichingova
iyoyo.

Mama.hakuna zvakadaro ziva kuti
iwe une vatsigiri vakawanda .Imba ino yese
inokuda .Chero iye Thomas anokuda asi
kuti anotywa kurwadziwa zvakare .

Ndakavanzwisisa hangu zvaive pana
Thomas.But zvakaoma kumanikidza munhu
kuti abudise rudo rwake .Ndakazoita rimwe
basa zvangu ndinyerere hangu.Pfungwa
dzainge dzave kure .Baba namama vakabva
vabuda manheru hanzi tombenda kBlwayo
kuimba kwedu .Ndakasara navo
vakomana .Tiri three vana vaiita kunge
vamama. Vaitoti pavanobuda havaisiya
kana umwe zvake.Ndaive ndotovashuva
kwazvo.Manheru iwayo ndakapfeka trouse

rangu raibata necrop top.Ndaida kuenda
kumba kwaMemo Ndaida kunoona mai
vake this mbopedzerana.Shuwa mai vane
utsinye kudaro..Ndakati ndave kubuda
ndiye dhuma dhuma naThomas padoor.Ziso
raakandipa chero kwaive kundimwdza
ndaitopera .Ndakapedzisira ndaishaya step
aramba akanditarisa kudero.Ndakatora
ndave pagedhe ndokuti. *I will be back very
soon my Brother Thomas.* Akabva aridza
tsamwa kwave kufuratira
zvake.Ndakafarawo ndikati Mwari wangu
wandibvira nepi.Ndakabuda kwave
kufonera Peter .Haana kunonoka kudaira
fon.

Me am Faith Peter I need your help please.

Peter OK but with conditions my dear .

.

Me OK no worry.Ndoda kuona Panogara mai vaMemo ndoda kutaura navo.

Peter.if you give me only a kiss I will show you.

Me.a kiss only. Friendship kiss
handiti.

Peter Yes

Me.OK so let's meet kuseri
kwemashops tiite deal redu.

Ndakatanga kufamba ndichienda seri
kwemashops aya a ndainge
ndataura.Ndakasvika kwave kumira kana

kuona munhu.Ndakasvika pakufona
ndatoona kuti hakuna
achauya..Ndakazonzwa ave kuti ndave
kutosvika was a little busy.Achungosvika
ndakabva ndamupa kiss iya padama.Akabva
atanga kundiudza pandinowana mai
vaMemo pamwe nababa vake.Akatonditi
kana uchida kusvikira umwe murume but
akaoma moyo .Yaimbove shamwari
yavaMakamure hameno
zvavakangozokonana havo.Ndakazvirega
bcz ndaisada vanhu vakawanda munyaya
yacho .Ndakaparadzana naPeter kwave
kuenda kumba kwedu.Muroad mese
ndaifamba ndichiimba nziyo dzekurumbidza
.Ndichisvika kumba ndakawana Thomas

akaita kufuta. Ndakangofirira kubvunza
ndichibva ndanzi.

CHAPTER 18

AAAAAAAAAAAAA veduwe Mercy andizivi kuti
ainge auya nguvai kubasa .Vainge vakaita
kusengana pamakumbo zvavo vachipanana
chikafu.Ndakabva ndatodzokera sure
ndisina zvandataura .Moyo wangu wakapisa
veduwe munhu anonzi Thomas was every
girl's dream.Ndakanogara kwave kutanga
kuita zvibasa basa zvangu.Ndadzokera
kumba ndichiziva kuti kwaive nemutambo
uya.Muchato wemupunga

ndaitozouonerawo ipapo.Ndakazownda
kumba but mufaro wangu wanga uri
mushoma. Tichisvika ndakawana pakaita
kuzara vanhu pachivanze.Ndakaziva kuti
zvangu zvabhadhara haikona
zvekutamba .Mercy aishinaira chaizvo
.Mutambo uyu waiitwa usiku hwese vanhu
vachifara.Yakati Zvino yave nguva
yemutambo tose manje tange tava
panzvimbo.Tainge takagara pasi chaipo
takaita kutatisana nemudiwa wangu.Ko
kuzofugidzwa kumeso kunge
mhandara.Hameno zvaiitwa ipapo zvimwe
Handina kuzvinzwisisa.Ndakanzwa ndave
kupfekedzwa necklace muhuro.Ndakapiwa
yanguwo kwave kupfekedza Thomas
.Kumeso Ndakanzi handivhurwi

ndaizovhurwa tave mubedroom
medu.Ndakaita kufamba ndakabatwa ruoko
but ndainzwa kuti ruoko rwacho ruri soft
munhu wacho haatombozive kuita
basa.Ndakanogadzikwa pamubhedha kwave
kusara ndigere zvangu.Ndaive ndachimirira
wangu wepamoyo kuti auye.Nguva
dzakafamba kusvika ndazvifugura kwave
kuenda kutoilet zvangu.Chokumirira zero
zvangu. Ndajadzoka kutoilet ndokuzvivatira
hope dzeumambo .Kuchiedza
ndakatogadzira kuenda kubasa kwangu
.Ndainge ndotokoshesa basa rangu .Zuva iri
ndakashanda zvebenzi zviya .Ndakazobuda
ndoenda kunoona Thomas .Ndakadarika
Mercy akamira pachikona achidaira fon
yake.Ndakanzwa oti . Yes zvoita tomubata

.Yaaa mofonere womuudza ukurwara but warwarira kusango ndipo anouya ikoko tobva tamuuraya ikoko.

Ndakavhunduka nezvandakanzwa kwave kudarika.Ndaitoda asandionawo zvangu.Ndakapinda muoffice maThomas ndokugara pachair zvangu.Sezvinewo zvandaifungira ndokubuda bhobho.Fon yake yakabva yaringer.Akatodavira zvekundisvotesa.

Himhello swty wangu.....what..wherewhen.....OK near senga Blwy raod OK will be there right now.

Akabva atobuda achienda zvake
.Akanopinda mumota make INI
ndokutsvakawo yangu taxi ichivandira
sure.Mota yakafamba iyoyo
zvayo.Yakanoturna yangu
ichiteverawo.Yakazosvika pamwe
payakamira ndokudavira fon atobuda panze
.Ndakaona hoyo nemusango apinda
ndajatevera ndirimushure make.Akati
achinosvika nechepakati ndokuona
pachiuya dombo hombe hombe rakananga
mumusoro maThomas. Ndakamanya
ndichinomusundidzira mberi tichibva
tadonha tese.Takaramba takambundirana
tiri pasi .Ndakaona kuti ega ainge aona Kutu

arongerwa dhedhe nevagoni. Takasimuka pataive kwave kuenda kumba pasina kana nyaya zvedu .Ko ndainge ndatomujaura kuita kwake .Mazuva akafamba ndokuita mwedzi uzere pasina kana chachinja tichingova bhudhi nasisi .Kunamata ndainge napika manje chero kutsanya chaiko.

Rimwe zuva ndokunzi tigogadzira zvekuenda kuparty kumba kwaBen nemukadzi wake mwana wake aikwanisa 5years. Musha wese waienda nokuti vaive vakabata zvavo kwete zvekutamba. Chipatara chaive chimwe kunyange zvavo vaive netusurgery twavo .Vaitonzi vatatu mukubatana kwavo but umwe vakafa vese ndkuisiya mwana

mukomana.Hanzi akazoramwa zvekurapa
afurairwa mukadzi nematsotsi.Takabuda tiri
mumota ini naThomas.Trevor
naMercy..Chimwe chikwata chiri
kwachowo.Tichisvika wainyatsoona kuti
kuita kwevanhu vane mari dzavo
zvavo.Ummmm vanoridza music vaivepo
zvavo.Vwkungotamba chete
vaivepo..Takatambirwa zvakanaka kwazvo
zvisina chishoro kana chidoko.Takatanga
kupiwa mawine kuti tinwe. Ndakagara
zvangu pangu ndega ndakaona pouya
kamwe kamusikana aslim wena .Ko kunaka
kwakaive kakaita paface ummmm waipa
kutenda..Achisvika akangosvika nekuseka
Ndakatoshaya Kuti kovopenga njere kai.

Her.hallo gules zviru kudii hazvo .

Me.....,.....I think you are lost .Who is your gules.

Her.....you .Ndiani akakuendesai muroom musi wamakachata kkkkkkkk

Me..... OK but I don't know you .

Her.....am Trish hazvanzi yaThomas
naTrevor.kkkkk haya too soft gules. Ndirini
handikundi ha....

Havana kupedza kutaura zvavaida
.Vaitoratidza kuti pane zvavaona zvavatora
moyo .Ndakatarisa side riya ndokuona
Thomas akabata na maoko
naMemory.Veduwe chero waiti wega
usatsamwa hazvaibvira .Thomas ainge
andinyanyira veduwe ndaizofarawo riini
muupenyu hwangu .Kunze kwacho kutoita
manyawi hako.Mhepo yaivhuvhuta zviya
zvekurevesa .Hana yangu yakatanga kurova
ndokufunga kuti ndasiya window rebed
room redu rakashama.Ndakabuda

ndakavesera zvekuoneka Trish handina
kuzozvigona.Ndakamanya veduwe .Ko Iwo
mupande zvawaiita .Mhepo yaitodzinga
mvura kuti inonoke kunaya..Ndakasvika
kumba mvura isati yatanga
zvayo.Ndichisvika ndakaona kuti pane
hembe dzaive panze.Yakachitanga
kupurana mvura iya ndichibvisa
hembe.Ndichipinza mumba ndakananga
kuroom kwangu kuti ndivhare
window.Ndakatomira pawindow ndotanga
kufunga zvandaiitirwa naThomas .Shuwa
kubatana naMemo ndakatarisa here
shuwa.Ndakaita kutikanganwa kuti kunze
kurikunaya.Apa mvura yainge yotopinda
nepawindow ichindinyorovedza .Ndakaita

kuvhudhuka ndanzwa kubatwa
nemunhu.Kungoti cheu kudai wanike ndi.....

CHAPTER 17

Ndakangofirira kubvunza kuti
manheru.Maiweeee ndaive ndakwidza hasha
dzaThomas.

Thomas. heee asi unoona sekuti
muno mumba mave me kuita madiro
here.Kana uchizviti mukadzi wemunhu
unobuda uchiendepi usiku huno.

Ndaive ndachipererwa manje
nezvekutaura .This guy loves me very much
but nhau yekuti munhu aneronda haasi
kuda kuwira zvekumhanya .Ndakaramba
ndakatyira semunhu anoda murume
wake.Mama na daddy vakasvika pakudzoka
ndisina kuenda kunorara ndakangogariswa
pasofa ndiri muchitokisi.Ndakazopona
nekuda kwavo ndokuenda kunorara .Zuva

ramangwana raive rezvimwewo. Gogo
vaiuya vosiya vandiisa muroom maThomas
ndochitanga kugara semurume
nemukadzi. Hana yangu yairova kune rimwe
divi ndaifara kuti ndavewo mai pane
vamwe. Kuchiedza ndakamuka ndokuita
basa rese. Mama vakasara vomuka
ndapedza zvangu basa chikafu
chatonaka. Ndakapa vanhu chikafu kwave
kudya . Vakazobuda voenda kunotoro gogo
vaive vatofona kuti vasvika. Vakabuda vese
ndokuenda. Ndakabva ndamanya kunogeza
kutidzwanikwewo ndichinhuhwirira
kani. Ndakatanga nekusarudza hembe
dzakanaka dzakatsiga kwave kuchienda
kunogeza. Waiti uchibva mubath munhu
agere musitting ano kuona uchibuda

.Ndakaita zvangu zviya zvokumonera tauro ndokunogeza.Ndichipedza ndave kubuda ndiye dhuma dhuma naThomas.

Me.ko iwe hauna kuenda here kwaenda vamwe....

Thomas.kuendepi kwacho hakuna zita here .

Me Kunotora gogo.

Apa ndaitowanza nyaya ndaisada kuti nditarisane naye mumaziso. Ko zvivindi zvangu ndaitofamba ndichienda ku room kwangu . Ndakaona Thomas achifamba achitevera . Ndisina kana kusvika padoor aive andibata . Tauro rangu rakasudzunuka ndokugumira muchiuno mandaive ndakabatwa na Thomas. Takaramba takatarisana mumaziso chaimo. Musoro wake wakatanga kuswera pedyo neni . Ndakaona aaaa muromo yatove pamwechete . Ndakatsinzinyira zvimaziso kani. Ndaive ndonzwa kuti kune nzvimbo yave kupfura pfura kani. Paaive oda kundibata backsit yangu ndakanzwa kuuchirwa kwemaoko. Takaregedzana kwave kumanya ndichipinda mumba. Trevor

raive basa rake rekungonyuka nyuka.
Hameno vainge vadzoka
nguvai.Ndakanogara panubhedha
ndokutanga kuzvibata kani.Shuwa here
ndini ndainge ndapiwa kiss yekwamberi
naThomas.ummmmm ndakanakirwa
zvangu handidi kunyepa.Ndakazozora
mafuta angu ndo kupfeka hembe dzangu
kwave kubuda ndichienda kune
vamwe.Ndichisvika ndakamhoresa munhu
wese .Ndakazoudzwa kuti ava ndivo
gogo.Ummmm zvandaiti Trevor akatodza
mai vake ndaizvinyepera .Mbuya vacho
kwaive kuseri kwekuseri kani.Waimbotenda
here kuti ichembere inotaura kuderu.

Mbuya.kana ndauya pano
panotochinjwa mugariro. Iwe maiThomas
ndiwe unodzidzisa vana zvakashata..Enda
unogara pasofa hombe apo .nemurume
wako.Iwe Thomas dosimuka ipapo unogara
pane hombe iro nemukadzi wako.Kana
mozvichinja mozoita kana ndaenda INI.

Baba.kkkkkkk zvamai vasikana
.Matoita henyu mukauya muzukuru wenyu
atishungurudza uyu Thomas.Motosiya
zvaita nemukadzi wake uyu.APA uti mukadzi
iyeye aende zvake uone kurwara kwaanoita

asi kana vangova pamwe zvake zvotouya
zvekufunga Memory benzi riya.

Mbuya.hqiwaa zvega here izvozvo.Ko
zvechivanhu makaita here vanhu muchato
wedu wemupunga.

Ndakatoshaya kuti muchato wemupunga
kwainge wotaurwa ndeupiko.Ndakasimuka
kuti ndinogadzira chikafu dzaive dzave
dzemhuri nyaya.Ndichipedza ndakavapa
ndokudya Vanhu vese vaingonanzva maoko

kana vapedza kudya zvavo.Ndakanzwa chero gogo vorumbidza hanzi apa ndiko kunonzi kuramwirwa naMwari.Asi mukadzi wako kunyararisa kwake kwakanyanya ndosaka ichiita madiro naye.Ndakaona kuti shuwa havanyepi.Anotoita bhora rake zvake.Zuva rakavira vanhu tichifara kwazvo.Hapanoi nguva yekunovata yasvika pakaita basa wena .Thomas aive asingadi munhu muroom make.Mbuya vake vakatoita zvekumanikidza hanzi munhu wepi kuita kunge uneshavi rekusada mukadzi.Mbuya vaizvipengera ivavo.Ndakapinda muroom Imwe naThomas hana yangu yairova veduwe.Ko zvaive zvitsva zvekugara ne.Murume changu kwaingove kurepwa hangu .Ndakasvika

ndokuvata pamubhedha hangu. Thomas
akambosara akagara musitting vachiona tv
naTrevor .Hope hadzina kubata ndichifunga
Kuti ndigobatwa ndakavarairwa here .Aaaa
dzakasvika pakuve 00:00 chaiyo kusina kana
munhu Wauya mumba.Moziva musikanzwa
yehope haina kuti ndiani dzongouya
chete.Dzakabata ndisingatombozivi.Ko
kuzovata kwemunhu amborindira
haupepuki kusvika kwaedza.Kurota zvangu
ndichimanya mumunda waive wakaita
green .pakati pawo pachiita sepakatsva
.Mberi kwakaita green futi zivhingodero
kusvika munda wese wopera ndi
nchingomanya mukati mawo.Ndakaita
kuvhunduka ndichimutswa nezuva raipinda
nepawindow .Ndakatarisa ndokuona

mumba musina munhu but zvaitoratidza
kuti Thomas ainge avata pasofa raive
mumba make.Hembe ainge atanga chinja
atoenda basa.Ndakamuka ndokuita basa
rese repamba nokubikira vanhu.Moyo
wangu airwadza zvawo Thomas
aindirwadxisa.Hakuna chinhu chakaoma
sekuda munhu orega kudzosa rudo
rwacho.Unoita kunge munhu anonhonga
mumabhini.Zuva rave kuvira ndakaitirwa
shura naThomas.Akauya nemand hanzi basa
rawanda pano .Uye varipo vacho havagoni
kumuka vachibikira vanoenda
kubasa.Ndakaramba ndinyerere hangu
ndakaziva kuti ndini ndirikudenhwa.Mama
zvavo hanzi aripi musikana we basa wacho
iyeye atotanga basa handidi muroora

anoita basa. Akabva abuda gedhe kwave
kuuya akaita kumubata ruoko. Pamwe pese
ndaifenda Nhema .APA ndaifanirwa
kufenda chaiko but ndakaramba ndakamira
kunge munhu aisaziva zvekuita. Maid ainzi
ndauya naye aive musikana wake uya
wekukissana kuoffice kwake. Moziva
Ndakashaya kana simba rekuti pindai
mukati zvakaita Kuti ndisundidzirwe
naThomas. Mama ndivo vakatondigama but
zvainge zvakaoma. Akabva atonoiswa
kuroom kuya kwankandaigara kwehazvanzi
yavo iri kuchikoro. Akazouya odzidziswa
kuita basa raidiwa pamba. Ndakapinda
muroom mangu ndokunoita kupfugama
ndokutanga kuchema. Ndiyo nguva
yandakafunga kuti kune bible ratakapiwa

but ndaiziva kuti rina Thomas.Saka ndakabva ndatanga kutsvaka imba yese.Thomas was so a caring man.Aive atora zvese maphotos andakatorwa nanaPeter kuchikoro.Ma certificates angu ESE. Bible zvaive pamwe chete.Apa ndaitofunga kuti macertificates akatsvira mumba.Ndakatanga kusekerera ndakamabata.Ndakadzokera panzvimbo ndokupfugama kuti nditange kunamata.Ndakanamata zvokusvika pakubatirwa nehope ndakabata Bible rangu.Zvakaitika manheru iwayo handizivi kuti chii.Ndakazopepuka pakati peusiku ndonzwa nzara .Ndakabuda ndokuenda mukitchen kotsvaka chikafu.Ndave kubuda ndakaona zvangu Thomas akszvika

pasofa musitting asina kana jira.Ndakaenda
katora jira kwave kumufukidza
hangu.Ndakadzokera kovata i ndaida
kumuka nenguva uyu ndiwo muedzo
muhombe wanga wandishanyira
pamba.Hadzina kumbozobata hope dziya
kuchibva kwatoedxawo.Ndakabva ndamuka
kwave kutanga kubika .Pasina Nguva
ndainge ndapedza.Ndave kubuda kuti
ndinomutsa Thomas ndakanzwa ave
kutura ega. ndakavandira ko mashoko
ndaimaada hangu.

Him. *ndiFaith chete andifugidza jira iri
hakuna mumwe. Mercy negodo raanaro
haangambozviiti.Apa ndamudana kuzofixer
Faith ndozvaanogona kwete kuita rudo

saFaith.Apa ngakanakire miedzo Faith
kacho .Nxaaaa*

Ndakaseka veduwe vamwe vanhu
vanokurirwa nepride iri pavari zvavo
.Ndakangozoita zvivindi kwave kupinda
aripakati pekutaura .

Me.the food is ready.

Thomas.ok but today am fyn .

Akabva atotanga kufamba achienda zvake
mwana wevanhu .Ndakasara ndakati
tuzu.Chinzwa chikweee chakarohwa
naMercy wacho chesvito mhai.

Ndakafamba zvangu ndoenda koita rimwe
basa ranga rasara.Ndakanzwa Mbuya
vondideedza .Ndakaziva kuti pane zvoda
kuvhunzurudzwa .Ndakanogara hangu
nechemudhuze navo ndizvo zvavaida
chaizvo.

Mbuya. nhai Faith muzukuru
.zvaunona kudai ndave munhu mukuru
kwazvo.Uyu musikana we kunzi ndewebasa
haadanani here naThomas.

Me.ummm kana mbuya
havatombodanani zvachose ava. Anotoita
zvebasa zvake uyu.

Mbuyaheya asi ndiri munhu
mukuru. Pane zvatoda kuti tiite. Handiti
unoona chipatara chiri mutown icho
.Ndechangu nemurume wangu
akazofa. Saka ikozvino Mwana wangu ndiye
arikuona nezvazvo. Saka iwe ndakanzwa kuti
wakadzidza ndoda kuti unoshanda as a
secretary ipapo. Uchingonyora nyorawo
ikoko. Achikuona ariko. Kutanga mangwana
chaiye wotoenda kubasa.

Ndakafara veduwe nezvaive zvarongwa
.Maybe anogona kutondiona Kuti
ndirimunhu musvasvu chaiye.

Ndakatanga kugadzira zvekuenda
kubasa.Ndaizoenda navamwene vangu
.Zvese zvakaswera zvichiitika handina kuita
basa nazvo moyo wainge wave
mberi.Takazovata hedu zvakanaka iye
pasofa rake ini .pamubhedha.Kuchiedza
ndakamuka ndo kugeza ndokuenda kubasa
navamwene vangu.Ave masikati Ndakati
regai ndimboona kuti mudiwa wangu
urisei.Ndakati Ndichipinda ndokuona
aaaa.....

CHAPTER 19

Ndakatendeuka zviya zviriri soft ndaida kunyatsoona munhu anditevera kumba iyeye wanike ndiThomas.Ndakaramba ndakatensa ko daddy vainge vauya vega .Apa iye ainge anyorova back side in ndakanyorovawo front side. Akabva atanga kundikurura hanzi wapindwa nechando mukadzi wangu.Ndakaramba ndiri zii zvangu .Zvokudaura ndaive nazvo but paisada kumanya Thomas aizondituka.

Thomas. _am sorry for everything
Faith but from today onwards I will try my
best to comfort you as you do.You are such
a lovely girl.Smart ,kind and humble.I loves
you very much._

Me _thank you for accepting my
love for you_

Chero kuzoramba totaura apa paive
pachada here.Ndakatanga kubatwa zvekuti
nyama dzangu dzakaita magetsi chaiwo

kwete ekutamba.Ndaive ndisisagoni
kuzvicontroler hangu.Ndakasimudzwa
kwave kuiswa pamubhedha pedu. Nenguva
isipi taive tapinda mustyle hedu.Tichipedza
nyadzi dzakandibata chaizvo ndokutora jira
ndofuga musoro.Hope dzakabva dzatobata
ipapo zvekudzokera kuparty zvakazofungwa
nani.Ndakavhunduka kwaedza
ndichimutswa naThomas necoffee .Heeee
ndini here ndaive ndoitwa princess in
seconds.What about an hour ndine ndave
queen hanguzve. Ndakamuka ndokutanga
kunwa hangu .Kubasa musi uyu Ndakanzi
ndisatevera ndimbozorora.Ndakasara
ndomuka kuti ndiite basa vanhu vese
vakange vavemo zvavo.

Gogo..... _love is in the air.You failed to control your selves at the party and you just disappeared like the storm._

Ndakanyara veduwe gogo vangu vaiwanzira .Vakatanga kutotevera mukitchen mandakapinda kuti vazoita nyaya neni.

Gogo..... _why are looking so tired go and rest.Don't be shy_ ndave munhu mukuru ini ndotoonera makasi ose.

Handina kana kudaira zvambuya vangu
zvainge zvanyanya veduwe. Ndakatoona
kuti kugona zvese izvi kuenda
kunorara. Ndakapinda muroom mangu
ndokutanga kuvhura wadrope
yaThomas..Zuva iri ainge akanganwa makey
akaremba nekuda kwemufaro waive
maari..Ndakatanga kupeta hembe
dziya. Mashirts ndaitoayina ndichiisa
pahanger. Yaida kupfekwa ndiyo yaiayiniwa
nemukomana. Ndakasvika pane imwe
briefcase ndokuvhura hangu ndakawana
muine diary hombe kwazvo ndakritora
kwave kurigarira pasi.

*2002 16 March the day I caught my loving wife Memory in bed with my young brother's friend I was broke. From that day I put an x to every woman. Memory was very rough ,ignorance and cruel. Ma first days ndaiti kutya kupinda mumba kwaakaita but yoo zvakaramba zvakadaro wena. Chakabhowa Memory aisunga play aripanze ndikati munhu azere .Ndazoroora ndipo ndakaona kuti izuru rakapinde nyoka. Kutu ndichimuramba zvaisaita vabereki vedu were best friends even with Mr Ruzvidzo. Hameno zuva rakazouya Mr Ruzvidzo vachiti am going out of the country I can't face rubbish for the entire life of mine. Vakazama kunyengererwa nadaddy vakaramba kutaura nyaya yavo

.Chavakangogona kuti wangu mwana
achauya but awane mashares ake.Vakabva
vaenda .Memory akachitanga kuita senyoka
hunhu hwake.Ndaida kumuramba but
marambiro acho ndiwo
andaishaya.Ndakazofara ndvabata
kechitwo ndina Trevor vachibva
vatodzingwa vese .Trevor achigura
ushamwari naPeter.Rimwe zuva
pakazosvika ruva remoyo wangu richitsvaka
basa remumba.Handina kumbomunyima
achibva atotanga kushanda .Ndakamuda
ndichitanga kumuona hangu.She was very
humble saka ndaitofunga kuti imbwa nyoro
ndidzo tsengi dzamato.Ndakatangana
kubehaver rough kwaari but achina chinja
changu Faith Dube.Ndakazofara

ndabatanidzwa nababa vake ndikaziva kuti
come rain come thunder we are lovers
.Shuviro yangu ndeyekuti Faith andizvarire
vana Four the orapa ronda randakaipiwa
naMemo.First born yangu kuve mukomana
kana musikana achange achinzi
BLESSED.Anotevera
BLESSING.Ndichava murume akagara*

Ndakati ndichipedza kuverenga kuverenga
maziso angu ainge azara
misodzi.Ndakatarisa nguva ndokuona kuti
dzainge dzafamba ndo kubika kafood
kangu. Ndakaisa mulunchbox kwave
kuvigira Thomas kubasa.Ndaitonzwa kuti
kana Thomas ndisina kumuona ropa

raisafamba zvakanaka.Ndakasvika kubasa
ndokuwana kune meeting
yavo.Chaindinetsa Memory aivemo mukati
imomo.Chete hazvo zvakaitwa
zvemubatanidzwa ko iye wacho Ruzvidzo
angaramwa mukana wakakura kudai achiti
onoendepi hake.Ndaida kuzobvunza
Thomas nezvemurume uyu but matangiro
andaizoita nyaya yangu.Ndakangozogara
zvangu ndiri muoffice madaddy.Vachipedza
meeting yavo akabva atouya ndo kudya.
Akatanga achiramba kudya hanzi kokana
wandiisira mushonga ndikafa.Ndakaona kuti
uyu waive munyati wekuti tidye tese. Ko
mukapinda murudo munoita kunge mese
mave kurwara izvo kwete.Ndakatora lunch
yangu kuti ndichienda kumba ndichibva

ndatanga kudhonzwa.Ndakatiza ndichipota
seri kwedesk rake.Apa ndaive ndakabata
laptop yaive pamusoro .Takatanga
kudzingirirana kusvika azondibata .Akatanga
kundikissa kani dzikane ndatokururwa top
mukati .Ndaive ndonyara manje kuti
pakawana anouya hake kuzovhura door
owona shura iroro. Mutambo wedu
takaupamha futi.Tave kunopedza
ndorichibva ravhurwa .Akange ariMercy our
maid ainge auya nefood.Akabva aridza
tsamwa achibva abuda achisiya arovera
door.

Thomas.....tingatevedza madinga here
awa mukadzi wangu let's make love.

Ndaiti pamwe acharrga door ravhurwa
haana zvake kurega mutambo wake.Ini
ndini ndaiyonyara zvangu .Akazopedza
zvake tichibva tatobuda tese ndokuenda
kumba.Ndakasvika ndichiwira
mubath.Thomas achibva ateverawo
imomo.Tichipedza takatora nguva
tichipfeka hembe zvedu
kitaitonakirwa.Takazoenda kudya chikafu
chemanheru apa munhu wese ainge agara
akatimirira .Tichingopinda kugara pasi
Thomas ndokutanga .

Thomas.....muno ndiani akaronga
zvekuti mudzimai wangu aende kubasa.

Baba.....zvakashata here kushanda
muchionana ..ikozvino mave kungoita
semapenzi kkkkkkkk hayaaa zvofadza
chaiko .For first tym yangu kuonawo mwana
wangu achiseka mufaro chaiwo kwete
kuseka nyaya.

Trish.....hamunyepi daddy.Faith is
number one.☐ ☐ ☐

Gogo.....simbi yamudhara ndiFaith

Trevor.....anozunza mutaka .???

Thomas.....guys musawanza nyaya
tichitaura nyaya yedu pano ndati ndiani
akati mudzimai wangu aende kubasa.From
today onwards haachaendi zvake .

Vanhu vese vakabva vaenderana kuti
zvanzwikwa Ndakabhoikana ko ini
ndaitoda zvekuenda kubasa ndichiswera

ndichiona Thomas wangu.Takazofara
zvedu but Mercy haana kufara nezvaive
zvichiitika.

Rimwe zuva taive takatovarairwa hedu
tigere panze nagogo.Ndakatanga kunzwa
dzungu randisina kunzwisisa kuti rabva
nekupi.Ndakasimuka kwave kupinda
mumba .Ndakanozviwisira pamubhedha
.Ndakazovata kupi nhai ndakanzwa call
yapinda kubva Thomas .Ndakadavira
ndichiyema yemawo kani .Ndakanzwa oti
Pliz bbie try to forgive me.Pane munhu
arikuuya kumba inyaya yekuti pane

zvatakatenderana zvofanira
kuzadziswa.Saka marqmbiro
ndaashaya..Ndakasara ndobvunza kuti
ndiani iyeye but fon yainge yatokata
zvayo .Moyo wangu wange watova kure
kwazvo zvekuti ndakasimuka kwave
kutanga kutoita basa ranga rasara
.Ndakabika zvemanheru ndakamirira kuuya
kwaThomas .Vanhu vese vakazama
kubvunza kuti mukwindi wandainge ndave
nawo wange Wauya nenguvai .Handina
wandaiudza ndaida Thomas .Sezvineiwo
Thomas uya akabva auya .Akapinda
akadungamidzana na.....

CHAPTER 20

Veduwe zvangu zvaikunda ngoma kurira kani.Ndaitoshaya kuti pandaitadzira ndaipashaya.Ndakati pamwe zvoda kuti nditange ndatsvaka baba vangu kai .Thomas Handizivi kuti aiita zvitsidzo na memory zvekudii zvaimusunga mulife make kuderero.Vakapinda vakaderekedzana naMemo achinzi ave kugara pamba pedu.Vanhu vese ndakaona vachiita kuvhunduka wena.Semunhu ainge audzwa nyaya ndakaona kuti hazvichaita kuti

ndivhunduke .Ndakamanya kunogamuchira
mabag ainge akabatwa naMemo
.Ndakaenda nawo kunoisa mune imwe
room yaive yevaenzi .Thomas akatevera
ndokuisa Aive akabata kwave kundikissa
padama.

Thomas..... *thank you very much
nekumira neni Faith .. I promise that i will
always be there for you.love you my dear
wife.*

Ndakapa smile semunhu airumbidzwa
naswty wake.But zvainge zvakaoma

veduwe.Takabva tabuda kwave kuenda
kunevamwe kusitting .Takasvika vanhu
vese vakati ziii zvavo .Memory achiita
kuzvinzwa chaiko agere pake ega .Thomas
akanogara pedyo na gogo vake zvake .

Thomas..... *pliz welcome our new
family member here.She will stay here until
asisade hake.*

Baba....., just say you are joking my
son .Stay where .?

Thomas Here daddy .remember
that this is my house.

Veduweee vamwe vakadzi havana matyira
kukonanisa vabereki nevana vavo..Thomas
ainge atokuka zvekutadza kuona kuti
arikutaura nababa vake. Ndakaona
vosimuka zveukasha zviya kwave kuenda
muroom navo vasina wavataura naye.Gogo
vakabva vatevera zvakare vasina
chavataura.Vanhu vese Vakabva vatanga
kusumuka one one vachienda kunorara.
Ndakasimuka kwave kuenda kunorara
zvangu ndokusiya zvakagarisana Thomas
naMemo .Ndajavata kusvika pave pakati
peusiku asi Handina munhu wandakaona

achiuya .Ndakabuda ndokutanga kufamba
ndichinyahwaira ndaida kunzwa nyaya
dzavo .Ndakasvika ndokuwana Thomas
akaita kurara musitting asina kana
jira.Ndakanotora jira ndokubva
ndamufukidza hangu .Ndakadzokera
kunorara ndaive ndichaenda mberi kupi ini
ndawana
munhubwandaifambira..Kuchiedza
ndakagadzira food yaThomas yekuti aende
kubasa .Ndakaenda kunosana kutsvaka
hembe dzokuti apfeke sezvo ainge apedza
kugeza .Ndakazodzokera mukitchen kuya
wanike Memory ari kuzvivaka nechikafu
chemurume wangu.Ndakatanga kubika
patsva asi ndaive ndadya manonoko
chaiwo.Thomas akatobuda kwave kuenda

asina chaadya.Ndakarwadziwa moyo
zvangu but zvekuita painge pasisina
hapo..Ndakatanga kuita basa rangu
ndichimbirira. Baba vakazomuka pave paya
vakashuta Hanzi ndave kumbonogara Blwy
nemhuri yangu imbosarai makatarisa tsvina
idzi.Zvino zvavainge vondisiya mumukanwa
meshumba ndaizopabuda here
nhaimi.Ndakaona mama vari mushishi
kurongedzawo kuti vaende. Pasina nguva
vainge vatobuda vese Mama.. Baba
.gogo.nezvizukuru zvavo zvese .Trish
akaramba kuenda hanzi pano ndipo
pandichagara.At least ndaive ndawana
Wekuita nyaya naye kana zvazooma.

Ave manheru vanhu vekumabasa vakadzoka
ndokugara mudinnig kuti tidye.Ndakawana
Thomas naMemo vatogara pedyo na pedyo
vachiita kupakisana chikafu.Ndakatadza
kana kuzvidzora kwave kubuda pamba
.Ndaive ndafunga kufamba nenyika
.Handina kana kuona kuti paive nemota
yaive mberi kwangu. Ndakasvika
ndichidhumwa kwave kuwira pasi
.Ndakaona mota iya yave kudriviwa zviya
zvekumanyiswa.Ndakasara ndakavata pasi
but ndainzwa kuti pane zvirikuda kuitika
pandiri.Ndainzwa kupera simba zvishoma
nezvishoma.Ndakazonzwa Kutu pane munhu
asvika akandibata .Ndakazongoti ziii
ndakadero.

Ndakamuka ndiri kuchipatara
ndikachiziva. Chiya chandakamboiswa
ndatsikwa na Ben. Ndakaona pasvika Ben
na Thomas vese . Thomas akauya kwave
kunditsvoda padama.

Thomas.....thank you Faith.am now a
grown up man. Am going to be a father .

Me.....whaaaaaat???

Thomas Yes my dear wife .Two weeks pregnant.

Ndakangokwanisa kuyeredza misodzi yekufara chete .Ko ndaive ndaita Shuviro yaThomas yeupenyu hwake.Ndakasiwa kuchipatara ndichinzi ndaizobuda mangwana acho.Ndaive ndisina kukuvara zvakanyanya hangu.Ndakavigirwa chikafu chese chese kani.Asi kusadya chete ndiko kwaive kwandishanyira .Ndakazouya nditorwa zvangu mangwana acho naThomas.Tichinosvika kumba kuya

Ndakabva ndapinda muroom mangu ndisina wandaita nyaya naye .Ndaitinzwa kuda kuzorora zvangu .Trish Akabva apinda .achiita kuimba kani.Hanzi kubva kundiro irimuno mumba yave kutoziva kuti you are pregnancy .kkkkkk takatanga kuseka natete vangu vaitonakirwa neupenyu.Pasina nguva fon yavo yakabva yaringer zvayo.Vaive mama Takabva tatoita nyaya vachifarira iyo nhumbu yavainge vaudzwa nevana vavo..Vakatovimbisa kuti vaizodzoka kuno papera mwedzi yakati ooo.Pamba pakange ponakidza nerudo rwandaitirwa naThomas.

Rimwe zuva Memory akadzoka basa kwave kutora makey andaive ndapiwa anogara

chikafu. Handina kuita nharo naye
zvangu. Zuva racho takaswera nenzara. Ave
manheru haana kutouya nemakey aya
zvake. Vanhu takabva tarara nayo
zvakare. Ndaive ndabhoekana veduwe
nezvaiitwa naMemo. Thomas wacho kana
zvaaitaura. Ndakazama kubvunza kuti yaive
promise ipi yamainge maita inosunga
upenyu hwenyu kuderero asi akaramba
kutura. Ndakatombofunga kuti asi ndiye
nyakundirepa kai bcz vanhu vacho
vaingomixer zvaisanzwisisika
wena. Ndakaonankuti ndikakasvinura yaifa
yakaloader kwangu. Ndakafunga kuteverera
kubasa rimwe zuva. Akati Memo achibuda
ndokusara ndotsvaka mari
yechikafu. Ndakawana spare key mune

Imwe room yaisapindwa pindwa pamba
APA.Ndakatora mari shoma yandaida
kushandisa kana ndazosangana
nedambudziko.Ndakati Ndave panze
kutoenda fon yangu yakaringer
.Ndakawana iri land line ndokudavira .

Hallo... ..

Call.....wave kutamba nemadhaka
pasina mvura.

Me.....manje kana muchifunga mukafona neland ndotadza kubata voice renyu mazvinyepera .Dai maive mai vane moyo wekubereka maindiudza Kuna baba vangu.And am sure motoziva kwavari asi hamusi kuda henyu kuti ndivaone.Mubate imbwa yenyu Memo.

Fon yakabva yakata tisina kupedza kutaurirana.Kutamba nemadhaka pasina mvura api.Hapana wandainge ndaudza hurongwa hwangu hwese yaingove fungira mumoyo rwendo rwembwa.Ndakabva ndatobuda zvangu ndokuenda.Ndakabatwa

nehope ndiri mutaxi muya ndokuzopepuka
ndonzi sarai kuno mhai..

Me.....nhai mukwasha munorevei kana
muchindisiya mukati medondo.

Him.....instructios from my boss gud
bye .

Mota yakamutswa ndokusara ndakamira
ndega pamhene.Hana yangu yakatanga
kurova .Ndiani ainge andifungira mweya

wakaipa kuderu.Ndakatanga kufamba
zvishoma nezvishoma kutya kutonzwikwa
chero nenhunzi chaiyo.Ndakati ndave
kusvika nechekumucheto kwesango
ndakaona kakaita kaimba musango
imomo.Ndakafamba ndichienda ndaida
kunoona.Ndakaona umwe mukomana kuti
mvesu ndichibva ndavanda.Ndakanzwa
ofona hanzi work done .Ndakasiya
zvakadaro ndokurega vachienda.Ndakasara
ndobuda muya ndokunzwa kunge kune
munhu aichema kure kure
kwazvo.Ndakaramba ndichifamba
ndokutozoona Kuti munhu aichema aive
muchiiimba chiya .

CHAPTER 21

Ndakatanga kuita moyo miviri. Umwe
waiting rega zvakadaro unobatsira
ukazopandukirwa. Umwe moyo ukati bodo
batsira vanotambudzika. Ndakazopedzisira
ndavepo pachiiimba chiya. Chaive chisina
kana door waitoshaya Kuti zvofamba
sei. Ndakatsvaka dombo hombe kwave
kutanga kupwanya pwanya chiimba
chiya. Mapuranga acho aive aka simba
zvokuti ndakaona kuti ndiri kutamba
nenguva munhu anosvika pakufa chete
ndisina kana kubudisa munhu. Ndakatanga
kutenderera chaidishamisa kuti mukova
zvausipo komunhu wacho apinzwa sei

mukati.Ndakazoonapasi pachiratidza kuti pambocherwa.Ndakatangakuvhukunyurapasi paya ndokuona kuti ipdoor raitodzira.Paive pakatoiswa key iye yeganjo.Ndakatora dombo rangu riye kwave kutanga kukacha key iya.Yakaxotikwadabu pave paya ndanzwanekukacha.Ndakavhura mukati ndokuonazvavari teteTrish.Aaaaa ko aive ani afungamweya wakaipa kudaro.Ndakavabudisando kufonera taxi .Ndakatanga kufungira Memo .Saka ndakaona kuti ndikafonera Thomas aizosiya audza Memo zvandaisada.Taxi iya yakauya ndokuzotitora ndokuenda kumba.Ndakawana pasina kana munhu.Mercy anenge aive otamba dzake chaiko nekuti mamovements acho aitonetsa

kubata .Ndakavagezesa kwave kutora
chikafu ndokufapa.Ndakavapinza muroom
mangu ndokusiya zvakadaro.

Vanhu vachizodzoka kubasa akatanga
kubvunza Trish ndiMercy..Ndakamurafura
zvangu bcz shungu dzaive dzichakazara
wena.Ndakanzwa otodairawo hanzi saka
mose movata nayo handibiki ndandichitoda
kuti Trish abike.Ndakaona kuti aive asina
dhiri naTrish .Aitomutsvakira kuti abike
nhai.Kujaira kushandirwa..Ndakasimuka
kwave kunokumbira chikafu kunaMemo
kwave kupiwa makey.Ndichipedza kutora
chikafu Ndakaisa makey kuvaridzi .Angu
espare andaive ndawana hameno

akamateverera akatora zvake.Ndakatanga kubika ndokuisa chikafu mumba kuti tete vawane kudya.Pandakadzoka ndoda kudya ndakasvika chikafu chese chapera.Ndakaenda ndokunorara nayo..Thomas zuva iri haana kudzoka achiti amboenda kunze kwenyika akufambira Mota yake.Ndakafara bcz ndaitoda kuti tete vavate zvakanaka kusvika vapura .Vaive vasingarwari zvavo but kugwinya pamweya handiti vaive vavharirwa .Hapana akamboita hanya nekutiTrish aripi.Ndakaita mazuva ndinavo mumba kusvika vazogwinya.

After one week.

Baba namama vakadzoka kubva Blwyo kwavo.Ndaibatwa samambo.Handina kumboita chifuva chekuti makey ndakatorerwa .Memo akazoda kuonererwa ozviratidza kuti ndiye ave mai vemba.Ndakaona gogo vobvunza Kuti ko makey ave kugara naMemo mupakai.Hapana akagona kudaira nokuti Thomas aisavepo zvake.Ndakatopiwa zvekubika naMemo kwave kubikira vanhu.Mercy ainge akatogara zvake pane vamwe .Ko zvekushanda kwaive kubasa kwedu chaiko.Ndaisaona sepane basa mwana wevanhu.Tete Trish ndakavatsigira kuti vasaudza vana mama kuti vakambovharirwa mukamba musango.

Takagara zvedu pamba zvakakanaka .Thomas akazodzoka hake kubasa kwake .Nyaya yemakey yakazogadziriswa kwave kupiwa.Mercy naMemo vakatanga nkungotukana zvaisanzwisika kani.Zvaive zvotobhowa kugara uchiona vanhu vanorwa.

Umwe musibaba vachibva kubasa vakauya neumwe mukomana ainge akanaka zvekuti

hanzi achema chema kuti site garden boy
zvainge zvakamuomera. Handina hangu
kufara naye mukomana uyu but
handaipikisa pamba pevanhu. Akatanga
kushanda zvakakanaka veduwe arimunhu
anoteerera zvake . Munhu wese aingosvika
airumbidza kani kuti makamuwanepiko
mwana anetsika kudai.

Rimwe zuva baba vakafonerwa vachinzi
ngatisanganei kumucheto kwetown
chaiko. Zvese ndaizvinxwa Ndiri mumba
mangu. Asi chakandishamisa vainzi mukadzi
wenyu tamutora kana muchimuda ari
mupenyu huyai nemari inoita \$20. 0000
dollars . Mari iyoyo ichidanwa

yakandirwadza.Ndakaona baba vave
kupinda muroom mavo. Vakabva vaverenga
mari yaidiwa yacho yese kwave kuisa
mubriefcase kwave kutobuda.Mota
yakarohwa yakapinda mutown changu
chitaxi chiri muma sure.Ndaive
ndatobhadhara zvakakwana pamota kuti
ichange ichindisvitsa kwese
kwandinoda.Yakafamba mota yababa
ndokubuda mutown.Ndakatevera ikoko
ndirimusure kani.Ndajavaona zvangu
vachiburuka ndokutanga kudaira fon
yavo .Ndakaona voramba vachifamba ini
ndokutevera .Vakasvika pane rimwe ziimba
raive rakakura kwazvo kwave kufona
zvakare .Ndakaona vopinda .mukati
ndokutevera ndirimo.Taifamba

tichichinjana masides .Baba vaisandiona but
ini ndaivaona.Vakafona vave pakati
peziimba riya .Ndakaona poita umwe
murume akabva neside ravaiva chairo
nechwsure kwavo.Aive akabata rino
zipfuti.Akasvika pavaive ndokusumudza
mudenga kuti avarove negaro repfuti
ndichibva ndamanya ndichienda mberi
kwavo.Pfuti yakasvika ichinorova
mudumbu mangu.Ndakasundidzira baba
kuside ndokutarisna nemurume uya
.Akabva andipamha futi ndichibva ndawira
pasi.Ndakaona ropa kuyerera richifamba
mufloor .Nguva iyoyo ndakanzwa kurira
kwepfuti.Simba ndainge ndisisina
hangu.Ndakatanga kuona zvinhu two
two.Zvakazoitika handina chandakaziva.

Ndakapepuka ndiri muimba yakanaka kwazvo.Ndakatarisa ndokuona kuti muchipatara.Ndakatanga kunzwa kurwadziwa mudumbu ndokuridza mhere. *'my baby !my baby !please hurry!* ndiye ziii ndakadaro .Zvinhu zvacho zvaiita kunge zvine manyawi chaiwo.Ndakatanga kuona mukadzi aive akapfeka zvichena achiratidza kuti ari mhiri nkwerwizi.Aive akanditarisa mumaziso make makazara misodzi .Ndakatanga kufamba ndichienda kwaari .Ndave kusvika akatanga kuchedha hake ndo kumira ave chinhambwe.Akatanga kutaura . *Don't forget to pray my dear

daughter .Zvose zvichapera uchibva
watowana baba vako.But gara uchiziva kuti
une hazvanzi.Uye hazvanzi yako iri pedyo
zvakananyisa.ndiye wandakatanga kuzvara
ndokupedzisira iwe.* vachipedza kutaura
vakabva vatofuratira kwave kutanga
kufambisa vachienda.Ndakazama kumanya
kuti ndivabate vandiudze kunababa vangu
asi vainge vatoenda.Ndakatanga kuchema
kuti ndasiiwa. Handina kuziva kuti ndiko
kwaive kumuka kwangu zvakare.Apa
ndaive ndakakombewa manje.Munhu
wandakatanga kuona aive Thomas.Maziso
ake ainge akatsvuka zvekusatarisika
chaiko.Akaramba akanditarisa zvokuti
ndakatyana nazvo.Ndakatarisa rimwe side
ndokuona baba namama yangove same

same .Vanhu chavaichema chii
chaizvo.Ndakatanga kunzwa kapain
mudumbu but zvainge zvatosiyana
nepakutanga.Ndakabata dumbu kuratidza
kurwadziwa.Asi chaive chitondirwadza
vanhu vaingove vakagara vasina
zvekutaura .Ndakazonzwa ndonzi ndibaiwe
injection rekuzorora .Iii ndakachema
veduwe zvaive zvanyanya .Ndakabaiwa
zvakaoma kuderu.

Ndakazomuka ave manheru chaiwo
zvangu.Apa hongu marwadzo aivepo but
ndainzwa kuti zviru nani.Ndakazotorwa
ndoendwa neni kumba ndipo ndakaudzwa
kuti pamuviri pangu pabva .Ndakarwadziwa
veduwe but Thomas aitoratidza kuti ari

mberi kwazvo.Ndakagara mazuva akawanda ndisina chandinoita pamba. Ndakazosimba zvangu nyama d,angu.Baba vainge vave nani zvavo but waiona kuti murume mukuru arikudyiwa nestress.Mama vaigara vachingochrma havo.Gogo vainge vatoenda hanzi ndoda kudzoka Thomas ave munhu kwaye.Mazuva akapindana kuita mwedzi mwedzi kuita gore ndisina kuwana hazvanzi kana baba zvavo.

Rimwe zuva bamnn Trevor kubva kubasa vakatsamwa.Vakatanga kupopota munhu wese akateerera. *Hatidi vanhu veminyama pano pamba.Pekutanga ndaisvora mukoma wangu ikozvino

ndakuona kuti ndizvo.Kubva Faith
zvawauya pano pamba hapana kumbozoita
mufaro zvitori nani ubve hako handiti hauna
kana choti n'eee chepano here .Hatidi
kugara tichichema pano.*akabva agara pasi
mama ndokusimuka kwave kufamba
vachienda muroom kwavo.Nyaya yakabva
yatangwa naTrish .Aisada kuti ndibve
pamba aiziva Hondo yacho bcz pane
pandakambomunyeurira..Semunhukadzi
akabva akurirwa simba ndichibva ndapiwa
mari naThomas yekuti ndibve
pamba.Handina kuramba ndakarongedza
kwave kubuda.Ndave panze ndakanzwa
vanhu ka taurirana.Ndakaswedera pedyo
veduweeee handina kuziva kuti.....

CHAPTER 22

Vaive Mercy naMemo
vaitaurirana.Zvakandishamisa kwazvo
nokuti vaitoita sevanhu
vasingazivani.Ndakatanga kufamba
ndichienda nebag rangu.Kwekutangura
ndaisakuziva hangu.Ndave pagedhe
ndakaona Thomas otevera achimanya.
Ndakatambidza kamwe kabag kezvinhu
zvandainge ndasiya.Ndakatambira asi moyo
wangu wairwadza.Ndakaziva hangu kuti
mabasa aMemo ekuti ndibve
pamba.Ndakabuda gedhe kwave kufamba
ndichiimba ..handina musha panyika .Satan

ainge ave mudambiro reupenyu hwangu
haikona.Ndakaona mota yakauya mberi
kwangu ndokuti town here.Ndakakwira
ndaive ndafunga kunogara kumusha.Vana
ndainge ndasiya kunambuya .mai
vaThomas.Vaitove vasingadi kuti ndiende
but havisivo vaive vakandiroora .Ndiri
mutaxi ndaingo zvibvunza kuti
ndaizonotangira pai ndave kumusha .Mota
yakati yapinda mutown kwave kuenda
nelower Gweru road .Ndakavhunduka
ndaive ndoitwa yezuva riya. Ndakazama
kubvunza kuti mafungepi neni but hapana
aitodaira zvake.Veduwe vanhu ava vainge
vagara vakatondirongera kare .Kumasure
kwemota kwaitove neumwe munhu.Akabva
atondibata muromo bcz ndaive ndoita

noise yakawanda.Ndakatanga kufema
mweya mushoma kwazvo kudzikana
ndanyarara .Takasvika pakati perimwe
sango kwave kuburuka.Ndakasungwa
makumbo ndokutora hembe dzese dzaive
mubag rangu kwave kudira pamusoro
pangu.Ndakaona vatora chigubhu
cheparaffin kwave kudhudhudzira
pamusoro.Ndakaziva kuti urwu ndirwo
runonzi rufu rwasvika pandiri.Vakatora
imwe tambo kwave kusunga makumbo
angu.Vakasiya vabhara machisa moto
ndokutanga kubvira..Ndakachema pakati
pesango asi Hapana kana
akandidaira.Vakakwira mota yavo
ndokusiya vati. *zvose izvi tatumwa
naMemory .Hakuchina munhu anonzi Faith

muupenyu hwese saka toita zvatatumwa
hedu.Sarai munyasha.* Ndakachema
kudzikana moto wasvika paganda
rangu.Vanhu vaya vainge
vatoenda.Ndakaona kuti kuchema haisi
solution ndaive ndafunga kukorera
pamariketi. Ndakatanga kunamata chaizvo
ndoonekana nehama ne shamwari. *Mwari
wangu ndinouya pamberi pouso hwenyu
mukati medzino nguva.Honai ndasangana
nemiedzo yekuti handiikundi kana imi
musipo Tenzi wangu.Ipaiwo vana vangu
njere dzechikoro vadzidze
zvakanaka.Mukukura kwavo kwese ndinoda
vatye imi chete vazive chakanaka
nechakaipa.Kana vakura mumbiri yaTenzi
mugozovaropafadza nemhuri dzine rudo

.dzine moyo wekubatsira .Tambiraiwo
mweya wangu uwane zororo .Amen.*
....ndakange zvino ndanyarara shungu
dzese dzapera.Moto wainge wotodambura
kumakumbo kwese uku.Kumeso kwaive
kwatsva zvishoma nenhau yekuti
ndaikunguruka.Ndakanzwa kufamba
kuratidza kuti munhu.Ndakatanga
kudaidzira .

pliz help me .Pliz help

who is that by this tym

Aitotaurq achiuya kwandaive

.Chakandifadza haana kuda kuverengera

.Achisvika pandiri ndaive ndakuremerwa

nekutaura .Ndakatanga kurutsa nekudhota
nguva iyoyo ndiye ziii.

Ndakazomuka papera mazuva maviri
ndakanamiwa muviri wese
nemabhadheji.Muroom mandaive maive
neheater zvokuti ndainzwa kudzirwa .Apa
marwadzo andaive nawo.Mukadzi
akandibetsera kuuya kuchipatara akauya
ndokungodongorera .Zvekuti ndibude panze
zvaiisaita .After two weeks ndakazoiswa
pandaigona kuti ndionekwe nevanhu
vese.Kutaura chaiko ndaive ndave
kugona.Asi nyama dzangu dzaingove wick
wick chaizvo .Ndainzwa kuremerwa
chaiko.Mai vaya vakazouya vobvunza zita

ndichibva ndavaudza hangu .Vakabhadhara
mabills ese e kuchipatara. Ndakazobuda
muchipatara after 3 weeks
dzese.Ndakabuda ndatove nani.Nurse vaiti
rutsva rwacho rwanga rwusina kupinda
mukati taitotenda Mwari . Dai rwapinda
mukati pamwe dai ndakatofa. Kumeso
kwangu ndainge ndachinja zvangu
zvekusaziva kuti ndiani uyu.Ndakatanga
kugara namai vaya .Rimwe Zuva kwave
kubvunza .

Mama.....ini ndinonzi
maiShava.mumba medu takazvarwa tiri four
.Vasikana vatatu mukomana one.Vapenyu
tiri vaviri vamwe vakafa.kuvasikana ndini
ndaive mukuru kotevera umwe akazvara

mwana wake mukomana ndokuzofa azvara
musikana achibva atofa asina kana
kuyamwisa mwana iyeye.Kozouya benzi
rakazvarq mwana musikana one.Arimuno
muGweru hake but handifambidzani
nezvikonzero.

Me.....long story mama inoda tym .

Mama.....ndiudze hako pano ndongogara
ndega murume akafa vana vakafa zvakare.

Vainge vochema zvavo zvotonzwise tsitsi
tainge tasangana vane nhamo .Ndakatanga
kurondedzera yangu nyaya.Zvimwe ndaiita
ndicisiirira hangu .Zvimwe ndaitaura nemo
nemo.

Rimwe zuva ndakamuka ndisina kana simba
ndichirwara ndakambofunga kuti pamwe
iBp unoda kukwira nenyaya yekuenda
fungisa.Ndakavigirwa mapills namama
vangu ndokunwa. Vaingoita zvaita mai
vaThomas kundida.Vaive nomoyo wakanaka
zvekuti ndakademba kuti dai vangu vaive
vapenyu havo .Ndakazotanga kuita zviri
nani hangu.Mai shava vairarama
nekutengesa mafruits paTm paya

mutown.Vaitozikanwa kuti
ndopavanoraramira zvavo.Rimwe zuva
Vakauya vachiti ndisagarq ndega pamba
ndimboenda navo kubasa kwavo .Handina
kuramba ndakatogadzira zvangu
ndokuenda navo.Ko ndaigotyei zvangu
hapana aiti akandiona oziva face
yangu.Ndaive ndananauka hangu .Thomas
kubuda mumoyo mangu kwakatanga
kunetsa. Ndaitoda kumubudisa but
zvainetsa hazvo.Ndaiti ndikatanga
kumufunga ndaikaruka ndayeredza
misodzi.Zuva randakaenda kotengesa
namama ndakafara zvangu .Maitonakidza
mutown nekuona vanhu.Vamwe
ndivobvairamba vakanditarisa vachida
kunzwisisa.Zuva rakavira zvakanaka

tikadzokera kumba kwedu. Mai Shava
munhu aiziva chinonzi kunamata
zvandakada. Tainamata pamwe tichitsanya
chaiko.

After a month ndaive ndatova right
zvangu. Mutown Ndaive ndoita zvekusara
ndotevera mama vaenda kare. Rimwe zuva
ndakati regai ndimbopinda maTm
ndimboona ona kuda ndingasanga
nezvandaifarira .Ndichipinda ndakabva
ndatonanga pazvinzungu nechibage zvine
salt zviya .Ndaizvida veduwe .Ndave patill
ndakaona dzungu nezvandainge
ndaona. Trevor naMercy vaitofamba
vachinde nderedzana havo. Vaitove murudo

rwavo Vega zvavo.Kana arisa Trevor
akatouya pandaive kwave kundipa
\$5muruoko.Ndakaziva kuti haana kana
kundiziva.Ndakadzokera zvangu pamusika
ndokunzwa kuda kuvata..Bp yainge
yatokwira .Thomas akabva auya mu njere
dzangu not kukasira kwazvo.Ndaimuda
zvekurevsa but Satan aipinda pakati hake
.Ndakazosara ndovidza zuva pfungwa
dzaita kunonzi kugarana
chaiko.Pakurongedza zvinhu wainhoona
wega kuti ndaremerwa chaiko.Takaenda
kumba ndokunosvika ndichibika ndokuvata
ndisina kudya.Makuseni ndakamuka kwave
kuita basa rese zvangu ndokugadzira
kuenda kumusika.Ndapedza zvese Ndave
kutoti mama handei hedu vakabva vati mira

hako ndoda kumbotaura newe ndisati
tabuda.Ndakagara pasi zvokuda kunzwa
nyaya asi kahana kairova wena.

Mama. *Faith mwanangu dzidza
kuti kana ukaona munhu wawakanetsana
naye kana kukutsvinyira muupenyu hwako
rega kutongwa naSatan.Itokumbira Kuna
Mwari kuti akupe zivo rakanaka hako.Zuro
ndakazviona kuti pane zvakubata asi hauna
kukwanisa kusharer neni hako.Asi chinzwa
kubva nhasi.Ukaona zvakarema ndiudze
ndikubatsire hako .Tenda Mwari wave
mwedzi wepiri wabva kumurume asi hauna
nhumbu.Asi zvarema usatya ndiudze .Chero
kukubatsira kutsvaka baba vako
ndokubatsira.* vachipedza kutaura vakabva

vatosimuka kuti tiende.Mashoko avo
akange andibata kwazvo. Shuwa zvakakanaka
kusharer dambudziko.Takasvika kubasa
kwedu hedu.Ave masikati ndakatanga
kunzwa dzungu.Ndakafunga kuti Bp iya
yakwira zvayo.Ndakasimuka pandaive
ndichida kuenda kunamama ndiye pasi
dhiii.....

CHAPTER 23

Ndakamuka pandaive
ndadonha.Ndakatanga kutarisa vanhu
.Ndaive ndave kunyara zvangu nekudonha
kwandaita.Ndakasvika panamama ndo
kuramba vakanditarisa mumaziso
chaimo.Ndakaku.bira mari yekomby nekuti
ndandisisanzwi zvakanaka. Vakandipa
ndokusimbisa kuti ndisaita basa kana
ndasvika kumba.Not zvandainzwa
ndaisambonoita basa hangu.Ndakasvika
kumba kwave kuvata hope
dzedanda.Mama vakatozouya vakamutsa
zvangu ndakangorara .Vakabva vatenga
chikafu kuti tisabika hedu.Vakati
vachingovhura chikafu kuti vadye
ndichinzwa hwema hwandisina
kufarira.Ndakamanya kunorutsa kwave

kudzoka ndogara pasi.Ndakaona mama
vambomira kudya vakanditarisa
.Ndakatoshaya kuti Ziso racho asi pane
pandaresva kai.Vakazotqnga havo kudya
.Ndakatora changu kuti ndidye ndichibva
ndamanya kunorutsa.Zvaive zvemukati
zvaindirutsisa.Ndakaenda kunorara nenzara
ndaive ndisisadi kudya ndaneta
nekurutsa.Kuchiedza Ndaive ndisina kana
simba hangu.Ndakaramba ndakarara mama
ndokugadzira zvekuenda kubasa
kwavo.Ndakasara ndokuvata dzedanda
chaiko.Ndakazomuka ndonzwa kuda kuziya
ndiri kuhope .Ndakabika tea yangu
ndokunwa .Ndakba ndaita basa rangu
.Ndichipedza ndakageza ndokubva
ndaenda kunorara zvangu.Ndainge

ndongonzwa hope dzakawanda wanda
zvaibhowa .Mama vakadzoka kubasa
ndakatorara zvangu .Vakauya nechiropa
moyo wangu ukafara.Ndaive ndatadza
kudya maguru nematumbu
nezuro.Ndakabatidza stove kwave
kugadza.Ndakaenda koita Nyaya namama
vangu tichifara zvedu.

Mama..... Ko haudi kuenda mberi
nechikoro here nhai mwanangu.

Me.....ndoda mama but macertificates
angu akasara kumba kwana Thomas haana

kunge andipa kubva ,vatakabva kumusha
ndiye aingova nawo.

Mama.....OK saka ndichambozama
kukutsvakira zvimwe zvaungaita semunhu
we musikana .

Takaita nyaya Veduwe vaitoita samai vangu
vakandibereka.Ndakazomanya mukitchen
poto yotutumira pasi.Ndichisvika
ndakagamiwa nehwema hwechiropa kwave
kutanga kurutsa .Ndakarutsa kusvika
ndisisagoni kufamba.Ndakatanga
kukambaira kwave kunogara pasi chaiko

padoor.Ndaida mweya kwawo
wekufema..Mama zvino vainge vachimira
padoor vasina kana rekutaura.Vakazobva
voenda kunopedzisa kubika.Vachipedza
kubika vakadya vega ndaive ndatoguta
nemunhuwi iwoyo.Ndakaenda kunorara
hangu but ndainzwa kuti mumusoro mangu
mukupisa.Ndaikurirwa ne chinhu chonzi
pfungwa .Usiku ihwohwo ndakarota ndiina
Thomas akabata dumbu rangu
achipurudzira zvake.Taitofamba Ku nzvimbo
yaive yaknyorovera yakasvibira
zvekwamberi chaiko.Mama vangu vaive
mhiri vachingosekerera havo .Ndapepuka
yakarira kwave kutsauka mupundo aive
pedyo.Ndakatozoono kuti handisini ndanga
ndichirehwa.Ndakabuda kwave kufamba
ndaknanga kumba kwedu
chaiko.Mupfungwa dzangu maingopishana
nekufunga Trevor.I am not sure kuti akafa
but paakavigwa chaipo ndipo
paninetsa.Kana kumbotya kuti kwasviba.
Ndaive ndave Mrs Gweru.Ndakananga
pawindow ramama kwave kuknocker.Ko ini
zvekusvika pamba ndange ndisina
kumbozviona kuti ndasvika sei nenhau
yekufamba ndichironga nekuputsa.Mama
vakatovhunduka vanzwa kuti
ndini.Vakavhura door kwave
kupinda.Ndakatovaudza kuti nguva
yekutambisa painge pasina Ben aifanira

kutofonerwa osvika in tym Ati betsere
kuronga.Havana kana kunonoka
zvavo.Pasinawo nguva mukomana
nemudzimai wake vainge vati pfacha.

Ben.....what's wrong my dear sister by
this tym of nyt.

Me.....long story .zvotoda hana
dzakasimba tobetserana kuronga kubata
vanhu .First of all my brother who is *J.
Kunaka*

Ben..... one of our friend
naThomas.Wamuonepi he is very cool.

Me.....yaaa it seems so but akapinda
mu.maoko akashata kwazvo.Anodanana
naMemory.But mamwe magames avo ari
muflash .Saka mondiudza hamuchazivi
munhu wandakakuratidzai manje manje
pano.ndavaona mutakeaway vachirongana
pamusoro paThomas.

Ben.....no my sister haasiye iyeye uya handitomuzive .

Me.....saka pane nyaya bcz ini seusiku ndaona sekuti ndiye. But chandakoshesa izita rekuti J Kunaka. But pane nyaya inoda kutsvakurudzwa. Am feeling that Trevor is alive but kwaari manje. Uye ini ndoda kudzoserwa kumba makuseni seni hameno nhema dzatichanoreva .

Mumba makamboita runyararo kwazvo .Wainyatsoona kuti pave kushanda njere chete .kkkkkkkk ndakanzwa maiguru voti..

Maiguru.....Ben unongoenda naye woti ndasangana naye achida kutsikwa nemotikari .Sekunze kwaive kwasviba ndangoti ndiuye naye kwachena.

.mama.....yaaa zviru bhoo but iwe muroora ndiwe uchaenda naye BCz vanhukadzi kashoma kunzi manyepa.

Nyaya yedu yakazopera yakadai.Tose Takaenda kunorara hedu.Ndaiziva kuti

vanhu vanondinzwira tsitsi saka
vaingonditambira.Kuchichena takamuka
kwave kuenda kumba kwqna Thomas.Baba
vemwana wangu ndave kuvaziva kuti
ndiPeter.Munhu anoshungurudza musha
wese ndiPeter naMemory but anenge
achipa information yakakwana
ndiani.Vanhu vari munyaya iyi
vakawanda..Takasvika ndisina kana tarisiro
ndaitova busy kufunga zvangu.Tichisvika
maiguru vangu vakazvininipa ndokutaura
nyaya yavo.Ndakaona Trish ave kusimuka
kuuya pandaive .Akatanga kutaura
ndichigutsirira musoro pamwe
ndotombodonhedza musodzi..Gogo
Ndakanzwa vave kunetsana namaiguru
hanzi ndimi mozivqna naye zvakafamba sei

kuti atsve .Maiguru ndakaona vonditarisa
ndo kubvunza hanzi ndovaudza here bcz
maisada kuti zvizikanwe nevanhu
.Ndakagutsirira musoro kuti vaudzei henyu.

Maiguru.....zvisinganetsi regai vaite
kunyorera pachipepa but vakapisirwa
mumba nastep mother wavo. Ini
ndombomanyira kubasa.

Vakasimuka kwave kundikissa padama
ndokuenda.Ko Kuzosiya vapopotawo
zvenhema .maiguru vangu.Hanzi gara pasi
pamba pawawana basa ziva kuti hauna

hama kana one baba vako havkucheuke
were toda zverufambo
hako.Ndakagutsurira dzoro kuratidza kuti
ndazvinzwa hangu kkkkk.Zvakaoma
vasikana dai zvainzi Memory namai vake
havana kuuraya mai vangu moti
ndainyanyofirei chaizvo..Ndakasimuka
ndokuenda kuroom kwangu ndichinzwisa
tsitsi.Ndakasvika ndokutora hembe dzangu
kuti ndinogeza .Ndakapedza kugeza Trish
atobika tea hanzi imwa hako.Ndivhipedza
ndakazoita basa tichifara naTrish .Kune
chimwe chinhu chandaive ndakanganwa
kuudza Ben.Ndaida macamera ekuisa
mumba maMemory ndigowna
kumubata.Chero zvavo vaiti kuudza one
pamba pairema but nyaya ndausaibuda

ndiri one yaitoda umwe munhu
anobatsira.Semunhu aisataura ndaigara
zvangu ndakapaka vamwe vachiita
nyaya.Imi kunyarara kwembeveve
nekwemunhu ane zvaari kufunga
kwakatosiyana .Ndakanzwa gogo vouchira
maoko avo hanzi nhaiSofia
wafungepi.Ndakangosimler zvangu
ndokuvatarisa mumaziso.Ndakaona voseka
zvavo.

Musha uyu was blessed but nyaya
yekuroora mhunza musha
ndoyakavakonzeresa kuita semusha

wevasungwa. Baba vemusha kuuya uya
pamba kwavo kwainge kwave kushoma
. Mama vainge vari Bulawayo nevana vangu
kana kuuya kubva zvqkafa Trevor. Mercy
aive ogara akangovata pamwe ndiko
kuchema mufi. Ndainginamata kuti nhumbu
yangu isaita zvayo manyawi kuda
kundionesa.

Rimwe zuva Thomas haana kuenda kubasa
kwakuswera pamba. Akauya kwandaive
ndigere kwakutanga kuita nyaya
neni. Takafara zuva iri zvokuti. Aive
atopindawo mustaira yekunyora nebhilo
nebepa. Ndakazopera simba ondibvunza
hanzi uchirimhandara here .Ndakamuudza

chokwadi kuti handisi.Ndo kuseka zvake
hanzi no problem.Ummmm Thomas aidei
nezveumhandara hwangu.Ndakangosiya
zvakadaro but ndaive ndomutya ko kana
achida kundirepa.Takazosimuka toenda
kunobika achindibetsera. Takadya
zvemasikati Trish asina kana kudzoka
kwaainge aenda .Ummmm hana yangu
yakatanga kurova chaizvo.Memory aida
kuuraya musha wese saka ndaifanira
kutoona zvekuita.Ndakageza kwave kubuda
pamba ndisina kana
wandaoneka.Ndakapinda muchimota
ndakananga road yelower Gweru
kwandakadai kupisirwa .Ndichisvika
handina wandakaona ipapo.Ndakad,okera
kwandaive ndabva.Ndaive ndotofunga kuti

Trish atourawa.Ndakambodzokera kumba
kuti ndinoona kana asina
kudzoka.Ndichisvika pagedhe ndakatanga
kunzwa noise vanhu waitukana.Ndakati
pamwe ndaresva kunzwa
ndokunyatsopinda mukati.Ndakawana
zvokwadi Memory naTrish vakaita
kutarisana semachongwe.

Trish..... Haumudi kudiii ndiwe
unomupa here mari yacho.

Memory.....kana achitopiwa
ne.murume wangu ndini .KaSofia kenyu

handikad pano.Ndoziva ndiko
karikuregerwa kuenda kubasa naThomas
.Ndasvika pano achichema uyu achidana
Sofia.Ngaabve pano handimudi .

Ndakabva ndapinda mukati achitaura
kudero.Ndaiti pamwe achanyara kuti
ndawanikidzwa but akatouya pandaive
ndokutanga kundijunga junga
kumeso.Handina kana kudzosera zvangu
handiti ndine zvandaida chaizvo.Zvese
zvaitika gogo vaive vakatarisa zvavo kana
shoko ravakataura.Mdakazobatwa ruoko
naTrish ndokuenda neni muroom
medu.Akatanga kundibvunza kwabdainge
ndaenda ndokutomuudzawo kuti ndanga

ndaenda kunotarisa iwe.Akabva
andimbundira hanzi such a loving
sister.Ndakabva ndamupawo kiss
padama.Takazogadzira kubika zvemanheru
ndokudya .Takaenda kunorara hedu.Pave
pakati peusiku ndakanzwa kunge chinhu
chadonha kwave kubuda panze
.Ndakafamba ndichitenderera
imba.Ndakaona garden boy akabata
fon.Ndakangonzwa kuti.....

CHAPTER 29

Ndakanzwa garden boy achiti .

deal.Aaaaa Ndakapera simba.Rei. chaizvo
raanoita usiku huno.Ndakadzokera
ndichinyahwaira ndaisada kuonekwa
.Ndichipinda mumba ndokusangana
naThomas.Ndakanyara veduwe ndaizoti
ndobvepi.Ndakaramba ndichifamba zvangu
zviya zvekusada kubvunzwa..Ndakaona
achiramba akanditarisa ndokusiya akadero
ndoenda muroom mangu.Ndakasviko vata
zvangu but ndainzwa kuremerwa muhana
aibvepi chaizvo garden boy .Usiku achiti

deal Ummmm zvakaoma.Ndakazobatwa
nehope ndikurota Thomas achidzingirirwa
neshumba .Ainge ave kubatwa atoneta
nekumanya .Ndakabva ndapiwa chitanda
namama kuhope ndokubva ndanzi tema
.Ndakaposhera shumba iya ichibva yachinja
kuita Memory.Ndakamira zvekupererwa
zviya ndokufamba achiuya kwandiri
.Ndakabva ndafamba ndichienda
kunaThomas ndakamubata ruoko.Takabva
tanyangadika pataive takamira.Takanomira
pane imwe nzvimbo yaive yakanaka
kwazvo.Mama vangu ndokusekerera
zvavo .Ndiyo nguva yavakasimudza ruoko
vave kuenda.Ndakapepuka ndikurwadziwa
nehope.Shuwa kurota ndakabatana ruoko
naThomas ndomuka

ndusinaye.Ndakanogadziea hangu
zvekubika ndokupa vekumabasa .Vachidya
vakaenda kumabasa kwavo.Thomas ndiye
akauya pandaive ndokuzevezera
munzeve .Ndakamboti pamwe ndaresva
kunzwa .Handina chandakasara ndikanyora
pachipepa sekuda kwake.Ndaida
azodzokorora nyaya yake ndigowana
kumudaira.Ndakaita basa ndine kamufaro
mbichana muhana mangu.Zuva richivira
ndakaona Thomas nokukasira kuuya
kumba.Akasvika achifara fara zvake
.Ndakamupa chikafu asi kana
zvaakataura .Ndakarambawo ndiri zii.Vanhu
vakatandara ,zvavo tichifara ini
ndaingosekerera zvangu
sembeveve.Takaenda kunorara Thomas

asina chaataura.Pave pakati peuski
ndakanzwa kunge door rekumain
ravhurwa.Ndakamuka kwave kupfeka
zvibhutsu zvangu .Ndakabuda
ndichinyahwaira nokuti ndainge ndataoona
kuti pakaipa. Munhu aive avhura door ainge
asina kubatidza malights .Ndakatoona kuti
itsotsi.Ndaivandira zvangu ndichitevera
zvandaisaona.Pakazoti pave paya
ndokuona munhu kuti mvesu.Akafamba
zvishoma zvishoma ndichitevera
.Akanobuda gedhe ndokusiya rakashama
.Ndakafara kuti ndiwanewo kutevera.But
ndaive ndisati ndaona kuti ndiani.
Ndakaona munhu uya achifamba achienda
mberi.Veduweee hana yangu yainge yorova
chaizvo.Pakaita nguva yakareba kwazvo

tichifamba hedu.Chero zvake ainge
asingandioni hake.Ndakaona kuti fon yake
inenge yaringer bcz akambomira achidaira
zvaakataura handina kuzvinzwa but
Ndakaona nekufambisa kuratidza kuti
munhu uyu anonoka
kwaanoenda.Ndakaramba ndichingotevera
zvangu tichienda.Ndakazoti ndasvika pane
imwe nzvimbo ndokuona ave kufamba
zvishoma zvishoma achicheuka
hake.Akabva amira akavanda pane umwe
muti waive muhombe..Ndakaendawo
paneumwe mutibndokumira.Pave paya
ndakaona mwenje we mota kuvheneka
uchiuya nekwandaive.Ndakabva ndakwira
mumuti kuti ndigowana kuona zvese.Mota
iya yakabva yasvika paya ndokuona

zvaariThomas wandange ndichitevera
nhai.Asi aiita kunge anemamhepo shuwa
.Ndakambomira ndichida kuona munhu
anoburuka.Ndakaona ano mamutumba
evarume achibuda mumota
maviri.Ndakabva ndaziva kuti ndevaya
vekundipisa.Ndakaona havo vatanga kurova
Thomas.Akarohwa Akatanga
kugomera.Akapedzisira ave kuchema
zvaitonzwisa tsitsi.Nguva iyoyo one
akabudisa banga muhomwe make...

Man (1).....munhu.uyu ngatiuraye
iwe..bcz ationa kuti tisu vanani akararama
tinofira mujere.

Man(2).....ummmm kana vakomana
vagoita vanhu vangani tichiuraya .Uya
mukadzi wake takauraya rufu rworwadza
shamwari ngatirege.

Man(3).....dai Peter ariye auya zvake
asina matyira kwete mbwende iyi and
mukaona mangotanga kupokana kudai
zvose mudondo.

Man(1).urayai henyu imi ini
handidi..

Man.....nxaaaaa kana watoteya
mariva murutsva chirega kutya kusviba
magaro hama yangu ..Iwe waivepo
tichiuraya kamukadxi kake kaye .Nhasi
ndipo powoda kuzviidza mutsvene.

Man(3).....varume nguva dziri kufamba
urayai munhu uyu.

Ndakaona uya aive nebanga abudisa kwave kubaya panaThomas.Akaita zviya zveutsinye chaizvo.Akatanga acheka paakachekeka .Ndaingona kuti munhu arikuvhiya asi ndaisanyatsoona.Moyo wangu wakarwadza asi zvekuita ndaive ndisina.Ndakaona atora banga rake kwave kuti jooooo pana Thomas.Vese vakabva vati panda vqchinopinda mumota yavo.Ndakaona Mota yasimuka yave chinhambwe kwave kuburuka mumuti muya.Ndakasvika panaThomas akasvinura hake achigomera achingoti _help please help_....Aitaurira pasi zviya zvokurwadziwa wena.Ndakatarisa banga rainge rakabaya

nechepqmbabvu chaipo.Hameno kuti
rainge rqbaya kusvika papi.Ndakambida
kubvisa but ndakatyia kuti ropa rozobuda
rakawanda zvokuti ndisingagoni first
aid.Ndakatsvanzvadzira homwe .dzake
ndokuwana fon. Ndakafara ndaiwana usina
kana password.Ndakatsvaka number
dzaBen ndokuwana dzirimo
ndokufona.Ndakamuudza kuti atevedze
sango raienda nekuGuine Fowl.Mota
ndakatomuudza kuti anosiya nechekure bcz
vaigona kungozodzoka.Hana yangu
yakatanga kurova.Ndakaisa Thomas
ndokuona kuti akurwadziwa chero zvake
ainge achafema.Ndakanzwa ave kutaura.

Thomas.....pliz Sofia save my life ..I
want to revenge I know its Memory .

Me.....You won't die my dear
husband .Now its our turn to revenge.I am
not Sofia .Long story am Faith your wife
.Kutsvakudai miviri wangu
ndiMemory.Ndave nezvandinoziva
zvakanwanda BT zvoda tym kwete
kumhanya. Usafa usina kuona vana
vedu..Zuva rawakandidzinga pamba
ndakazozviona Ndave kwandaive kuti ndine
nhumbu.

Ndaive ndarwadzisa Thomas
pachikwadi.Ndakaona achiyeredza misodzi
achibata dumbu rangu.For first time
kunzwa kutamba kwemwana mudumbu
mangu panhumbu iyi.Matambiro akaita
mwana wacho kuita sevaviri.Ndakasekerera
zvangu nguva iyi yaingoda iri yemufaro
kwete kuchema.Ndakaona fon yoringer
ndokudaira aive Ben nemukadzi
wake.Ndakavadi director kusvika vasvika
pataive.Vachisvika vaive nematurusi ESE
handiti ndivanachiremba.Vanhu vakadzidza
basa ravo vakaoma..Ndakaona maiguru
vodzura Banga riya kwave kutanga kusuka
zvaisukwa ndokubandega wena.Ropa
rakabuda veduwe tainge rawanaroad.Hana

yangu yakatanga kurova ndobva ndaudza mukoma Ben.

Me.....ummmm mukoma Hana yangu marovero ayirikuita anoda kuti tibve pano.Ngatifambe tinozororq Tave pedyo nekumota yenyu.

Maiguru.....even.yangu wena .

Hatina kuzopedza nguva tiripo. Takabatirana munhu wedu ndokuenda zvedu. Tisina kana kure kwatasvika takaona mota kuvheneka apa .mamanyiro ayaiita. Takafamba kwave kuhwanda zvedu. Yakanyatsosvika paive naThomas kwave kutanga kutarisa tarisa. Vakatangana kutaudzana .

1.....ndambokuudzai kuti dai marega kuuraya munhu uyu chionai ndezvipi.

2.....kana uri .sewe kasira hako kuvhara gaba rako.Ndiwe wakonzeresa mhopo idzi.Tonoti kudii nhai kunamadamBoss.

Havana kupedza kutaudzana Imwe yefon dzavo yainge yaringer. Vakadaira ndokubva vatobva panzvimbo.Takasara tosimudza munhu wedu toenda kumba.Takangoti tichiti pachivanze chamukoma Ben dhigi.Ndiye dhuma dhuma na.....

CHAPTER 30

Vanhu vese takamira takatarisana zviya
zvikutya .Munhu ainge akamira tatisina
kuona chiso chake kuti ndiani.Takangoona
kuti munhu kadzi aivepo.Mukoma Ben
vakaregedza Thomas ndokusara
takamubata tiri two na maiguru.Munhu uya
akatanga nkuchedha zvishoma zvishoma
achidzokera sure.Pave paya akabva amira
kwave kutanga kuseka.Vaive mama Mai
Shava kani.kkkkkk Zvamama so votoda
zvekutamba nesu tiripadambudziko
kudai.Hatina kuzoita zvekufara takabva
tatopinda mumba.Apa nkwainge kotiyedza
wena ndisina kudzokera kumba.Ndakasiya
mama vachirindedzerwa nemuroora wavo

ndatove mumota kudzokera kubasa ndaida
kumuka ndiripo pamba.Ndakanokwidzwa
nepadurawall nemukoma
wangu.Ndakapinda zvangu ndokubata
mutsvairo.Ndakatsvaira chivanze
chese.Trish akazomuka kwave kuvhura door
.Akamboda kuita kakukatyamara kaya kuti
sei iri panze door rakakiiwa nemujati
.Ndakafamba ndichienda mberi kwake
zvangu ..Mbeveve inobvunzwa zvekudii
zvqinoziva zvayo.Ndakatonanga mukitchen
kugadzira zvekubika .Ndapedza ndakapinda
muroom medu.Trish akatevera kwave
kundinetsa .

Trish.....une fon kaiwe Sofia .Uchaita tsotsi
iwe.

Me...👉👉👉.....I told you wani kuti
Ndakapiwa fon neumwe nurse akandirapa
maronda ekutsva aya.

Akaramba akanditarisa ndichibva ndaita
manyawi.Ndakatanga kuchema kani .Nguva
yaaida kundinyaradza ndaibva ndabatwa
neshungu nezvinhu zvese zvakaitika
madeko .Ndaive ndisina kumbochema
nekuda kwesituation.Ndakachema
zvokupedza shungu .Ndakanzwa Trish
odemba demba hanzi am sorry
handikubvunzi futi.Ndakasekerera

nechemumoyo.Zvemunhu anoda
kungwarisa ndaisazvida .Ndakazotanga
kufamba famba nemba yese ndaitsvaka
garden boy ..Ndichibva ndamushaya.

One week after.

Ndakafunga kumboenda kumba
kwamukoma Ben kuti ndinoona
Thimas.Ndakawna ronda rake rakangodero
wena moyo wangu wakarwadza Ndaktanga

kutaura ndega ndirimo mumba. *Nhai mhai
kwamuri ikoko itai muchitarisa mwana
wenyu .Shuwa here munhu wandorota
ndiinaye imi muripo muchisekerera morega
achifawo here muriko kumafura mhupo
ikoko.Mucheukeiwo veduwe.* ndaive
ndotochem ndakazoitwa zvekunyararidzwa
namaiguru.Iye Thomas aive akssvinura
achiona zvese asi haana kana shoko
raakataura.Ndakakumbira maiguru
ndokusiya munamoto sekuda kwangu
.Ndaksenda kubasa kwangu zvanhu.Rimwe
zuva ndakafunga kutaura nagarden boy
zvakare ndokuenda seri kwemba
kwaaiwanzogara kana apedza
basa.Ndakawana zvangu achidiridza garden
rake achiimba nziyo dzenyasha

.Ndakaramba ndakamutarisa ndichisekerera wena.Ndaida auye pandaive kuti tigowana kuita nyaya.Akaswedera pedyo ndokuti rega ndipedze kudiridza tigoita nyaya bcz ndakambokuonai naBoss Thomas muchiita nyaya mavasawa handiti.Handina kugitsurira musoro ndakangpa nye mwerero kwave kutendeuka ndichinotora buk nebhilo.Ndakadzoka zvangu kwave kugara pasi kwangu ndega kuti ndimupe nguva .Achipedzawo akabva auya zvake ndokubva atanga nekubvunza matsviro andakaita.Ndakamuidza zvese zvandauve ndataura pamba apa..Ndaida asambifungura zvakashata .Ndakatanga kumukumbira kuita shamwari achibva

atenda ndokupinda munyaya yangu yandaida.

Me.👉👉👉👉.....tell me unobatwa rough here sezvandinoitwa naThomas pano.

Garden boy.....aaaa une munyama.wena ini kana padoko.

Me...👉👉👉.....saka ndoda kunamatirwa or else anosema kutsva kwandakaita uku.

Garden boy.....kuti kuderu here .

Ndakaona kuti munhu auyu anenge asingadi
zvechikuhwa.Ndaida kutomufeya zvangu
but mapinduro andaimuita
ndaitiashaya..Chandaingoda kwaari
akataura kumba kwavo chete ndaingonzwa
kuda kusvikapo .Takambigara tiri zii zvedu
ndapererwa chaiko.Ndiye akatozonditanga
hanzi ko bhururu wangu wadii.

Me.👉👉👉👉.....bhoo wena ndikungofunga
zvangu kuti dai Boss Thomas vakarega
kuuya zvachose hangu.

Garden boy.....aaaaa muchiti
vachadzoka here pombonokai kuita
kuradanuka seshinda.

Me...👉👉👉👉👉.....nei .wadaro asi vakatenga
Imwe imba kai.

Garden boy.....kkkkkk kufara zvangu
ndandichida kunzwa kuti mofara kusvika
papi.

Me.👉👉👉👉.....haaa ndotoda zvekubva
pano INI asi zvoda ndawana basa kumwe
hangu.

Garden boy..... Kubva pano zvariini.

Me👉👉👉👉.....kana ndangowana
kwekuenda chete ndobva
zvangu.Ukanxwawo basa undiudze.

Hatina kuzopedza kuita nyaya dzedu Trish
ainge auya .Ndakabva ndatoviga chibhuku
changu.Zvemunhu anongonyuka
zvaindibhowa .Akasvika ndokugara zvake
ndokuti *love birds* Nxaaa isu manje dai
aitoziva kuti ndirikurwira hazvanzi dzake
aisandidaro.Ndakabva ndatosimuka kwave
kuenda kunorara. Akatevera kwave
kukumbira ruregerero achiti anga
achingofara zvake . Ndakanyepera
kuwedzera kutsamwa ndokutoona kuti
haachina mufaro zvake.Ndakazomupa smile
achibva abuda.Ndakasara ndikadzipfidora
hope.Mama vangu vakauya kuhope
ndokuti don't worry Thomas Ronda rake
ndamurapa but muromo wezasi
wakachekwa ndiwo unoda kurapiwa asi

achatigara ari chirema.Ndakasekerera ndiri
kuhope .Ndakafara zvekukwakuka kuti
ndinobata mama vachibva vatodzokera
kumasure wena vachiramba
kubatwa..Vakangosekerera zvavo ndokubva
vatanga kundibhaibhisa.Ndakapepuka
ndichifara hangu.Ndakaziva kuti I chokwadi
bcz ndivo vakambondipa tsvimbo kuhope
ndikarova shumba ikachinja kuita
Memory.Zvefon Ndaive ndotyra kubata
ndaizobatikidzwa zvangu .Ndaive
ndatofunga kunoona Thomie wangu.I hope
zvandakamuudza kuti an not Sofia aive ari
right ..Moyo wangu wakatanga
kurwadzirirwa rudo.Ndakagara pabed
ndichigaya zano rekubuda
pamba.Ndakatarisa nepawindow zvangu

ndichitofurwa nmhepo.Ndakaona garden
boy wedu achijamba durawall akapfeka
hembe dzekwamberi.Aitopta
kuseri.chaiko.Hana yangu yakarova ainge
afunga kuendepi chaizvo.Ndakapfeka
zvishangu zvangu kwave kuuruka kuside
kwaauruka nako ndichibva ndanowira
pachivanze xhevanhu.Ndakatanga
mucheuka chwuka kuti ndione kana pasina
andiona. Ndakaona pasina ndokunyahwaira
ndichifamba .Ndaitsvaka madhindo
ebhutsu dzake.Ndakaenda neseri
kwemibhanana yandakaona ipapo.Ndave
pawindow nkanzwa ka chikwee
ndokudongorera .Ndakatanga kuona vanhu
vaitsvodana .Ndakazama kutarisa zviso
zvaitovanda .Chakandimisa pamba APA

kahana ndiko kaingorova
zvako.Ndakazowedzera kuswedera padhuze
ndokuona zvaari

CHAPTER 31

Hama dzangu zvandakaona ndakapera
simba chairo.Aive Mercy na garden
boy.Ndakaramba ndakahwanda ndichida
kuona.Vakaita zvevakuru kwave kupedza
ndakayeva hangu.Garden boy akazobuda
kwave kuenda kumba.Mercy ndokubuda
nekugedhe.Zvakandinetsa kwazvo zvoreva
kuti imba iyi ingava yani pakati peuviri
hwavo. Ndakasara ndakamira
ndapererwa .Ndakazotanga kufamba

nemba ndichitsvaka pekubuda napo.Ndave
pawindow rekupedzisira ndakanzwa
kugomera kwemunhu.Ndakamira ndichida
kunzwa kuti ichokwadi chandanzwa here
.Pakaita nguva pasina zvaitika ndokubva
ndatanga kufamba .Ndichingoti step one
chete ndokunzwa zvakare .Ndakabva
ndaziva .kuti zviri kubva mukati
zveshuwa.Ndakatsvaka tsvaka pekupinda
napo ndokushaya.Ndakatanga kufamba
nemba ndichitsvaka simbi yekuvhurisa
door.Ndakaiwana ndavekuenda kudoor
ndakanzwa kuvhurwa
kwegedhe.Ndakadzokera kunovanda
ndokuona Mercy a kupinda akabata
chikafu.Ndakazita kuti zvichamutorera time
arimo mumba imomo.Ndakatora makey

aive pagedhe ndokutresera pabepa
ndichidambura..Ndajanyahwaira ndichienda
kunotora epamain door.Ndichisvika
ndakaabvisa kwave kuenda seri
kwemba.Ndakatanga kuanan'anidza
ndokuona kuti makey ese aripo Aive
30.Pakuwanda kwawo kudai aive ari three
three.Ndakabvisa nokufanana kwawo
ndichiisa mubhutsu
dzangu.Ndokudzoserera.Ndakabva
ndatobuda gedhe kwave kuenda kumba
kwamukoma Ben.Ndichisvika ndakawana
Maiguru variko vachitamba zvavo
nemwana wavo.Musikana webasa aivapo
akabva andipa ziso randisina
kunzwisisa.Ndakangozviisa paside but
kahana kairova.Ndakadarika ndokuenda

kuroom kwaive naThomas. Ndakavhunduka
ndichiwana asimo.Ndakaenda kuna
maiguru ndokubvunza kuti aripi.Vakaramba
vakanyarara ndokubva ndatogara
pasi.Nguva iyoyo ndakaona mukoma Ben
vachipinda vachimanyisa
mota.Zvakatondinetsa kuti sei vanhu ava
vachiita kunge vavhiringika.

Me.....M.

Ben Akabva andipa sign yekuti nyarara
zvako .Ndakapinda mumota mamukoma
wangu ndokunogara .Kuside radriver
ndakaona ropa.Hana yangu yakati pamu

zvokutya zviya .Ndakaburuka nekukasira
kwave kupinda dzimba dzese manje
ndichitsvaka Thomas.Ndakapinda
mubedroom mavo ndokuwana aikaka
Thomas arimo zvake akatorariswa pane
rimwe bed raivemo.Paakandiona
ndichipinda akaramba akanditarisa kuita
semunhu ataika brain.Ndakaswedera pedyo
naye ndokusekerera .Haana kana
zvaakaita .Ndakamubata ruoko achibva
atanga kuchema ndokukasira
kuregedza.Ndakagara pasi ndakamutarisa
misodzi ndokutanga kubuda.Ndaizofara riini
nhai Mwari wangu muupenyu.Handina
Kuona kupinda kwaBen mumba.Akasvika
ndokundibata pafudzi.

Ben..... Am.sorry Faith .Upenyu
hwakaoma uhu hwoda kushinga
chaizvo.Ben ange ave kutofamba uyu
.Ukatarisa ronda rake rakatooma .Rimwe
zuva akaita nharo kwave kubuda panze
pegedhe.Am sure akaonekwa
nemhandu.Ndipo takapindirwa muno
mumba .Maonero angu anenge akabaiwa
injection rekurasisa njere dzake.Saka
parizvino haana chaanoziva.Nhasi usiku we
are thinking to travel onut of this
city.MuKwekwe chaimo ndimo matave
kunogara .But izvo zvopera hazvo usatya
.Zvoda titsvake mamwe mapiritsi ekumupa.

Ndakayeredza misodzi chaiyo Ben
achitaura.Ko muvengi wacho
zvaanotovhima chaiko.Mubvunzo wandaive
nawo manje usina kana aigona kundidaira .
*Mhandu idzi hadzisati dzave kuziva here
kuti ndini Faith the humble girl?*.Moziva
kuti unoita sedununu iri
panzvimbo.Ndakazobva .pamba pamukoma
wangu toonekana zvedu .Ndiro raive zuva
rekupedzisira kusvika pamba apa.Maiguru
vakandibata vakandisimbisa kuti zvoita.
Ndaitoziva Kuti zvoita hazvo nekuti vabereki
vamaiguru vese madoctors kuUk
chaiko.Ndakaenda kumba ndakasuwa
.Ndakatobva ndakanganwa kuudza Ben
nezvemakey andaba ndichida kuzopinda
mumba muya.Ndakasiya zvakadaro

ndokusvika pamba chaipo. Ndakawana
garden boy akatovata zvake manhede
paloan .Ko handiti ainge aneta here
nekushanda mukadzi .Ndakadarika
ndokuenda kunотора buk rangu nebhilo.

Me👉👉👉👉.....Boss Thomas vadzoka here .

Gargen boy.....kkkk hazvidzoki izvi..Oti
muri.

Me..👉👉👉👉.....nei nhaimi ndingafara
zvekuti.

Garden boy..... Ndozvavanoita kana vakarara vachirwa usiku hwese vanomboita mazuva vasipo hamuoni vanhu vese vasina basa nazvo .Kana mazuva aziwandisa ndipo vachatanga kutsvaka

Me.👉👉👉👉👉.....saka ndav kuseri manje.Handichatotsvaki basa rimwe .Ndanakanaka INI ..

Ndakabva ndatosimuka ndakananga
mumba.Ndakanopinda mubedroom
maThomas..Ndakatsvaka pandaiziva
paigara mari ndokutora
yakawanda.Ndakabuda kwave kunoisa
kuroom kwangu naTrish.Ndakabva
ndaenda kugadzira zvekubika zvemanheru
kwaive kwasviba hako.Ndichipedza kubika
Trish akabva apinda nagogo .Vaive
vakachena muromo ne nzara.Ndakamanya
manya kuvapa chikafu .Zvaiti rudo
.kunzwira tsitsi uye kuvhara vhara
kusabvunzwa kwandaswera.Vachipedza
kudya takabva tatoenda kunovata.Memory
ainge asina kuuya futi.Hope hadzubati
nekukasira kana wakazara ne pfungwa
.Ndakazobatwa nehope ndokurota mama

vangu.Vaifara zvavo vachiita kusekerera
wena.Ndaitoshaya chofadza chii ini ndiri
pakutambura.Vakabva vashama muromo
wavo kwave kuti *Ramba wakashinga
unokunda* This tym havana kumira
kwenguva vachibva
vatonyangadika.Ndakapepuka kuhope
ndokusekerera zvangu.Mai vangu
haiazondirasa ndichitambura.Ndakanamata
kwave kudzokera mumachira mangu.Ndipo
ndakazobatwa nehope zvekumuka
kwachena kare kare.Ndakatonanaira zvangu
ndichienda panze kumushana Trish aive
atopedza basa rese.zvake.Ndakanogara
ndakaita kutarisa mudenga.Ndakatanga
kufunga upenyu hwangu kubva pakutanga
hwaingova hwakarema.Handina kuziva kuti

nguva iyoyo misodzi akabuda
nguvai.Ndakanzwa kuti
ndapukutwa.Ndakatarisa kudai ndokuona
kuti zvaari garden boy.Akaramba
akanditarisa ndokuona maziso ake ave
kutobudawo misodzi zvakandinetsa kuti
chingava chii chamunetsa.Ndakamutarisa
zvekuoererwa ndichibva ndabvunza
nesign .Akabva atanga kuikwetsura
mhere .Ndakaona Trish nagogo vachibuda
vakaderekedzana wena
vachimanya.Kunobvunza kuti nhai wanga
uchichemei ndokuti ndinzwa
musoro.Ndakaona kuti nhema pane zvaitika
kawaari but haadi kutaura
chokwadi.Ndakasiya zvangu zvichichemq
nhema kwave kutoenda mumba

kunogeza.Ndaive ndafunga rimwe zano
zvangu.Ndichipedza kugeza ndakabva
ndabuda ndikusenga mari yese yandaive
ndaba iya .Ndakapinda mutown
ndokubvunza zvandaida.Ndapedza kutenga
ndakapinda mune Imwe boutique
ndokutenga hembe dziya dzopfekwa
nemamosqan .Ndakanopinda mutoilet
kwave kuchinja zvangu.Ndini uyo speed
kumba kuya kwandakaona Mercy na
garden boy. Ndichinoti pagedhe kudai
ndokuona aaaaa.....

CHAPTER 32

Ndichinosvika pagedhe ndakaona zvaari
Memory pamba pandakaona garden boy. So
it means these guys are in the one mission.
Yaaa ndapabata .manje .By this tym I must
go kumba kwaMemory ndonosiya ndabaira
zvivedio camera zvangu pandaida chaipo.
Ndakamanya ndakananga kumba kuya
.Ndichisvika ndakawana gedhe rakashama
kuratidza kuti patove
nemunhu. Ndakambomira kupinda
ndichifunga ruviri. Hana yangu yairova
chaizvo ndiani ainge ave kugara pamba
apa..Ndakatarisa ndokuona pasina kana
munhu aiuya kana kufamba
pachivanze. Moyo wangu wainge woda
kudzokera manje .Ndakatendeuka kuti

ndidzokere zvangu.Ndakati ndisina kana
kuita kana nharu Imwe chete ndakanzwa
kurohwa kwemunhu mukati iye
achigomera.Ndakapinda zvangu
ndokunovanda mumibhanana
yaivepo.Ndaida Kuona munhu airohwa
.Ndakaramba ndiripo munhu uya
achingorohwa zvake .Ndokuzoti pave paya
ndokuona umwe murume akafanana
nevaya vekunaThomas neuya
wekundipisa.Ndakaramba ndakatarisa
ndokuona zvokwadi akutokweva .munhu
.Zvaipisa tsitsi munhu wacho aichema
achikumbira ruregerero but hakuna
aimunzwa.Ndakasimuka pandaive kwave
kunovanda pamwe ndokuona zvaari Trevor
nhai Mwari wangu.Yooo chikwata ichi

chakaoma veduwe. Akanosvika
ndokunomukandira .pasi avhinorovera
padombo.Ndakanzwa achigomera kamwe
ndiye zii .Panzvimbo yandaive ndakasiya
ndabaira kanhu kangu..Ndakanyahwaira
ndokuenda pakaruramana neimba iya
yesecret .Ndakanobaira kamwe kakatarisa
ikoko ndokupinda mumba chaimo.Apa
ndipo pandandatsvaka kuzvibatisa
manje.Ndakapinda ndokuwana pasofa
pakagara J Kunaka zvake achiona TV uku
avhimwira mwira .Ndakafanda nesofa
raaiva agere .Ndakanamira kamwe ipapo
.Ndakakambaira ndokupinda dzimba dzese
zvangu ndokusiya ndasota. Ndave kuda
kubuda ndokuona Memory achipinda
anaMercy na garden boy.Pasina nguva

murume uya akapinda akabata Trevor
achiita kumuzvuva chaiko.Vese vakabva
vatanga kuuchira maoko.Ndakaona kuti
paida kuisa chimwe kumadziro chaiko
kunookeka zvese .Maisiro andaizoita ndiwo
andaishaya manje.Ndakaramba ndirimo
ndichigaya zano.Pasina kana nguva
takanzwa noise panze kunge chinhu
chadonha.vakamanya panze vese vachibuda
ndokusiya Trevor arimo.Ndakasara
ndokukwira patv stand ndokunamira
nechemudenga ndichibva ndatobuda kwave
kunovanda kumibhanana .Zvokuti Trevor
aizondiona handina kuita basa
nazvo.Ndakaona vachiseka vqchirovana
maoko wena.Zimuti zihombe raive kuseri
rainge rawa ndokuwisa

durawall.Vakadzokera mumba vachiseka
hanzi.apa taita makwara APA .Kubuda tese
ko tikawana munhu wedu abuda.Vaitofara
varipazvinhu zvavo kani.Vachipinda mumba
ndakatofamba step yemuridzi wemba
ndokukwira nepamuti wekuwa iwoyo
ndichitoenda mhiri..Vamwe vanhu vainge
vatoungana zvavo vachiona muti iwoyo
.Vaingobvunzana kuti wazowa sei
.Ndakasiya vakadaro kwave kuenda kumba
kwaMercy kuya .Ndakasiya ndanyora
chipepa ndokuisa muroom Imwe neimwe..

***BEWARE GUYS VANHU VESE**

VAMUKUTADZA KUURAYA

VACHAPANDUKA. AM WATCHING YOU.*

Padoor chaipo ndakasiya ndaisa chipepa
chakanyorwa kunzi *THE WAR HAS BEEN
STARTED*.Ko apa ndaive ndazvipira
manje .Chinhu chaindipa shungu chunhu
one.Vanhu vaindidana kuti *FAITH THE
HUMBLE GIRL* hwaizobuda papi ndichiita
nhumbu dzisina vanababa.Ndaitwira imba
yangu. Zvaive nani kuzorambwa hangu
naThomas asi ndarwa
semvumba.Ndakabuda gedhe kwave
kuenda kumba.Ndakawana gogo vakaita
kugara pazuva .Waingoona wega kuti
pfungwa ndidzo dzizere apa.Ndichipinda
mumba ndakawana Trish asimo.Ndakatora
fon yangu kwave kufonera maiguru
ndichida kunzwa about Thomas.Ndakafara
kani Thomas aiinge atengerwa Tickect

rekuenda UK kuti anoraoirwa ikoko.Moyo wangu wakafara chaizvo ndaiziva kuti ,zvinhu zvese zvave kupinda mugwara wena.Ndakadzima fon yange kwave kuenda kunoita basa.Ndakasvika gogo vakamira padoor rekitchen.

Gogo..... Sofia you are hiding something in this family.Am sure kufa kwevazukuru vangu urimo uye unoziva .Why mazuvano wave kunge buda buda zvandisinganzwisisi.

Ndakaramba ndinyerere kutopererwa nezvekutaura chaiko.Shuwa mukadzi

mukuru aidyika chaiko mumusoro
make.Zvinhu izvi zvaida nditaure nguva
ichipo kwazvo kuti tiwane
kubatsirikana.Ndakadzokera sure kwave
kunotoro mari mumba kwave kubata gogo
ruoko ndiri zii.Tave panze pegedhe
ndakamisa taxi ndokukwira.Yakafamba
mota tichingoenda havana kana kushama
muromo.Ndakabhadhara ndo kuburuka
pandaida.Ndakavandonza ruoko kwave
kuenda navo musango raive pedyo.Tave
pakati pesango ndo kumira
zvangu.Chembere yaive isingatyi
iyoyo.Vakabva vatanga kutaura.

Gogo..... _I have been waiting for this
tym all along.It's better to die for real than

to die in spirit..My soul has been died long back ago .The day nephew brought Memory to my house and chase Faith the humble wife .Go ahead am waiting._

.Moziva ndakayeredza misodzi .Handina kuziva kuti gogo vakuvava kare.Shuwa munhu anofa mweya achifamba.Vanhu vachingoona nyama vachiti vari bhoo izvo vafa kare.So this means musha wese ndozvawaiva .Ndakaita nguva ndakavatarisa ndichishaya pekutangira .Vaiziva ndisingagoni kutaura.

Gogo..... _don't be afraid am ready
.Am tired of living in this world please go
on. Kill me Sofia noone will not find out._

Me..... _No granny am not Sofia am
Faith._

Gogo.....what ?

Me.....Yes granny.Ndakapiswa
naMemory nevanhu vake day
randakadzingwa pano.But to the other side
zvakabatsirawo ndakaona Sisi vamama
vangu .nehazvanzi yangu.Thomas mupenyu

dont worry .Trevor mupenyu but
arimumaoko akashata .Mercy,Memory and
garden boy vanhu ava vakashatisa.Kugara
pamba semusika webasa kuzama kubata
vanhu vangu.Ndave pedyo zvangu.Hakuna
anofanira kuziva kuti ndogona kutaura
paya.So let's act as usual.

Takabva taramba takamira gogo vainge
vapererwa chaizvo.Ndakabva ndatovaudza
kuti ndikuda mari yakati ooo ichandibatsira
zvandoda.Havana kuramba zvavo
.Ndakazoita vekubata ruoko kwave
kudzokera kumba zvedu.Asi wainyatsoona
kuti Shari yapera power. Ndakavasimbisa
zvavo ndokubva ndabvunza vana vangu kuti
vanofara here.Takapinda mutown medu

zviri bhoo.Ndi kusangana naMemory
akaratidza kuvhunduka
kwazvo.Ndakashaya chaitovhundutsa
pajutiona .Takangosiya zvakadero
ndokuenda hedu kumba.Tichisvika kumba
takapinda mu gedhe medu .Tave mudinning
takanzwa noise.Vanhu ava vairatidza
kurwisana kwazvo .Ndakafamba ndichienda
mberi gogo vachitevera. Takanosvika
ndokuwana ari□ □ □ □

CHAPTER 33

Veduweee munhu kana abatwa nemweya
wakaipa anoita zvaanenge afunga. Aive
garden boy ainge achida kurepa
Trish.Ndakangosvika ndokurova musoro
achibva awira pasi.Trish ndakaona ouya
kuzama ndumbundira .Ndakangozoita
bhabhadzira kumusana ndokusiya akadaro.
Ndakanga ndatobatwa ne mweya
wakaipa.Ndakainda kunotsvaka tambo
ndokusunga garden boy ndokumuisa
muroom medu.Ndakaenda Kuna Trish
ndokumukumbira mari.Akaramba
akanditarisa ave kuvhunduka.

Me.....

Yes Trish its me Faith.Usatya hako nekunyepera kuita mbeveve kwese kwandakaita .Ndaida mhandu but I think nguva yakwana yekuita basa .Ndoda mari pane zvandoda kuita then will go kupolice.

Gogo police ?

Me.....yes yes .Why the whole family musinei nekuenda kupolice imi am going in sake of my unborn child.

Ndakanga ndatsanwa manje ndave
kufamba imba yese .Ndaida kuenda kumba
kwana Memory naMercy kunotoro
macamera angu. Trish akatoro mari kwave
kundipa ndokubuda..Ndakasvika kusina
kana munhu ndokutoro zvandaida
.Ndapedza Ndakanogara pangu ndega
kwave kuplayer .Maiweee ndakanzwirira
zvangu zuva rimwe raive rakaringana
wena.Vanhu vaironga havo ivavo.Ndaive
ndafunga kuenda kupolice manje .Trevor
kana kumuona kwavainge vamuisa
.Kupedzisira kuona vachibuda
padoor.Ndichidzokera kumba Ndaida Ku
notoro fon yangu.Ndakawana muroom

magogo makanyangara kuratidza kuti pane
zvaitsvakwa.Ndakasiya zvakadaro asi hana
yangu yairova chaizvo kwete
zvekutamba.Ndakabuda ndokufonera Ben
ndaيدا kusangana naye ndisati ndaenda
kupolice .Akauya akazonditora ndokuenda
kuKwekwe.Ndakatambirea nemufaro gules
vangu yaive shasha wena.Ndakaisa nyaya
mudariro ndichibva ndanzi inoda Thomas
auya .But aizouya riini nhai
ndakangosungira garden boy mumba.Nyaya
yayoda kuredzvwa namukoma wangu
zvaisaita.Ndakangonyepera kuti ok but
ndaive ndatofuynga zvimwe.Ave manheru
ndakazoenda kumba.Ndakawana gogo
naTrish vagere vakatarisana pasina kana
nyaya.Ndakabika kwave kupa vanhu chikafu

.Takaenda kunorara asi hope dzangu
dzakaramba kubata pane zvandaifunga.Uyu
handina.kukanganwa kumupa chikafu .Pave
pakati peusiku ndakabuda ndokuenda
kumba kwaMemory ndaida kuona kana
kuriko kwaari.Ndakawana asiko
ndikazvishaya kuti ainge aendepi
chaizvo.Zvakandisvota ndichibva
ndadzokera kumba.Ndajabatirwa nehope
ndokurota mama vangu vachisekerera
.Vakabva vaenda vasina chavataura kana
one.Nguva dzandakazopepuka ndainge
ndichinzwa kuneta
kwakanyanya.Ndakataura naTrish kuti
hande tosungisa garden boy but
airambidzwa nagogo.Ndakaenda naye
panze.

Me.....am smelling a rat ..Is this your real granny.If she, why refusing kusingisa garden boy.

Trish.....yes this is our granny .Maybe vane vanotyia kuzotukwa na daddy bcz havazvidi zvevqnhu vanosungisana.

Me.....saka why vasinei nekushaikwa kwaThomas .Shuwa kana kumboda kunzwa havarwadziwi moyo nei.

Trish.....kana wee. Daddy ndizvo
zvavari .

Me.....ndipoo address yekumba Ku
Bulawayo. Ndoda kuenda kunzi vaona
nditaure navo.

Trish.....ummm uko hakuna kana one
anotombokuziva havadi hanzi muchakuziva
kana kwanyatsopera kuti hwaaa.

Me.....vakatanga riini kuvaka ikoko.

Trish.....ummmm about 3 years ago.

Ndakabva ndatoona kuti apa pane nyaya hombe chaiyo .Asi sevanhu vaida vabereki vavo waitoshaya kuti ungazodii hako.Kana ari saThomas nemadiro aanoita vabereki vake haana nguva yekutarisa zvakawanda wanda..Ndaive ndotoda kuvhima nyaya

dzangu apa dzainge
dzandiwandira.Ndakaenda kupolice
kunotaura nyaya yaTrish.Proof yangu
ndaive nayo zvisina kana ani
aizvitarisira.Vedio camera yangu mapurisa
ndokuzvionera hawo.Akavharirwa kumacell
ndokunzi nyaya yake kucourt.Trish aitoita
kunge ane mweya aingovhunduka
vhundhuk hameno nei..

A month after

Thomas ainge adzoka kubva korapiwa kumhiri kwemakungwa .Zvese zvainge zvave panzvimbo.M

Akasvikira kukwekwe.Ndakafonerwa ndokuenda zuva iroro handina wandakaudza pamba bcz ndaive ndotyva vese kubva Kuna gogo vacho.Ndakakwira mota dzangu kwave kutambirwa namaiguru .Ndichisvika kumba ndakatarisa Thomas ndakarwadziwa .Ainge anaka zvokuti zvekusaenderana neni zvachose.Aizokanganiswa nemuromo wekumusoro wakachekwa nemapenzi ayo.Ndakapinda mumba akaita kugara pasofa akadekara .Nguva yandakaramba ndakamira ndakamutarisa ndaive ndakamitira kuona munhu achindimanyira.

Thomas.....nxaaa you again .Thank God
taonana ndiri muupenyu.handidi kana
kukuona zvangu mukati meupenyu
hwangu .Kuunza matambudziko asingaperi
kwandiri Shuwa.une munyama chaiwo .

Ndakaramba ndakamira .Ko ndaigopindura
kuti chii .Ndaive wemunyama zveshuwa but
kuudzwa zvakadaro nemunhu wandakapa
moyo wangu.Uye time yaakandiudza
handiyo yandaive ndakatarisira
zvangu.Ndakafamba zvishoma
nezvishoma.ndainzwa simba kupera
mandiri.Ndakazama kuramba ndichifamba
ndichibva ndapera simba kwave kudonhera
pasi.Misodzi yainge yotonga mandiri

.Ndakasvika pakugara pasi
ndokusimudza .musoro ndotarisa
mukoma.wangu.

Ben.....I Nguva yekuudzana chokwadi
chemuhana Faith.Udzawo Thomas zviri
mauri .

Thomas..... Am waiting Faith .Now
mukadzi wangu akutambura nekuda
kwako .Dai usiwe muromo wangu
ndiinawo.nxaaa

Me.....am sorry Thomas .Ndakatadza ndiri wemunyama hapana zvekuzviita.Enda unorooran naMemory wako .Handipo pakudzivisa ndichawana wangu.

Thomas.....kkkkkkkk too soft Faith.APA nyaya dzaunoita dzinorema kutsvaka nezvadzo apa iwe wakanyorova kuderu. *I could I divorce my loving and caring wife like you Faith.No matter wat you mine forever. Please try to find a space in your heart to forgive me .Dai ndisina kukudzing kumba usina kupiswa. Ndokuda nemoyo wese Faith.Heard that you are pregnant.*

Nguva yese yaitaura Thomas aichema zviya
zvekuchema. Ndakadairirawo
nedivi. Maiguru vaitohwihwidza kunge ndivo
muridzi wenyaya. Mumba makaita kunge
mune mariro . Pakazoti papera chinguva
chakanya ya ndokuzonyarara
hedu. Ndokukwazisana ndokufara zvedu.
Ndaifanirwa kunorara ndave muGweru
kumba chaiko. Mangwana ndiko kwaive no
court yagarden boy. Takaronga kuti ndoenda
ndoga tonosangana kucourt . Ndini uyo
munzira kwave kuenda. Ndichisvika kumba
ndokuwana Trish akamaniwa nagogo hanzi
unosungisirei garden boy iye asina
kuzokurepa. Ndakazvishaya pazvo
ndokungosiya zvakadaro Chero simba

rekibika ndakarishaya zvangu.Ndakanovata dzangu dzeumambo

.Kuchiedza ndakagadzirira zvekuenda kunyya dzedu.Memory naMercy ndaive ndave ne.mazuva ndisingavaoni but ndaiziva tonoonana ikoko.Handina kudya ndakatoita kuri kutsanya ndaida chokwadi.Tchisvika pa court paya ndiye dhuma dhuma naThomas naBen nemukadzi wake.Tave kuda kupinda mukati takanzwa voice rakati.Mai Shava.Susan ...Sarah ..wait there.Tose yakati cheu mama vachibva vafenda..

CHAPTER 34

Mama pavakafenda takasimudza kwave kuenda navo pakanaka kwave kutanga kufena tichidira mvura pavari. Vanhu vaya vainge vadana vakabva vauya pedyo ndokutibatsira .Papera chinguva chakati rebei mama vakazomuka. Nyaya ya Trish yaiveko na1/.

Apa kwange kwave kuma 11 ..Vachimuka vakatarisa vanhu vese vaivapo. Ndokutanga kuita mudumbu wainhuwa. Hapana aka va kuti chii chatora nzvimbo. Kutaura vaisagona havo nekuhuta. Ini naBen takatanga kuchema .Zvino nguva dzainge dzachifamba wena tichichema kudero. Takatora mama kwave kutenga dzimwe hembe itsva .Zvino painge paita runyararo chaizvo. Takafamba toenda

kucourt kwedu takawanda kuderero .Varume
2/vaingé vasvika plus rimwe dutu ranga
ragara riripo..Tichinosvika pagedhe
tqkasangana neumwe murume ..

Him..... Aaaaaaa maiShava
murimupenyu nhai.Aaaaa thank God nyaya
yenyu yemakore iya yakamutswa .Itoriko
nhasi na2:30.Maita basa mukauya lawyer
renyu riripo kare. Takangitarisana hapana
chatainge takwanisa kuziva
chokwadi.Vanhu vakazotanga kuuya
wena.Mai vaMemo vakasvika vari muwheel
chair yavo nevana vavo..VaMoyo namai
Moyo .Gogo neumwe murume watisina
kuziva.Yasvika nguva yaTrish . Garden boy
akanzi 5years in jail.Vanhu vakafara kwete

zvekutamba.Vanhu vakatanga kuita ruzha
vamwe vaifara asi vamwe vaipokana
nazvo..Takaramba takagara takamirira
Imwe yamai Shava kuti ipinde
mudariro.Nguva dzinomanyira kuti vamwe
vavharirwe .Zvicamera zvangu zvese
ndaivanazvo.Nguva dzakwana nyaya
yakapinzwa mudariro.Hama were.
Zvamunoona vanhu imhondi dzinonyepera
kuita vanhu kwavo .Varume vaviri vakasvika
vaya chinzwai munzwe.

One of them was real father of Thomas
...Trevor and Trish were twins.

Then Mr Ruzvidzo baba vaBen and
Faith..Kozouya Lawyer redu raive rakamirira
nyaya yaive hazvanzi yamai vana

Thomas.Yooo raive bikishira tsvina yaitwa
usiku ne benzi. Nyaya yaivapo ndeiyi.
VaMoyo vakachiva upfumi hwavabereji va
naThomas.Kwave kutora Thomas kari
kashiye kwave kuchengeta.Matwins
achizvarwa Vakatora Kwave kuuraya
mai.Nguva yavakati vauraye baba vana
Thomas vainge vazvibata ndokutiza .Vanhu
ava vaiva pamwechete namai Memo
nababa Memo ..Zvese zvaive neproof
.Vakabva vavharirwa zvisina kana utsvina
.Takazobuda paya kwave kubata
Memory.Ndaida andiratidze Kuna
Trevor.Vanhu vese vainge
vachimukomberana ndokuenda naye
kumba .Kana varisa gogo Hameno
takarivara sei hatina kana kuona

kwavakaenda nako zvachose .Memory
takabva taendesa nyaya yake kumapurisa
.Takapiwa zuva rekucourt tikahadzirira.

Rimwe zuva ndichibva kumba kunoona
mama ndakasangana neimwe mota kwave
kubvunza kuti town here. Ndakatextira
Thomas aive mutown kuti atevere
mota.Ndakabva ndapinda ndakaziva kuti
uyu .Munhu ndi gogo hakuna umwe
.Ndakatanga kubaya fon yangu
ndichizivisana naThomas.Mota yakadriviwa
ndakapaka zvangu kana kubvunza kuti
kwatave kuenda ndekupi uku.Tichisvika

ndakamira panze pemota .Ndakaona gogo
vave kubuda zvavo mune Imwe imba.Tym
yavakangondibata Thomas achisvika
nepolice.Ndakafara zvangu.Vakabva vaenda
kunovharirwa.Nyaya dzavo dzakazotongwa
zuva rimwechete naMemory vakapiwa 20
years in jail.Taive takufurwa nemhepo.

Takazogara pasi totaura nyaya
dzakakosha .Pfuma kumba kwedu yainge
yabviswa .Dumbu manyawi kukura
kwarainge raita ikoko.

VaMoyo..... Vanangu chinhu chamaita
chinofadza kuita chimwe

chete.Ndakarwadziwa nekuurawa
kwemudzimai wangu handidi kunyepa
.Kuwirirana kwedu naRuzvidzo kwakatanga
kare. Ruzvidzo uyu baba Ben mukadzi wake
ndivo mai venyu handiti.Ini Ndaive
nehazvanzi yangu yainzi Theresa Moyo
..Ndiye aive akaroorwa naJacob Dube .She
was helpless nenyaya yechirwere chainge
anacho .Brain cancer .Aive anemakore ake
aaifanirwa kurarama.Taitotarisira kuti ndiye
achatanga kufa.Zvese zvaitika Hapana
chandaive ndisingazivi.Chete kuti mhandu
yedu mazuva iwayo taiita kufungira tisati
tanyatsoibata.Takazoshandisa umwe
munhu wamusingazivi.Shamwari yedu
Kunaka muchamuona anouya zvake pano.

Taive takateerera tese zvedu tichinzwa nyaya.Zvairwadza kunzwa asi zvichifadza kuti vanhu vave pamwechete.Zuva iroro ndipo pakauya Mr Kunaka vakauya .Aaaaa Ndakapera simba kani J kunaka aitova pabasa nhai.Saka asina kusungwa patakabudisa video redu.Baba nemwana vaive vakafanana zvekuti.Vanhu vakaita noise ine maungira kuri kufara.Vachipinda mumba vakasiya door rakashama.Ndakasimuma ndichida kunovhara zvangu door.Kunodai paive pakamira Trevor ,Mufaro naTapiwa . Ndakaita kuuruka zvekuti vaive mumba vakashamisika.Ndakambundirana nabmnn

vangu .Vainge vaima veduwe.Zvana zvangu
zvese zvaive zvakssimba zvaiddisa
kani.Ndofunga zvaichengeterwa kuitwa
misoro chaiko. Vanhu vakabva varonga
kaparty kuti timbofara.Zvese zvairongwa
hazvo but moyo wangu wainge wave
kunaPeter ndaida kutaura naye ndinzwisise
kuti akazviitirei..Ndakabuda naThomas
ndokunomuudza zvandaifunga tave
.panze.Haana kana kuramba kumba
kwanaThomas at nyatsokuziva .Takasvika
vanhu vakaungana ichingova mhere mhere.
Takasvikawo kwave kugara takamirira
kunzwa zvainetsa.Takazodana umwe
mukadzi aive pedyo nesu ndokubvu nza.

Me..... Ko inyaya yeiko iripano yakadai kuunganirwa nevanhu.

Her.....mukomana wepano amuka akafa.Manje afa akabata chipepa muruoko vanhu havasi kana kugona .kusunungura.

Aaaaa ndakapererwa nazvo haikona.Ko vanhu vakangwara vanotofawo nhai. Ndakasimuka Kwave kupinda mukati I was sure kuti tsamba iyi kana ikasabva muruoko ndaibata ini ichabva abatwa nevabereki vake.Ndakanyatsopinda mukati semuridzi we pamba.Thomas aive pajinga

neni.Ndakasvika vanhu ndokudzuura
vaifunga nditori hama.Aive akazara furo
panuromo.Police yaivemowo kkkkk
zvainakidza.Wainzwa kuti police
yambozama kusimudza asi chajaramba
zvachose chitunha .Ndakasvika kwave
kubata Peter .Akabva atambanudza ruoko
rwake chitsamba chichiwira mumaoko
angu.Vanhu vese vakasuduruka ndokunzi
ndipe mupurisa averenge
tsamba.Ndakamutambidza achibva atanga.

*Ndakaita mabasa akashata kwazvo ndiri
panyika.Asi munhu wandinoda kuti
andiregerer ndiFaith Dube (Ruzvidzo).Ndini
ndakamurepa ari kuchikoro.Mwana
ndewangu ndiregererewo.Vamwe vangu

vave mujere asi ndasarudza kunwa
mushonga wekufa. Kutsva kwaakaita muviri
wake wese ndini zvakare ndasangana
naMemory.Rasai murugare ..Imba ino
ichasara iri yemwana wangu.Upfumi hwese
hwandakasiirwa bevabereki vangu
ndehwaMufaro.Wenyu Peter.*

Mupurisa Achipedza kuverenga tsamba iya
akabva abvunza kuti Faith wacho
ndiani.Ndakabva ndaenda kumberi hakuna
akazviramba nekuti kutsva ndaive
ndakanamanuka chaiko..Ndakatorwa
nemapurisa ndokubva patoitwa zvimwe
zvaidiwa.Ndakabva ndafonera vaive kumba
ndokuuyawo kunhamo.Akachengetwa
zvakanaka hake tichibva tadzikera kumba

Wainge wangova Mufaro chete.VanaTrevor
vaive vakavigwa Blwy chaiko takabva
taendako umwe musu tichida kunoono .
Takawana imba yakanaka iyoyo.Zita raive
rakanyorwa kunzi Moyo.Takapinda
ndokuona zvakarongeka .Takaigadzirisa
ndokuisa muzita raTrevor.Baba
panaThomas vakabva vadzokera kunze
kwenyika .

Papera mwedzi yakawanda
ndakazobateirwa nematwina musikana
nemukomana .Pakava pamba pemufar
o.Trish akabva aroorwa naJ kunaka..Ndiko

kwainzi kukomborerwa nedenga.Wakabva
waita musha wemufaro.

**End of. *FAITH THE
HUMBLE GIRL***